O`ZBEKSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTIRLIGI
A`jiniyaz atindag`i No`kis ma`mleketlik pedagogikaliq instituti

Pedagogika FAKUL`TETI

Mektepke shekemgi ta`lim kafedrasi

# Jas ha`m pedagogikalıq psixologiya
pa`ni

## Tekst lektsiya

Alewova R

No`kis 2013

**1-Tema: Jas ha`m pedagogikalıq psixologiyanın` predmeti, wazıypaları ha`m a`hmiyeti**

**Reje:**

1. Jas ha`m pedagogikalıq psixologiya pa`ninin` basqa psixologiya tarawı arasında tutqan ornı.
2. Oqıw, oqıtıw, ta`rbiya ha`m ka`sip tan`law pedagogikalıq psixologiyanın` predmeti ekenligi.
3. Jas ha`m pedagogikalıq psixologiyanın` orta ha`m joqarı mektep ta`lim sisteması menen tıg`ız baylanıslıg`ı
4. Jas ha`m pedagogikalıq psixologiya pa`ninin` basqa pa`nler menen baylanıslıg`ı.

Ma`mleketimizdegi bar bolg`an barlıq oqıw orınları ta`lim-ta`rbiyanı tuwrı, ilimiy tiykarda sho`lkemlestiriw ushın bul protsesstin` o`zine say psixologiyalıq nızamlılıqların, onın` mexanizmlerin, sonday-aq, aktiv o`z betinshe ha`mde unamlı oylaw protsessin zamanago`y bilimler tiykarında payda etiwdin` na`tiyjeli usılların biliw lazım boladı.

Belgili keyingi on jıl dawamında ma`mlektimizdegi barlıq ta`lim sistemasında ta`lim islerinin` mazmunı tupten o`zgerdi. Ta`limnin` eksperimental ra`wishte tekserilgen jan`a usılları (ma`selen, interaktiv ta`lim metodları) engizilmekte.

Pedagogikalıq psixologiya – ilimnin` tarawı sıpatında, ta`lim ha`m ta`rbiyanın` shaxsqa na`tiyjeli ta`sir etiwshi faktorları, nızamlılıqları ha`m mexanizmlerin u`yreniwshi pa`n.

Balalar ha`m jaslardın` mekteptegi ha`mde basqa ta`lim-ta`rbiya ma`kemelerindegi iskerlik ha`m is-ha`reketlerdin` psixologiyalıq nızamlılıqların u`yreniwshi pedagogikalıq psixologiya eki pa`ndi, yag`nıy psixologiya ha`m pedagogikalıqa pa`nlerinin` tutasqan jerinen orın iyelegen. Pedagogikalıq psixologiyanın` predmeti mektepte bilim, ko`nlikpe ha`m uqıplılıqlardı iyelew nızamlılıqların, bul protsesslerde ju`z beretug`ın jeke toqnasıwlardı, oqıwshılarda aktiv, o`z betinshe ha`m do`retiwshilik oylawdı payda etiw nızamlılıqlarınan ibarat. Pedagogikalıq psixologiya ta`lim -ta`rbiyanın` ta`siri menen oqıwshılar psixikasında ju`z beretug`ın o`zgerislerdi ha`m izertleydi. Bunnan tısqarı, oqıw materiallarının` oqıwshılarga saykes keliwi, tu`rli ta`lim metodlarının` psixologiyalıq ta`repten na`tiyjeliligi, sabaqlıqlar, oqıw quralları, a`sbap-u`skeneler ha`m mektep islerinin` ta`rtibine qaray bolg`an psixologiyalıq talaplar sıyaqlı mashqalalardı ha`m pedagogikalıq psixologiya u`yrenedi.

Ha`zirgi waqıtta pedagogikalıq psixologiyanın` en` za`rur wazıypalarınan biri mekteptegi ta`lim protsessin ja`nede jetilistiriwdin` psixologiyalıq tiykarların islep shıg`ıwdan ibarat bolıp, bul na`rse jan`a ta`lim da`sturine o`tiw mu`na`siybeti menen baylanıslı. Pedagogikalıq psixologiya sonın` menen birge oqıwshılar shaxsının` payda etiw protsessin tu`rli ta`rbiyalıq is ilajlardın` oqıwshılarg`a ko`rsetetug`ın ta`sirin u`yrenndi ha`mde oqıwshılardın` o`z-o`zin ta`rbiyalawdın` psixologiyalıq tiykarların izertleydi.

Pedagogikalıq psixologiya ta`lim -ta`rbiya protsessinin` sho`lkemlestiriwshisi bolg`an oqıtıwshı shaxsın, onın` pedagogikalıq iskerlik o`zgesheliklerin u`yrenedi. Bunda oqıtıwshının` ta`lim-ta`rbiya islerindegi jetiskenliklerdi ta`miyinlewshi sıpatlardı ajıratıp ko`rsetiw menen birge onın` bilim, ko`nlikpe, wqıp ha`m qa`biletlerinin` payda bolıwı ha`mde alg`a ilgerlewinin` psixologiyalıq protsessleri anıqlanadı.

Sonın` menen birge pedagogikalıq psixologiya pa`nin` u`yreniw ha`m teoriyalıq, ha`m a`meliy a`hmiyetke iye bolıp, ol basqa pa`nler sıyaqlı alg`a ilgerlewdin` ulıwma printsiplerine: joqarı nerv iskerligi nızamlılıqlarına, psixofiziologiyalıq nızamlılıqlarg`a bul tarawda toplang`an ilimiy mag`lıwmatlarg`a su`yenip, insan psixikasının` rawajlanıwı, o`zgeriwi ju`zesinen pikir ju`ritedi.

Pedagogikalıq psixologiya iliminin` ayrıqsha predmeti sıpatında XIX a`sirdin` baslarında payda bolıwına qaramay, onın` o`z betinshe pa`n sıpatında rawajlanıwı ha`m qarar tabıwı jolı bir qansha quramalı keshken. Usı ilimnin` rawajlanıwına tu`rli dun`yag`a ko`z-qaraslar ortasında alıp barılg`an ha`r dayım gu`resler u`lken ta`sir ko`rsetken. Ja`miyet tarixıy rawajlanın` ol

yamasa bul basqıshlarında qanday dun`yag`a ko`z-qaras u`stemligine qarap, tekseriwler da`rejesi ha`m sıpatı, alıng`an na`tiyjelerdi qanday ta`riyplew za`ru`rligi belgilep berilgen.

O`tmishte a`wladlarımız insannın` psixologiyalıq nızamlılıqların izbe-iz, belgili ilimiy bag`darda u`yrenbegen bolsa da, biraq danıshpanlarımızdın` qoljazbalarında usı jag`daylardın` payda bolıwı, insan ka`milligi haqqında qımbatlı pikirleri ha`zirge shekem joqarı a`hmiyetke iye.

Abu Nasr Forobiy pedagogika ma`selelerin ha`m olar menen baylanıslı bolg`an psixologiyalıq, fiziologiyalıq mashqalalardı unamlı sheshiwde insandı ha`r ta`repleme bir pu`tin ha`m o`z-ara tıg`ız baylanıslı bolg`an bo`limlerden ibarat dep aytadı. Forobiy insandı biliwde ilim-pa`nnin` rolin sheshiwshi faktor dep biledi, onın` pikirinshe insan denesi, miyi, seziw organları tuwılg`anda bar, biraq aqıliy bilimi, ruwhıylıg`ı, ruwhı, intellektual ha`m a`dep-ikramlılıq sezimleri, xarakteri, dini, u`rp-a`detleri, mag`lıwmatı sırtqı ortalıq, basqa insanlar ha`m sol sıyaqlılar menen mu`na`siybette payda boladı, insan o`z iskerliki ja`rdeminde olardı iyeleydi, olarg`a erisedi. Onın` aqılı pikiri, ruwhıy jetilisiwinin` en` jetik o`nimi boladı dep aytadı.

Abu Rayhon Beruniy ta`lim ha`m ta`rbiyanın` maqseti, wazıypaları ha`m da`rejesi, insan, jas a`wladtın` rawajlanıwı haqqındagı pikirleri shın ma`niste insansu`yiwshilik xa`m insantanıwshılıq negizinde jaratılg`an. Bilim ha`m ta`rbiyanın` ta`biyatqa bir pu`tinligi printsipi danıshpannın` barlıq shıg`armalarında baqlaw mu`mkin. Ol insandı ta`biyattın` bir bo`legi dep aytadı.

Beruniy ta`lim protsessinin` ta`biyatqa teren` kirip barıp, balalardın` jas o`zgesheliklerin esapqa alıw tiykarında qurılg`an oqıtıw ta`biyatqa bir pu`tinligin u`qtıradı.

Beruniy pedagogikalıq do`retiwshiliginde insan ha`m onın` baxtı, ta`lim -ta`rbiyası, ka`milligi baslı ma`sele bolg`an.

Orta a`sirde jasap, do`retiwshilik etken danıshpan, meditsina iliminin` atası Abu Ali ibn Sino insan ruwhiyatı, jan ha`m qewildin` birligi, insan organizminin` du`zilisi ondagı nerv iskerligi ha`m olardın` tarmaqlanıwı jag`dayları haqqındag`ı qımbatlı mag`lıwmatları ha`zirge shekem meditsinanın` za`rur negizin quraydı.

Yusuf Xos Hojibtın` baslı ma`selelerinin` biri ka`mil insandı ta`rbiyalaw. Ol o`z shıg`armalarında en` ka`mil, ja`miyettin` sol da`wirindegi talaplarına juwap bere alatug`ın insandı qanday sa`wlelendirgen bolsa, sol tiykarda ol o`z tprintsiplerin izbe-iz bayan etedi. «Qutadg`u bilig`» («Baxıtqa bag`darlawshı») shıg`arması ta`lim ha`m ta`rbiya, ruwhıy ka`milliktin` jol-jobaların usılların, is-ilajların o`zinde jıynag`an, a`dep-ikramg`a say ruwhıy derek.

Abdurahmon Jomiydin` «Bahoriston», «Xirandomai İskandari», «Tuhtaful ahror» ha`m basqa shıg`armalarında ilim-ruwhıylıq, ta`lim -ta`rbiya ka`sip-o`ner u`yreniw, insan unamlı pazıyletleri haqqındag`ı pikirleri sa`wlelengen.

Alisher Navoiydin` «Xazoyingul maoniy», «Mahbubul qulub» ha`m basqa shıg`armalarında jetik barkamal insannın` a`dep-ikramlılıg`ı, ruwhıylıg`ı, o`zgelerge mu`na`siybeti, talantı ha`m qa`bileti haqqında qımbatlı pikirler ju`rgizilgen. A`ne usı psixologiyalıq da`rejeler ja`miyetlik a`dillik qarar tabıw ushın za`rur a`hmiyetke iye ekeni aytılg`an. Sonday-aq, Navoiy shıg`armalarında jas a`wladtı barkamal insan sıpatında qa`liplesiwinde ata-ananın` roli, hayallardın` mu`layımlıg`ı, insanlardın` kemtarlıgı haqqındag`ı pikirleri ayrıqsha orın iyelleydi.

Navoiy «Xamsa»sının` ha`r bir da`tanında bugilmes erk, qattılıq, insansu`yiwshilik sezimleri, do`retiwshilik qıyalı, insannın` quramalı ishki keshirmeleri ashıp berilgen. Sonday-aq Mahmud Qoshg`ariy, Ulug`bek, Naqshbandiy, Ogahiydin` jaslar ta`rbiyasına, a`dep-ikramlılıq, minez-qulıq, shan`araq turmısı, insan arasındag`ı mu`na`siybetlerge say qo`z-qarasları olardın` shıg`armalarında anıq ha`m ıqsham bayan etilgenligin aytıw mu`mkin.

Jas a`wladtın` ta`lim ha`m ta`rbiya menen baylanıslı psixologiyalıq mashqalaları iri rus alımları, filosof ha`m jazıwshılardı ha`m ha`r dayım qızıqtırıp kelgen. Rossiyada psixologiyalıq izertlew u`lgileri Shıg`ıs ha`m Batıs ma`deniyatı ta`sirinde insan ruwhiyatı menen baylanıslı tu`rli shıg`armalarda qa`liplesip kelgen. Da`slepki pedagogikalıq-psixologiyalıq mazmundag`ı

shıg`armalar XVII-XVIII diniy-a`dep-ikramlılıq negizinde ashıp berilgen. V.N.Tatishev, A.N.Radishev, N.İ.Novikov ha`m basqalardın` shıg`armalarındag`ı da`slepki ko`z-qarasları ha`m psixikalıq alg`a ilgerlewdin` o`zine say o`zgeshelikleri, psixikalıq rawajlanıwındag`ı qarama-qarsılıqlar menen bag`darlang`an.

Rus tarixshısı V.N.Tatishevtın` «Pa`nler ha`m bilim orınlarının` paydası haqqında gu`rrin`» kitabında pa`nlerdin` klassifikatsiyası, bilimlerdin` a`hmiyeti, so`z tildin` da`rejesi, jas da`wirlerdin` o`zgeshelikleri menen baylanıslıg`ı ko`rsetilgen.

A.N.Radishev birinshiler qatarında bala psixikasının` rawajlanıwın ta`biiy-ilimiy bag`darda tiykarlap beriwge urındı. Onın` «Peterburgten Moskvag`a sayahat» kitabında bul boyınsha pedagogikalıq-psixologiyalıq tarawdan mu`na`sip orın iyeleydi. Jazıwshının` pikirinshe insan sırtqı ortalıq haqqındag`ı sa`wlelerin seziwler arqalı qabıl etedi, sol bag`darda onın` oylawı, u`lkeyip qa`liplesedi.

N.İ.Novikov bashariyat jaslar ha`m balalar ortasında paydalı bilimlardi ken` engiziw ushın olardı o`zine say bag`darda ta`rbiyalaw za`rur dep aytadı. Onın` shıg`armalarında insannın` ka`milligi ushın oylaw, yad, a`dep-ikram, sezim ha`m eliklewshilik ayrıqsha a`hmiyetke iye ekenligi aytıladı.

Rossiyada pedagogikalıq psixologiya pa`ninin` rawajlanıw tariyxında K.D.Ushinskiydin` ornı ayrıqsha a`hmiyetke iye. Onın` pikirinshe psixologiya pa`ninin` tiykarg`ı wazıypası ta`rbiyanın` maqsetin anıqlawg`a, ta`lim-ta`rbiya na`tiyjelerin tuwrı bahalawg`a, usılar tiykarında jan`a metod ha`m usıllar jaratıwg`a, pedagogikalıq ta`jiriybeni analizlew ha`m ulıwmalastırıwda ha`m orın tutadı dep aytadı. K.D.Ushinskiydin` «İnsan ta`rbiya predmeti» shıg`armasında pedagogikalıq ta`sir protsessii esaplang`an insannın` psixologiyalıq o`zgeshelikleri, onın` o`zine say ta`repleri o`z sa`wlesin tapqan.

Sonday-aq, Rossiyada ilimiy psixologiyanı rawajlandırıwda N.F.Kapterev, İ.A.Sikorskiy, A.P.Negaev, A.F.Lazurskiy, P.F.Lesgaft, İ.M.Sechenov, İ.P.Pavlov, P.P.Blonskiy sıyaqlı alımlar bul boyınsha o`zlerinin` mu`na`sip u`leslerin qosqan.

A`sirese, L.S.Vigotskiy, S.L.Rubinshteyn, A.R.Luriya, A.İ.Lebnits`ev, M.Ya.Basovlar ta`repinen jaratılg`an jan`a ilimiy teoriyalar, psixikanın` ma`deniy-tariyxıy alg`a ilgerlew ha`m rawajlanıwdın` o`z-ara mu`na`siybet teoriyası, psixikalıq alg`a ilgerlewde iskerliktin` da`rejesi sıyaqlı ilimiy-teoriyalıq ko`z-qaraslar ha`zirgi ku`n psixologiyanı oqıtıw metodikası ha`m pedagogikalıq psixologiya pa`ninin` tayanısh tu`sinikleri.

O`tken a`sirdin` ortalarında payda bolg`an tu`rli teoriyalar, ko`z-qaraslar, oqıw iskerligi ha`m ta`limnin` talqinlari (D.N.Bogoyavlenskiy, N.A.Menchinskaya, P.Ya.Gal`perin, Z.İ.Kalmıkova, N.F.Galızina, D.B.El`konin, V.V.Davıdov, L.V.Zankov, L.N.Zankov, L.N.Landa, A.A.Lyublinskaya, N.V.Kuz`mina va basqa lar) tek g`ana pedagogikalıq ta`jiriybeni emes, al psixologiya paninin` bul tarawın ilimiy-a`meliy bayıtıwg`a tiykar boldı.

A`sirese, son`g`ı jıllarda oqıw materialın o`zlestiriwdin` mexanizmleri (S.L.Rubinshteyn, N.Kabakova-Meller, L.B.İtel`son); haqqında (P.İ.Zinchenko, A.A.Smirnov, V.Ya.Lyaudis); oylaw (N.F.Shemyakin, A.M.Matyushkin); idrok (Yu.B.Gippenretter); balalarda so`ylewdin` rawajlanıwı (M.İ.Lisina, A.A.Venger); shaxstın` rawajlanıwı (B.G.Anan`ev, L.İ.Vojovich, V.S.Muxina); so`ylew ha`m til (V.A.Artemov, A.A.Leon`tev, V.A.Kan-Kalik); psixikalıq rawajlanıwdın` da`wirleri (P.P.Blonskiy, A.S.Vigotskiy, A.N.Leon`tev, D.B.El`konin, B.G.Anan`ev, A.V.Petrovskiy); oqıwshılardın` aqılıy iskerligi ha`m talant mashqalaları (A.A.Bodalev, N.S.Leytes, N.D.Levitov, V.A.Krutetskiy)na bag`ıshlang`an bir qatar ilimiy izertlewler o`z pa`ninin` elede rawajlanıwına o`zlerinin` mu`na`sip u`leslerin qosıp kelmeqte.

XIX a`sir aqırı ha`m XX a`sir baslarında Batıs Evropa ma`mleketleri ha`m AQShda insan psixologiyalıq o`zgeshelikleri menen baylanıslı ta`jiriybelerge tiykarlang`an ilimiy teoriya ha`m bag`darlar payda boldı. Adam psixikalıq ta`biyatın xa`r tu`rli analizlewge qaramay, bul teoriyalar belgili da`rejede pedagogikalıq psixologiya rawajlanıwına tu`rtki boladı. Bul boyınsha E.Meterman, S.Xoll, K.Byuler, E.Klapared, E.Dyurkgeym, P.Jane, J.Piaje, A.Vallon, Dj.Bruner ha`m basqalardın` ilimiy izertlewlerin aytıw mu`mkin.

Frantsuz psixologı E.Dyurkgeym – u`lkeyiw – insanlardın` sezimlerin o`zlestiriwi ekenligi, sonın` menen birge, qabıl etilgen sa`wleler balanın`, ruwhıy iskerligin ta`riypleniwi, balanın` ta`jiriybe, da`stur, u`rp-a`detlerdi izertlew arqalı iyelewin, biologiyada na`sillik qanshelli a`hmiyetli bolsa, izertlew ha`m ja`miyetde sonday orın tutıwın aytıp o`tedi.

Ja`ne bir frantsuz psixologı P.Janennın` pikirine ko`re, insan psixikası ja`miyetlik mu`na`siybetlerge baylanıslı, ja`miyet ha`m ta`biyat ortasındagı tu`rli baylanıslar sistemasının` qa`liplesiwi insannın` u`lkeyiwin belgileydi. Ol baylanıs sıpatında is-ha`reketti tu`sinedi, bul bolsa insannın` dogerek-a`tirapqa shaxsıy mu`na`siybetten basqa na`rse emes, a`lbette. P.Janennin` aytıwınsha, en` qımbatlı, a`hmiyetli, ja`miyetlik ha`reket birge islesiwindegi iskerlikte o`z sa`wlesin tawadı, shaxslar ara sırtqı mu`na`siybetler rawajlanıwının` za`ru`r printsipi esaplanadı.

Amerikalık Dj.Bruner shaxstın` payda bolıwı menen ta`lim ortasında o`z ara baylanıs bar ekenligin aytıp, insannın` ka`millikke umtılıwı bilim alıw na`tiyjeligin asırsa, oqıtıwdın` jetilisiwi onın` ja`miyetlesiwin tezlestiredi, deb aytadı.

Sonday-aq, J.Piaje, E.Torndayn, Dj.Uotson, F.Gal`ton, A.Anastazi, A.Bike, T.Simonlar ha`m bala psixikalıq alg`a ilgerlewinde ta`limnin` da`rejesin olardın` aqılıy o`zgesheliklerin, da`sturli ta`lim, ko`nlikpe ha`m uqıplılıqlarının` a`hmiyetin, shınıg`ıwlardın` ornın ilimiy-a`meliy tiykarlap beriwde za`rur orın iyeleydi. Bul ta`liymatlar ha`zirgi ku`nde ha`m o`zinin` a`hmiyetin saqlap qelmekte.

Ma`mleketimizde ha`m psixologiyanı oqıtıw metodikasi ha`m pedagogikalıq psixologiya paninin` za`ru`r mashqalalarına say bir qatar ilimiy-a`meliy izertlewler pedagog ha`m psixolog alımlar ta`repinen alıp barılmaqta. Usı mashqalalar ha`zirgi zaman pa`ninin` metodologiyalıq printsipleri tiykarında jaqın ha`m uzaq shet el ma`mleketlerinde alıp barılıp atırg`an ilimiy izertlewlerdin jetiskenlikleri ha`m ideyaları haqqındag`ı mag`lıwmatlarg`a iye bolg`an halda o`zinin` mwna`sip ornın iyelep barmaqta. Bul boyınsha T.Qori Niyoziy, S.Rajabov, P.İ.İvanov, M.Vohidov, M.G.Davletshin, E.G`oziev, R.Gaynutdinov, B.Qodirov, R.Sunnatova, R.Toshimov, A.Jabborov ha`m basqalardın` ilimiy izertlewlerin aytıw mu`mkin. Usılardan, oqıwshılardın` texnikalıq qa`biletleri, oqıw motivleri, zamanago`y mektep oqıwshısının` psixologiyalıq kelbeti M.G.Davletshin ha`m onın` sha`kirtleri R.Gaynutdinov, A.Jabborov, F.Haydarovlar ta`repinen, oylaw ha`m ta`limdi basqarıw mashqalası E.G`.G`ozievtin` baslamasında, talantlı oqıwshılar ha`m ka`sip tan`law mashqalası B.R.Qodirov basshılıg`ında, balalardın` aqılıy iskerlik mashqalası R.İ.Sunnatovalar ta`repinen na`tiyjeli alıp barılmaqta.

Ha`zirgi paytda respublikamızdag`ı jetekshi joqarı oqıw orınları kafedra ha`m laboratoriyalarında oqıwshılardın` psixologiyalıq-fiziologiyalıq o`zgeshelikleri menen baylanıslı protsesslerdi izertlew joqarı uqıplı ka`nigeler ta`repinen arnawlı texnikalar menen u`skenelengen sharayatlarda ilimiy-izertlew isleri na`tiyjeli jolg`a qoyılg`an.

Pa`nnin` payda bolıwı ha`m rawajlanıwı protsessinde og`an ta`sir ko`rsetip kelgen barlıq teoriyalar, ilimiy ha`m a`meliy mag`lıwmatlar, bag`darlar ha`zirgi ku`nge shekem o`zinin` a`hmiyetin saqlap kelmeqte ha`m pannin` kelesheginde ha`m za`ru`r ilimiy-teoriyalıq derek esaplanıp qalıwı ta`biiy.

Biologiyalıq nızamlılıqlardı shın ma`nisinde oylanıp sho`lkemlestirilgen ha`mde belgili reje tiykarında alıp barılatug`ın tekseriwler arqalı anıqlaw mu`mkin. Biologiyalıq izertlewler protsessin to`mendegi tiykarg`ı basqıshlarg`a bo`liw maqsetke muwapıq boladı:

1. Mashqalanın` qoyılıwı. Ha`r qanday – tekseriw jumısları sıyaqlı, a`sirese, psixologiyadan alıp barılatugın ilimiy tekseriw jumısları ha`m teoriyalıq ha`m a`meliy a`hmiyetke iye bolg`an mashqalanı anıqlawdan, sonday-ak bul mashqala pa`nde qansheli ashılg`anın biliw ushın usı temag`a say a`debiyatlardı analizlewden baslanadı.

2. İzertlew metodikasın tan`law. Biologiyalıq izertlewler tu`rli metodlar menen alıp barıladı. Tekseriwlerdin` jetiskenlikli shıg`ıwı ko`p ta`repten metodtı tuwrı tan`lawg`a baylanıslı boladı.

3. Anıq mag`lıwmatlardı toplaw. Toplang`an mag`lıwmatlar u`yrenilip atırg`an mashqalag`a say bolıwı yamasa olardı toplaw maqsetke muwapıq tu`rde alıp barılıwı za`ru`r.

İlimiy mag`lıwmatlarga bolg`an tiykarg`ı talap olardın` ob`ektiv, tolıq ha`m izbe-iz bolıwı kerek. Toplang`an mag`lıwmatlar u`yrenilip atırg`an mashqalanı ha`r ta`repten tiykarlap beriw kerek.

4. Anıq mag`lıwmatlardı iclew. Toplang`an mag`lıwmatlardı matematikalıq ha`m logikalıq ta`repten islep shıg`ıw ulıwmalıktı, jekelikti tabıw ha`m olardı basqa materiallardan ajıratıw imkıniyatın beredi. Bunda toplang`an materiallardın` ortasha da`rejesi (arimetikalıq, kvadrat ha`m t.b.), protsent ha`m basqalar anıqlanadı, sogan say mag`lıwmatlar kestelerde jaylastırıladı, grafikalıq, diagramma ha`m sızbalarda o`z sa`wlesin tabadı. Quramalı mag`lıwmatlardı tabıwda bolsa variatsion statistikalıq metodlar qollanıladı.

5. Nızamlılıqlardın` sa`wleleniwi. Bul izertlewdin` en` qıyın ha`m juwapkershilikli basqısh esaplanadı. Sebebi bul basqıshta mag`lıwmatlardın` negizine qanshelli teren` tu`sinilgenligi, olardın` o`z-ara baylanısın esapqa alıp, basqısh mag`lıwmatlardan ha`r tu`rli juwmaq shıg`arıw mu`mkin. Ko`binese shıg`arılg`an juwmaqlar shamalap xarakterge iye bolıp, keyingi tekseriwler, anıqlawlar ushın tiykar boladı.

6. Nızamlılıqtı a`melde qollaw. Anıqlang`an nızamlılıqlar belgili bir a`meliyat tarawında qollanıladı. A`melde qollaw anıqlang`an nızamlılıqtın` tuwrılıg`ına isenim payda etiw imkaniyatın beredi. Ko`binese oqıtıwshılar o`z a`meliy iskerliklerinde ha`r dayım jeke ta`jiriybelerin ha`m basqalardın` ta`jiriybelerin ulıwmalastıradı. Biraq sonday bolsa ha`m, ha`r jag`dayda, bunday ulıwmalastırıwlar ilimiy ta`repten jeterli tiykarlang`an bolmaydı, yag`nıy, za`rur anıqlık ha`m teren`lik penen ajıralıp turmaydı.

**Ta`kirarlaw ushın sorawlar:**

1. Abu Nasr Forobiydin` «Baxt-saodatga erishuv» shıg`armasın dodalan` ha`m shayırdın` to`mendegi ko`z-qarasların jazba bayan etin`:
   a) İnsaniy ka`millikke erisiwde aqılıy biliwdin` a`hmiyeti
   b) Erklilik pazıyletlerdi paydae etiw ha`m a`detke aylandırıwda insan qu`direti, ta`lim ha`m ta`rbiyanın` ku`shi haqqında.
   c) Jaslardın` ka`sip-o`ner ha`m is-ta`jiriybeni iyellewi haqqında.
2. Pedagogikalıq psixologiya pa`ninin` payda bolıw sebeplerin ko`rsetin`.
3. Pa`nnin` predmeti, teoriyalıq ha`m a`meliy wazıypaları nelerden ibarat? Onın` keleshegi haqqında ne dep oylaysız?
4. Psixologiyada izertlewlerdi sho`lkemlestiriw ha`m ilimiy metodları haqqında mag`lıwmat berin`.

Adabiyotlar


1. Nemov R. S. «Psixologiya» T. 1.M. 1998.
2. Gamezo A. «Atlas po psixologii» Moskva 2001y.
3. Karimova V. M. «Psixologiya» T.Sharq 2002y.
4. Abramova G.S. Vozrastnaya psixologiya: Uchebnoe posobie dlya studentov vuzov.-M., “Izd-vo”2000.- 621s
5. Nemov R.S. Psixologiya. Ucheb.posobie dlya studentov vыssh.ped.ucheb.zaved. V 2 kn. Kn 2. Psixologiya obrazovaniya. –M., “Izd-vo”1994.-496s
6. Zimnyaya I.A. Pedagogicheskaya psixologiya: Uchebnik dlya vuzov. –M., “Izd-vo”2002.-384s
7. Ivanov P.I., Zufarova M. «Umumiy psixologiya» T., 2008 yil
8. Xaydarov F.I., Xalilova N.I. «Umumiy psixologiya» T.: TDPU 2010 yil

## 2-Tema: Jas ha`m pedagogikalıq psixologiyanın` printsipleri ha`m ilimiy-izertlew metodları

### Reje

1. Ja`s ha`m pedogogikalıq psixologiya pa`ninin` tiykarg`ı metodları.
2. Jas ha`m pedogogikalıq psixologiyanın` printsipleri.
3. Jas ha`m pedogogikalıq psixologiyanın` izertlew ha`m a`meliy tarawları.
4. A`meliy pedogogikalıq psixologiyanın` bag`darları.

**Psixologiyanın` tiykarg`ı metodları.** Anıq izleniw predmetine iye bolg`an ha`r qanday pa`n sol predmettin` mazmunın ashıp beriw ha`m materiallar toplaw ushın arnawlı usıllar ha`m qurallardan paydalanadı ha`m olar pa`nnin` **metodları** dep aytıladı. Pa`nnin` salmag`ı ha`m obıroyı ha`m birinshi na`wbette sol metodlar ja`rdeminde toplang`an mag`lıwmatlardın` **isenimligine** baylanıslı boladı. Bul pikirler tikkeley psixologiyaga ha`m baylanıslı bolıp, metodlar ma`selesi bul pa`nde ju`da` u`lken a`hmiyetke iye ma`sele sıpatında qaraladı. Sebebi joqarıda aytqanımızday, psixikalıq qublıslardı tikkeley qol menen uslap, ko`z benen ilip, qulaq penen seziw qıyın. Biraq ju`da` ko`p pa`nler menen aktiv baylanıs sog`an alıp keldi, psixologiyanın` ha`r bir tarawı o`z wazıypaların sheshiw ha`m mag`lıwmatlarg`a iye bolıw ushın ko`plep metodlardı sınawlardan o`tkerip, en` isenimli ha`m quramalıların saqlap qalg`an.

Matemetikalıq statistika ha`m boljawlar teoriyasının` psixologiya tarawında qollanılıwı ha`m onda erisilgen jetiskenlikler en` da`slep ha`r bir metodtın` isenimlilik da`rejesin anıqlaw, qalaberse, toplang`an mag`lıwmatlardın` qay da`rejede tiykarlı ekenligin da`lillewge ja`rdem beredi.

1-kestede tiykarg`ı psixologiyalıq metodlar ha`m olardı qollaw formaları keltirilgen.

Kestede keltirilgen metodlar ja`rdeminde izertlewshi yamasa qızıqqan shaxs ol yamasa bul psixikalıq protsess, jag`day yamasa shaxs o`zgeshelikleri haqqında birlemshi mag`lıwmatlar toplaydı, mag`lıwmat ja`ne analizlenedi ha`m arnawlı ta`rizde isletiliwi mu`mkin.

1-keste

**Psixologiyanın` tiykarg`ı metodları**

| TİYKARG`I METODLAR | Tiykarg`ı metodlardın` variantları |
|---|---|
| Baqlaw metodı | Sırtqı (ob`ektiv baqlaw)<br>İshki (sub`ektiv, o`z-o`zin baqlaw)<br>Erkin baqlaw<br>Standartlastırılg`an<br>Topar ishinde baqlaw<br>Topar sırtında baqlaw |
| Soraw metodı | Awızeki soraw<br>Jazba soraw<br>Erkin soraw (sa`wbetlesiw)<br>Standartlastırılg`an soraw |
| TESTLeR METODı | Test – soraw<br>Test – tapsırma<br>Proektiv test<br>Sotsiometriyalıq test |
| EKSPERİMENT | Ta`biiy eksperiment<br>Laboratoriya eksperimenti |
| MODELLESTİRİW | Matematikalıq modellestiriw<br>Logikalıq modellestiriw<br>Texnikalıq modellestiriw<br>Kibernetikalıq modellestiriw |

**<u>Baqlaw metodi</u>** ta`biiy metodlar qatarına kiredi. Sırtqı baqlaw mazmunı baqlanıwshı minez-qulqın tikkeley sırttan turıp, baqlaw arqalı mag`lıwmatlar toplaw usılı. O`z-o`zini baqlaw bolsa adam o`zinde keship atırg`an o`zgeris yamasa qublıstı o`zi u`yreniw maqsetinde mag`lıwmatlar toplaw ha`m jazıw usılı.

Erkin baqlaw ko`binese bir ja`miyetlik qublıs yamasa protsessti u`yreniw maqset etip qoyılg`anda qollanıladı. Ma`selen, bayram aldınan halıqtın` keypiyatın biliw maqsetinde baqlaw sho`lkemlestirilse, aldınnan arnawlı reje yamasa da`stu`r bolmaydı, baqlaw ob`ekti ha`m anıq bolıw sha`rt emes. Yamasa sabaq protsessinde balalardın` ol yaki bul tema boyınsha ulıwma mu`na`siybetlerin biliw ushın ha`m geyde erkin baqlaw sho`lkemlestiriwliw mu`mkin. Standartlastırılg`an baqlaw bolsa, onın` kerisi bolıp, neni, qashan, kim ha`m kimdi baqlaw anıq belgilep alınadı ha`m arnawlı da`stu`r shen`berinen shıqpastan, baqlaw alıp barıladı.

Ja`miyetlik ha`mde pedogogikalıq psixologiyada toparlı protsesslerdin` shaxs minez-qulqına ta`sirin u`yreniw maqsetinde tikkeley ishinen baqlaw sho`lkemlestiriledi, bunda baqlawshı shaxs sol topar yamasa shan`araq turmısına ta`biiy ra`wishte qosıladı ha`m baqlaw islerin alıp baradı. Bul bir qarasta kontrrazvedkashılardın` iskerligin ha`m esletedi. Sol jol menen alıng`an mag`lıwmatlar bir ta`repten ta`biiyligi menen qımbatlı bolsa, ekinshi ta`repten, eger baqlawshıda konformizm sezimi ku`chli bolsa, o`zi ha`m topar turmısına ju`da` kirisip ketip, ondag`ı ayrım qublıslardı sub`ektiv ra`wishte jazatug`ın bolıp qalıwı ha`m mu`mkin. Toparlı fenominlerdi sırttan baqlaw onın` kerisi -yag`nıy baqlawshı toparg`a yamasa baqlanıp atırg`an protsesske qarag`anda shette boladı ha`m tek g`ana tikkeley ko`z benen ko`rgen ha`m esitkenleri tiykarında juwmaqlar shıg`aradı.

Ulıwma, baqlaw metodının` ja`miyetlik turmıs, professional ko`rsetkishlerdi jazıp alıw so`zsiz abzallıkları bar, biraq sonın` menen birge baqlawshının` professional sheberligi, baqlawshılıg`ı, sabır-taqatına baylanıslı bolg`an ta`repler, ja`ne toplang`an mag`lıwmatlardı sub`ektiv ra`wishte analizlew qa`wpi bolg`anı ushın ha`m biraz qolaysızlıqlar ha`m bar, sonın` ushın ha`m ol basqa metodlar menen birgelikte isletiledi.

**<u>Soraw metodı</u>** ha`m psixologiyanın` barlıq tarmaqlarında birlemshi mag`lıwmatlar toplawının` da`sturiy usıllarınan esaplanadı. Onda tekseriliwshi tekseriwshi ta`repinen qoyılg`an bir qatar sorawlarga juwap qaytarıwı kerek boladı.

Awızeki soraw yamasa onı a`piwayı etip, sa`wbetlesiw metodı dep aytıladı, o`tkeretug`ın shaxs og`an belgili da`rejede tayarlıq ko`rgen sa`wbetlesiw o`tkeredi. Eger mabada onın` professional sheberligi yamasa ta`jiriybesi bug`an jeterli bolmasa, soraw o`z na`tijelerin bermewi mu`mkin. Biraq sheber sorawshı usı metod ja`rdeminde insan ruwhıy keshirmelerine baylanıslı bolg`an siyrek ushırasatug`ın mag`lıwmatlardı toplaw imkaniyatına iye boladı.

**Jazba soraw yamasa anketanın`** abzallıg`ı sonda, onın` ja`rdeminde bir waqıttın` o`zinde ko`plegen odamlar pikirin u`yreniw mu`mkin boladı. Og`an kiritilgen sorawlar, olardan ku`tiletug`ın juwaplar (jabıq anketa), yamasa erkin o`z pikirin bayan etiw imkaniyatın beriwshi (ashıq anketa) sorawnamalar anıq ha`m tu`sinikli tilde juwap beriwshiler tu`siniw da`rejesine say du`zilgen bolsa, qımbatlı birlemshi materiallar toplanadı.

Sorawdın` ha`m erkin ha`m standartlastırılg`an formaları bar bolıp, birinshisinde aldınnan neler soralıwı anıq belgilep alınbaydı. Ekinshi formasında bolsa, ha`tteki, komp`yuterde da`stu`r islep shıg`ılıp, mın`lap adamlarda bir qıylı talaplar shen`berinde soraw o`tkeriliwi na`zerde tutıladı.

**<u>Testler</u>** aqırg`ı paytta turmısımızg`a kirip kelgen tekseriw usıllarına kiredi. Olar ja`rdeminde bir u`yrenilip atırg`an qublıs haqqında ha`m sıpat, ha`m da`reje xarakteristikaların alıw, olardı ko`pshilikte qayta-qayta sınaw ha`m mag`lıwmatlardı korrelyatsion analiz arqalı isenimlikke tekseriw mu`mkin boladı. A`sirese testke qoyılg`an talap hesh qashan o`zgermeydi, ha`tteki, sonday testler bar, olar tu`rli millet ha`m el wa`killerinde, tu`rli da`wirlerde ha`m o`zgermegen halda isletile beredi. Ma`selen, Ravennin` aqılıy intellektti o`lshew, Ketteldin` ha`m Ayzenktin` shaxs testleri solar kiredi.

**Test –** soraw aldınnan qatan` ta`rizde qabıl etilgen sorawlarg`a beriletug`ın juwaplardan ibarat. Ma`selen, Ayzenktin` 57 sorawdan ibarat testi shaxstag`ı introversiya – ekstroversiyanı o`lsheydi, sorawlarg`a «awa» yamasa «yaq» ta`rizinde juwap beriw soraladı.

**Test –** tapsırma adam minez-qulqı ha`m jag`dayın a`melge asırg`an isleri tiykarında bahalawdı na`zerde tutadı. Ma`selen, shaxs oylawındag`ı kreaktivlilikti anıqlaw ushın ko`binese bir qarasta a`piwayı tapsırma beriledi: berilgen 20 domalak formasındag`ı formalar o`zi qa`legenshe suwretler sızıw imkaniyatın beredi. Belgili waqıt ha`m tezlikte orınlanıw tezliginde, suwretlerdin` o`zine say ha`m ta`kirarlanbaslıgına qarap shaxs pikirlewi protsessinin` standart emes, do`retiwshilik ha`m kreaktivligine baha berilip, mug`dar ko`rsetkish anıqlanadı. Bul metodlardın` ulıwma abzallıg`ı olardı tu`rli jas, jınsı ha`m ka`sip iyelerine qarag`anda qollawdın` qolaylıg`ı, bir toparda na`tiyje bermese, basqa toparda ja`ne qayta tekseriw o`tkeriw imkaniyatının` barlıg`ı bolsa, kemshiligi – geyde tekseriliwshi eger testtin` mazmunın yamasa juwabın bilip qalsa, jasalma ta`rizde onın` o`tiwine ta`sir ko`rsetiw, faktlerdi falsifikatsiya etiw mu`mkinshiligine iye bolıwı.

Testler ishinde **proektiv testler** dep atalıwshı testler ha`m bar, testtin` tiykarg`ı maqseti tekseriliwshige sır boladı. Yag`nıy sonday tapsırma beriledi, tekseriliwshi tapsırmanı orınlap atırıp, neni anıqlaw mu`mkinshiligin bilmeydi. Ma`selen, ataqlı Rorshaxtın` «sıya daqları» testi, yamasa TAT (tematikalıq appertseptsion test), juwmaqlanbag`an gu`rrin`ler sıyaqlı testlerde bir na`rsenin` proektsiyasınan ekinshi bir na`rsenin` negizi anıqlanadı. Sol 1921 jılda ashılg`an «sıya daqları» ha`m olarg`a qarap tekseriliwshinin` nelerdi eslep atırg`anlıg`ı, daqlar nelerge uqsaytug`ınlıg`ına qarap, onın` shaxs sıpatındag`ı bag`darları, turmıslıq printsipleri, ka`diriyatlarına mu`na`siybeti, isti orınlaw paytındag`ı emotsional jag`dayları anıqlanadı. Bul testler ju`da` qımbatlı, biraq onı tek g`ana professional psixolog g`ana qollawı ha`m na`tiyjelerdi sheberlik penen analizlewdi talap etiledi.

**Psixologiyalıq eksperimenttin`** negizi sonda, onda ataylap sonday jasalma bir jag`day qa`liplestiriledi ha`m sho`lkemlestiriledi, a`sirese usı jag`dayda qızıqtırıp atırg`an psixikalıq protsess yamasa qublıs ajıratıladı, u`yreniledi, ta`sir ko`rsetiledi ha`m bahalanadı. Eger ta`biiy eksperiment sol qızıqtırıp atırg`an fenomen tekseriliwshi ushın ta`biiy esaplang`an sharayatlarda (ma`selen, miynet protsessinde, dem alısta jazg`ı lagerde, litsey auditoriyasında ha`m usıg`an uqsas) maqsetli sho`lkemlestirilip, u`yrenilse, laboratoriya eksperimenti arnawlı jerlerde, arnawlı a`sbap-u`skeneler kuralında ataylap u`yreniledi. Ma`selen, dıqqatın`ızdın` o`zgesheliklerin biliw kerek bolsa, psixologiya laboratoriyasında arnawlı taxistoskop dep atalg`an maslama ja`rdeminde yamasa «Landol`t xalqachalari» dep atalg`an kesteler ja`rdeminde u`yreniw mu`mkin boladı. Ha`tteki, ja`miyetlik mu`na`siybetler barısında ha`m o`zara birge islesiw, liderlik ha`m konformlilik qublısların tekseriw ushın toparlı *integratorlar ha`m gomeostat* dep atalıwshı u`skeneler jaratılg`an ha`m olar ja`rdeminde topardag`ı tu`rli qublıslar o`lshenedi.

**Modellestiriw** metodı baqlaw, soraw, eksperiment yamasa basqa usıllar ja`rdeminde u`yrenilip atırg`an qublıstın` tu`p ma`nisi ashılmag`an sharayatlarda qollanıladı. Bunda sol qublıstın` ulıwma qa`siyeti yamasa tiykarg`ı parametrleri modellestirilip, sol model` tiykarında mu`na`siybetler izertlewshini qızıqtırg`an ta`rep u`yreniledi ha`m juwmaqlar shıg`arıladı.

Modeller texnikalıq, logikalıq, matematikalıq yamasa kibernetikalıq bolıwı mu`mkin. Matematikalıq model mu`na`siybetler u`yrenilgen qublısqa usı izertlewshiler Veber-Fexnerlardın` sezgirliktin` to`men ha`m joqarı shegarasın anıqlawg`a qaratılg`an matematikalıq formulası ha`m sol tiykarında toplang`an mag`lıwmatlar analizin mısal keltiriw mu`mkin. Logikalıq modeller ja`rdeminde ko`binese insan aqılı ha`m oylawı protsessleri ha`m nızamlılıqların esaplaw mashinaları is printsipleri menen salıstırıw arqalı du`zilgen ideyalar ha`m simvallar isletiledi. Kibernetikalıq modellestiriwde bolsa ideyalar psixologiyasın EEM dag`ı matematikalıq programmalastırıw printsiplerine sa`ykeslendiriw na`zerde tutıladı. Ha`zir ko`binese quramalı shaxs o`zgeshelikleri ha`m programmalastırılg`an bolıp, olar algoritmler tiykarında qısqa mu`ddette ko`p g`ana sıpatlardı ko`plep parametrler ko`z qarastan esaplap na`tiyjelerdi ulıwmalastırıwg`a imkaniyat bermeqte. Ko`binese matematikalıq oyınlar ideyası adamlar ortasındagı o`z-ara mu`na`siybetler tarawın u`yreniwde ha`m qollanılmaqta. Belgili

bolıwınsha, adamnın` pikirlew operatsiyaları menen EXM lardın` islew printsipleri ortasında belgili uyg`ınlık bar eken, bul bolsa quramalı psixikalıq protsesslerdi modellestiriw arqalı insan aqılı shegarasın ja`nede keneytiriw keleshegin beredi.

Ulıwma psixologiyanın` ha`m onın` ha`r bir ayrıqsha tarmaqlarının` o`zine say metodları bar. Olar ja`miyetlik minez ha`m ayrıqsha individ ishki dun`yasın kompleks ta`rizde u`yreniw imkaniyatın beredi. Ga`p sonda, olardı o`z waqtında ha`m professional ta`rizde qollay biliw ha`m alıng`an na`tiyjelerden tuwrı juwmaqlar shıg`ara alıw boladı.

**3. Psixologiyanın` izertlew ha`m a`meliy tarawları.** Ha`zirgi zaman ilim-pa`nnin` qa`diri ha`m a`hmiyeti onın` qanshelli a`meliyatqa kirip barıp, izertlew salmag`ı artıp barıwı menen bahalanadı. Psixologiyanın` akırg`ı jıllardag`ı rawajlanıwı ha`m a`sirese a`ne sol da`reje talaplarına juwap beriwi menen xarakterlenedi.

A`meliy ha`mde izertlew psixologiya tarawlarının o`zine say ta`repleri en` da`slep sonnan ibarat, olar ja`miyettin` tikkeley bugingi ku`ndegi talapları ha`m buyırpalarına ko`re is ju`ritedi. Ja`miyetimizde bolsa psixologiyalıq bilimlerdi tikkeley a`meliyatta izertlewge mu`ta`jlilik u`lken. Bir g`ana O`zbekstanda kadrlar tayarlawdın` milliy da`sturin alatug`ın bolsaq, onın` orınlanıwı ha`m jetiskenlikli a`melge asırılıwı ushın psixologiyanın` aralasıwı za`ru`r. Orınlarda sho`lkemlestirilgen Diagnostika oraylarında xızmet ko`rsetip atırg`an qa`nigeler oqıwshılardag`ı rawajlanıw tendentsiyaları, aqılıy o`siw faktorları ha`m talantına qarap ta`lim -ta`rbiyanı sho`lkemlestiriwleri ushın bir qatar diagnostikalıq is-ilajlardı o`tkeriwleri za`rur, bul is-ilajlar aqır-aqıbet real na`tiyje beriwi lazım. Aytıp o`tiw orınlı, izertlew psixologiyadag`ı «na`tiyjeni» o`lshew kriteriyaları menen teoriyalıq psixologiyadag`ı na`tiyje tu`sinikleri biraz parıq etedi. Yag`nıy, bul jerde tiykkeley buyırtpanın` orınlanıwı sıpatında buyırpashının` o`zi baha beredi. Sonın ushın ha`m a`meliy psixologiyanın` ayrıqsha tarmag`ı bolg`an sotsial psixologiya bilimlerge a`meldegi mu`ta`jlikti ush tiykarg`ı sebep penen tu`sindiriwi mu`mkin: a) kishi ka`rxana yamasa iri firmalardan tartıp, xu`kimet da`rejesindegi ma`kemeler ha`m o`z iskerligi na`tiyjeligin asırıw ushın insanlar iskerligi ha`m olardag`ı rezervlerden u`nemli paydalanıwdın` psixologiyalıq dereklerin qıdırıw lazımlıgın tu`sinip jetiw; b) professional psixologlardın` o`zi ha`m o`z islerinen keletug`ın abıroy-itibar a`meliy tarawlarındag`ı isley alıw qa`biletlerine baylanıslı ekknligin tu`sinip jetiw; v) a`meliyatta basqa taraw wa`killeri ha`m eger psixologiyalıq tayarlıktan o`tken bolsa, isti sho`lkemlestiriwge oqıwları jaqsıraq ha`m isleri u`nemli bolıwın tu`sinip jetpekte. Sonın` ushın ha`m ko`plep jan`a tu`rdegi oray ha`m firmalar, qospa ka`rxanalarda a`meliyatshı psixologlar islemekte.

**A`meliy psixologiyanın` tiykarg`ı bag`darları. Sana`a`t ha`m islep shıg`arıw tarawı.** Sana`a`t ha`m o`nimler islep shıg`arıw tarawında izertlew isleri birinshi na`wbette konkret sho`lkemlerde kadrlar zapasın tuwrı ha`m a`dil sho`lkemlestiriwden tartıp, xızmetkerler is sharayatları ha`m miynet o`nimdarlıg`ına ta`sir etiwshi faktorlar kompleksin ilimiy ra`wishte u`yrenip, o`mirde na`tiyje alıwg`a qaratılg`an ha`reketler jıyındısı. Ha`zirgi bazar mu`na`siybetleri sharayatında usı bag`dardag`ı izertlew jumıslardın` eki tarawın ajıratıw mu`mkin:

Marketing xizmetleri
Xızmetkerler (personal) menen islesiw.

Birinshisi en` zamanago`y ha`m za`ru`r is bolıp, bul jerde psixologtın` wazıypası «Neni?» ha`m «Kim?» satıp alıwg`a mu`ta`ji barlıgın u`yreniwge ko`meklesiw. Sebebi, talap penen mu`ta`jlilik tikkeley shaxsqa ha`m onın` psixologiyalıq mu`na`siybetleri sistemasına baylanıslı kategoriyalar bolıp, bazar ha`m ba`seki sharayatında ka`rxana yamasa sho`lkemlerdin` na`tiyjeli islep ketiwi en` da`slep o`tetug`ın tawar o`nimin ajıratıp, olardın` adamlar talap-mu`ta`jligine qanshelli sa`ykesligi anıq analizlewden baslanadı. Marketing mu`na`siybetleri negizinde adamlar ortasındag`ı sof psixologiyalıq mu`na`siybetleri bolıp, onın` negizinde adamlar ortasındagı janlı qarım-qatnas ta`rbiyası jatadı. Sonın` ushın bizler bugin adamlarda tuwrı marketing oylawın` qa`liplestiriw qualların qıdırıwımız ha`m talap-mira`t mu`na`siybetlerin real islep shıg`arıw imkaniyatları menen muwapıqlastırıwda insan psixologiyası o`zgesheliklerin

inabatqa alıp islewimizge u`yreniwimiz kerek. Ma`selen, sonday «Case Study»ni alayık: Psixologiyanı qanday etip satıp mu`mkin (yag`nıy, Psixologiyalıq mag`lıwmatlar ha`m bilimlerdi)? Bizler anıq ha`m tuwrı juwaplar alıwımız kerek bolg`an sorawlar to`mendegiler boladı:

**Ne satıladı?-** Test na`tiyjeleri

**Ne ushın?-** ne qılıp bolsa ha`m, pul tabıw, o`z imkaniyatların tekseriw, jeke is ashıw;

**Kim?-** firma yamasa konkret insanlar;

**Ne?-** ha`r qıylı testler batareyası;

**Kimge?-**tu`rli ka`sip iyeleri, oqıtıwshılarg`a, xızmetkerlerge;

**Qayerde? Qashan?-** za`ru`rlik bolg`an ha`r qanday jerde;

**Qanday etip?-**minimal waqıt sarplap, tez ha`m saz;

**Qansha?-**test o`tkeriwshilerdin` sanı ha`m imkaniyatına qarap;

**Kim menen?-usı** firma xızmetkerleri menen …

Demek, marketing xızmetinde juwap beriliwi za`ru`r bolg`an sorawlardan ko`rinip turıptı, ha`r bir sorawg`a beriletug`ın juwaptın` arqasında konkret adamlar, olardın` qa`biletleri, ma`pleri ha`m is o`nimi jatadı. Sonın` ushın bul tarawda psixologiyalıq xızmet za`ru`r.

Ekinshi taraw – kadrlar ha`m olar menen tikkeley islesiw tarawı. Bul kadrlardı jumısqa tartıwda biliw za`ru`r bolg`an qa`biletler ha`m jeke pazıyletlerden tartıp, olardı tuwrı bag`darlaw, o`z ornına qoyıw, ma`keme shen`berinde toparlardı qa`liplestiriw, xızmetkerlerge mag`lıwmatlardı o`z waqtında jetkeriw menen baylanıslı kadrlar siyasatın alıp barıwg`a baylanıslı xızmet. Psixolog bul orında tiykarınan ma`slahatshı-konsul`tant ha`m ekspert sıpatında rol` oynaydı.

**Psixologiyanın` printsipleri.** Xa`r bir da`wir o`z adamları sanasına ıxtıyarsız tu`rde siyasıy sananı qa`liplestiredi ha`m adamlar onın` printsiplerine boysınadı. Siyasat barısındagı psixologiyalıq ma`selelerge psixolog aralasıwının` za`rurligi ha`r dayım bolmasa da, ayrım paytlarda iri reformalar baslanıwı aldında, saylaw aldı kompaniyalarda, jan`a siyasiy liderlardın` xalıq ta`repinen qabıl etiliwi protsessleri, ko`pshilik auditoriyag`a za`rur mag`lıwmatlardı jetkeriw, ja`miyetlik ustanovkalardı o`zgertiriw, siyasiy a`rbaplar imidjin xalıq sanasına sin`diriw paytlarında psixologiyalıq ta`sir qurallarınan orınlı paydalanıw, ma`slahatlar beriw ha`m ayrım toparlar isenimine ta`sir etiw kerek bolg`anda kerek boladı.

Siyasiy tarawda islep atırg`an psixolog isinin` o`zine say ta`repleri bolıp, og`an to`mendegiler kiredi:

а. siyasatta psixolog aralasıwı ko`pshilik xalıqqa tikkeley baylanıslı bolmaydı;

б. za`rurlik tuwılg`anda, psixolog sonday tez ha`m isenimli metodikalardı isletedi, olardın` na`tiyjeleri sır saqlanıp, sol buyırtpashı-siyasatshının` talabına ko`re izleniwler alıp barıladı;

в. psixolog ha`r bir siyasatshı ushın sonday isenimli shaxs bolıwı lazım, onnan adamlardın` keypiyatları, reaktsiyaları, sezim-keshirmeleri haqqında anıq mag`lıwmatlar soraladı;

г. o`zine say qıyınshılıq sonnan ibarat, ja`miyetshilik psixolog qelbetinde ko`binese liderlardın` tikkeley «adamın» ko`riwge imkaniyat bolıp, liderdin` o`zi ha`m geyde o`te professional psixologtan qorqıp qalıwı mu`mkin.

Sonın` ushın joqarıda aytılg`anınday, za`ru`r paytlarda siyasiy a`rbaplar psixolog xızmetine mu`raja`a`t etiwleri ha`m onnan tiykarınan bir a`hmiyetli ja`miyetlik proektlerdi qabıl etiw protsessinde ja`rdem beriwdi soraw mu`mkin. Bunın` ushın psixologtan ja`miyetshiliktin pikirin psixologiyalıq analizlep beriw, ha`m sol tiykarda puqaralardın` ustanovkaları ha`m keypiyatlarına unamlı ta`sir ko`rsetiwshi faktorlardı birgelikde ajıratıw wazıypasın sheshiwleri mu`mkin. Saylaw aldı kompaniyalarında bolsa, psixologiyanın` tiykarg`ı wazıypası adamlardın` keypiyatın u`yrengen halda da`wegar imidjin qa`liplestiriwge, adamlarga jaqtırıwda sebep bolatug`ın jeke pazıyletler algoritmin du`ziw, xalıq aldına shıg`ıw psixologiyalıq tayalaw,

qarsılaslardın` bahslasıw ma`deniyatı ha`m etikası borısında psixologiyalıq jol-joba ha`m usıllar bırısında mag`lıwmatlar almasıw kerek boladı.

O`zbekstan sharayatında siyasiy psixologiyanın` o`zi ju`da` a`zzi rawajlang`an tarmaq bolg`anlıg`ı sebepli ha`m onı rawajlang`an ma`mleketler ta`jiriybesine tayang`an halda rawajlandırıw da`wir talaplarınan biri.

**Pedagogikalıq psixologiyanın` izertlew isleri.** O`zbekstanda endi qa`liplesip atırg`an, biraq teoriyalıq ko`z-qarastan belgili da`sturlerge iye bolg`an taraw. 1998-jıldın` Prezidentimiz ta`repinen «Shan`araq jılı» dep dag`azalanıwı orınlarda psixologiyalıq xızmet oshaqlarının` payda bolıwına ha`m ol jerlerde psixologiyalıq xızmetten paydalanıwdı an`lawg`a tu`rtki boladı. Psixolog bul jerlerde jaslardagı shan`araq ha`m neke barısındag`ı sa`wlelerdin` tuwrı qa`liplesiwinen baslap, mashqalalı, ha`tteki, ajırasqan shan`araq ag`zalarına psixologiyalıq ma`slahatlar beriw, «isenim telefonları» arqalı ma`slahatlar sho`lkemlestiriwdi o`z moynına aladı.

**Ag`artıwshılıq tarawındag`ı a`meliy isler** basqa tarawlarg`a qarag`anda bir qansha jaqsı ta`jiriybege iye. A`sirese, O`zbekstanda kadrlar tayarlawdın` milliy da`sturi qabıl etilgennen so`n` sho`lkemlestirilgen jan`a tiptegi ta`lim ma`kemeleri – akademiyalıq litseyler ha`m ka`sip-o`ner kolledjlerine bir neshewden psixologlar shtatı kiritilgen ha`m olar tap sol izertlew mashqalalar – balanın` oqıw protsessine psixologiyalıq ta`repten tayarlıg`ın diagnostika etiwden tartıp, professional ha`m ka`sip sheberligin rawajlandırıwg`a shekem bolg`an barlıq mashqalalardı sheshiwge «aralasadı».

Huqıqbuzarlıktın` aldın alıw ha`m nızamg`a qarsı ha`reket etkenlerdi psixologiyalıq reabilitatsiya etiw mashqalası ha`m ha`r dayım ha`m psixolog aralasıu`ın talap etip kelgen. Sebebi jınayatshı yamasa huqıqbuzıwshı shaxs o`z-o`zinen qa`liplesip qalmaydı, onı qa`liplestiriwshi faktorlar, motivlar ha`m balanı qayta ta`rbiyalaw ha`m reabilitatsiya ma`seleleri ja`miyetlik psixologiyalıq protsessleri negizin ha`m olarg`a aktiv ta`sir ko`rsetiw talap etiledi. Sonın` ushın ha`m ma`mleketimizde jaslar ortasında huqıqıy ag`artıwshılıq ha`m huqıqıy ma`deniyattı qa`liplestiriwge ju`da` u`lken itibar qaratılg`an ha`m bul iste a`meliyatshı xızmetker – psixologtın` ornı ha`m roli u`lken boladı.

Joqarıda aytılg`an psixologiyanın` izertlew tarawları ushın ulıwma na`rse sol, bul tarawlarda islegenler en` da`slep jaqsı psixodiagnost, yag`nıy psixologiya metodların o`z ornında na`tiyjeli isletiwdi biliwi ha`m jaqsı psixoterapevt ha`m psixokorrektor – yag`nıy, anıqlang`an mashqala yamasa «kesellikti» du`zetiwshi sheber professional bolıwı kerekligin talap etedi.

A'debiyatlar


1. Nemov R. S. «Psixologiya» T. 1.M. 1998.
2. Gamezo A. «Atlas po psixologii» Moskva 2001y.
3. Karimova V. M. «Psixologiya» T.Sharq 2002y.
4. Abramova G.S. Vozrastnaya psixologiya: Uchebnoe posobie dlya studentov vuzov.-M., "Izd-vo"2000.- 621s
5. Nemov R.S. Psixologiya. Ucheb.posobie dlya studentov vыssh.ped.ucheb.zaved. V 2 kn. Kn 2. Psixologiya obrazovaniya. –M., "Izd-vo"1994.-496s
6. Zimnyaya I.A. Pedagogicheskaya psixologiya: Uchebnik dlya vuzov. –M., "Izd-vo"2002.-384s
7. Ivanov P.I., Zufarova M. «Umumiy psixologiya» T., 2008 yil
8. Xaydarov F.I., Xalilova N.I. «Umumiy psixologiya» T.: TDPU 2010 yil

## 3-Tema: Psixikalıq rawajlanıw teoriyaları

**Reje:**

1. Biogenetikalıq teoriya ha`m onın` bag`darları.
2. Sotsiogenetikalıq teoriya: ja`miyetlesiw teoriyası.
3. Psixoanaliz teoriyası.
4. Psixodinamistik, kognitivistik ha`m personologik teoriyalar .

Psixologiya pa`ni zamanago`y ta`liymatqa tiykarlang`an halda insan shaxsının` payda bolıwın tiykarınan ush faktordın` ta`sirine baylanıslı ekenligin da`lillep mu`na`siybetlerdi ta`riyplep beredi. Olardan birinshisi insan tuwılıp kamalga jetetugın sırtqı ja`miyetlik ortalıqtın` ta`siri, ekinshisi adamg`a uzaq mu`ddet dawamında ha`r dayım beriletug`ın ta`lim -ta`rbiyanın` ta`siri ha`m u`shinshisi adamga tuwma ra`wishte, tayar halında beriletug`ın na`sillik o`zgesheliklerdin` ta`siri.

Belgili, ha`r bir adam o`zine say, basqalarda a`sirese ta`kirarlanbaytug`ın ja`miyetlik ortalıkta, konkret ja`miyetlik qarım-qatnasıqlarda, yag`nıy belgili shan`araq, ja`ma`a`t ha`m ja`miyette, adamlar arasında jasap o`sedi, qa`liplesedi.

Bul ja`miyetlik mu`na`siybetlerge adam ja`miyet ag`zası sıpatında, belgili klasstın`, ol yamasa bul ja`miyetlik topardın` wa`kili sıpatında ha`m a`qibetinde, sho`lkemleskenlik ha`m tırısqaqlıq da`rejesi ha`r tu`rli bolg`an belgili ja`ma`a`tlerdin` aktiv ag`zası sıpatında qatnasadı.

Shaxstın` negizi o`z ta`biyatı ta`repinen ja`miyetlik xarakterga iye boladı. Shaxstan barlıq psixikalıq o`zgesheliklerin, do`retiwshilik aktivliginin` rawajlanıw derekleri onın` aynala-a`tirapındag`ı ja`miyetlik ortalıqta, ja`miyettde. İnsan shaxsı sebepli baylanısta bolıp, onın` ja`miyetlik turmısh penen belgilenedi. Mine usı ma`niste shaxstın` alg`a ilgerlewi adamlar menen mu`na`siybette ju`zege keletugın ja`miyetlik ta`jiriybeni iyelew protsessinen ibarat. Bunın` na`tiyjesinde insannın` psixikalıq o`zgeshelikleri, a`dep-ikramlılıq pazıyletleri, xarakteri, erklilik sıpatları, qızıg`ıwshılıqları, isenim ha`m dun`ya ko`z-qarası payda boladı.

Ortalıq, belgili maqsetke qaratılg`an ta`lim ha`m ta`rbiya, a`zelden berilgen, genetikalıq ta`repten anık belgilengen bir na`rseni korestiw ushın tek g`ana sharayat bolıp qalmay, al insan psixikalıq o`zgesheliklerin payda etedi.

Bul barısında, birinshiden, sonı aytıp o`tiw kerek, adam ortalıq ta`siri astındag`ı passiv ob`ekt bolmay, al aktiv tiri jan. Sonın` ushın sırtqı o`mir sharayatı, sırtqı ta`sir insan psixikasın belgilemeydi, al adamnın` ortalıq penen bolg`an o`z-ara ta`siri arqalı, onın` ortalıqtag`ı iskerligi arqalı belgileydi. Sol sebepli ortalıqtın` ta`siri haqqında emes, al adamnın` aynala-a`tiraptag`ı ortalıq penen aktiv o`z-ara ta`siri haqqında aytıw maksetke muwapıq boladı.

Ekinshiden, psixikanın` rawajlanıwı a`qibetinde sırtqı sharayatlarg`a, sırtqı ta`sirlerge baylanıslı. Biraq bul rawajlanıwdı tikkeley sırtqı sharayattan ha`m sırtqı jag`daydan keltirip shıg`arıp bolmaydı. Bul sharayatlar ha`mde jag`daylar ha`r dayım adamnın` turmıslıq ta`jiriybesi, onın` shaxsı, jeke psixologiyalıq o`zgeshelikleri ha`m psixikalıq qelbeti arqalı ta`sir etedi. Mine usı ma`niste sırtqı individtin` o`zine say psixikası ha`m jeke ta`rbiyasın o`z ishine alg`an ishki sharayat arqalı tikkeley emes ta`sir etedi.

U`shinshiden, adam aktiv tiri jan sıpatında o`zi ha`m sanalı ra`wishte o`z shaxsın o`zgertiwi, yag`nıy o`z-o`zin ta`rbiyalaw menen shug`ıllanıwı mu`mkin. Biraq bul protsess aynala-a`tiraptan ajıralg`an halda emes, al ortalıq penen maslasqan halda ha`m ortalıq penen o`z-ara qarım-qatnasta ju`z beredi.

Joqarıdag`ılardan juwmaq shıg`arıp sonnı aytıw mu`mkin, adamnın` (balanın`, oqıwshının`) ja`miyetlik sho`lkemlesken ha`m aktiv iskerligi onın` psixikalıq rawajlanıwının` tiykarı, quralları ha`mde sha`rti bolıp tabıladı.

O`z-o`zinen belgili, adamnın` psixikalıq rawajlanıwı ushın ta`biiy, biologiyalıq imkaniyatlar a`sirese za`ru`r. İnsan psixikalıq o`zgeshelikleri normada payda bolıwı ushın belgili da`rejedegi biologiyalıq du`zilis, insan miyi ha`m nerv sisteması bolıwı sha`rt. Bul ta`biiy o`zgeshelikler psixikalıq rawajlanıwdı ha`reketke keltiriwshi ku`shler, faktorlar emks, al tek g`ana da`slepki sharayatlar.

Ta`biiy o`zgeshelikler alg`a ilgerlewdi ha`reketke keltiriwshi ku`sh emesligine qaramay, insan psixikalıq rawajlanıwına ta`sir ko`rsetedi.

Birinshiden, ta`biiy o`zgeshelikler psixikalıq o`zgeshelikler rawajlanıwının tu`rli jolların ha`m usılların belgilep beredi. İnsan nerv sistemasının` o`zgeshelikleri o`z-o`zine shaxstın` hesh qanday psixikalıq o`zgesheliklerin belgilemeydi. Hesh bir normadag`ı bala batır yamasa qorqaq, erkli yamasa eriksiz. Miynetsuyiwshi yamasa jalqaw, ta`rtipli yamasa ta`rtipsiz bolıp tuwılmaydı. Egerde ta`rbiya tuwrı sho`lkemlestirilse, nerv sistemasının` qa`legen tipi mu`na`siybetler xarakterdin` barlıq ja`miyetlik qımbatlı sezimlerin qa`liplestiriw mu`mkin. Ma`selen, sabır-taqat ha`m o`z-o`zin tuta biliw sezimin nerv sistemasının` tipi bekkem bolg`an balalarda ha`m, yamasa nerv sistemasının` tipi awır bolg`an balalarda ha`m ta`rbiyalaw lazım ha`m ta`rbiyalasa boladı. Biraq birinshi jag`daydag`ı balalardı ta`rbiyalaw ekinshi jag`daylardag`ılardı ta`rbiyalawg`a qarag`anda qıyınraq boladı. Ha`r eki jag`dayda kerekli sıpatlardı ta`rbiyalaw jolları ha`m usılları ha`m tu`rlishe boladı.

Ekinshiden ta`biiy o`zgeshelikler adamnın` qa`legen bir tarawda erisken jetiskenlikleri da`rejesine ha`m ta`sir etiwi mu`mkin. Ma`selen, qa`bilet tiykarında tuwma jeke parıqlar bar. Sol sebepli geybir adamlar basqa adamlardan belgili bir iskerlikti iyellew imkaniyatı ta`repinen u`stem turadı. Geyde bolsa kerisinshe qa`legen bir iskerlik tu`rin iyelew imkaniyatı ta`repinen bolsa olardan sanasızlıq etiwleri mu`mkin. Mine usı ma`niste qarag`anda adamlar o`z qa`biletlerin ten`dey rawajlandırıw imkaniyatına iye emes. Ha`tteki ta`biiy tiykarlar oqıwshılardın` psixikalıq rawajlanıwı ushın belgili a`hmiyetke iye bolsa ha`m (sol sebepli, ma`selen, ta`lim protsessinde ayrım oqıwshılardan basqa oqıwshılarga qarag`anda ko`birek ku`sh jumsaw talap etiledi, ayrım oqıwshıg`a oqıtıwshı ko`birek ku`sh sarıplaydı, itibar beredi ha`m ko`birek waqıt ajıratadı), bul tiykarlardın` o`zi psixikalıq rawajlanıwda sheshiwshi rol` oynamaydı.

Tu`rli bag`darg`a iye bolg`an psixologlar, bir ta`repten ta`lim ha`m ta`rbiya, ekinshi ta`repten bolsa rawajlanıw ortasındag`ı o`z-ara mu`na`siybeti mashqalasın ken` shen`berde dodalamaqta.

Rawajlanıw degende a`dette qublıslardın` ha`r eki tu`ri tu`siniledi ha`m bul tu`sinikler bir-biri menen tıg`ız baylanıslı: 1) miydin` o`z biologiyalıq, organikalıq jetilisiwi, onın` anatomiyalıq-biologiyalıq du`zilisi ta`repinen jetilisiwi: 2) psixikalıq (aqılıy) rawajlanıwdın` belgili o`siw da`rejeleri sıpatındagı, o`zine say aqılıy jetilisiwi sıpatındag`ı psixikalıq rawajlanıw. O`z-o`zinen belgili, aqılıy rawajlanıw miy du`zilisinin` biologiyalıq sheshiliwi menen baylanıslı ha`m bul o`zgeshelik ta`lim-ta`rbiya islerinde a`lbetta esapqa alınıwı lazım, sebebi ta`lim miydin` organikalıq ta`repten jetilisiwin biykar ete almaydı. Biraq miy du`zilisinin` organikalıq ta`repten jetilisiwin ortalıqqa, ta`lim-ta`rbiyaga baylanıspag`an halda o`zinin` u`zil-kesil biologiyalıq nızamlılıqları mu`na`siybetleri payda boladı, dep bolmaydı. Ortalıq, ta`lim-ta`rbiya ha`m tiyisli shınıg`ıw miy du`zilisinin` organikalıq ta`repten jetilisiwine ja`rdem beredi.

Bul protsesste ta`lim qanday da`rejege iye? Ta`lim rawajlanıwına qarag`anda jetekshi wazıypanı orınlaydıma yamasa kerisinshe? Bul mashqalanın` sheshiliwi ta`lim protsessinin` mazmunı ha`m metodikasın, oqıw da`sturleri ha`m sabaqlıqlardın` mazmunın belgilep beredi.

Nemis psixologı V.Shtern: ta`lim psixikalıq rawajlanıwdın` arqasınan baradi ha`m og`an maslasadı degen pikirdi olg`a su`rgen edi. Blu pikirge qarama-qarsı rus psixologı L.S.Vigotskiy balanın` psixikalıq rawajlanıwında ta`lim ha`m ta`rbiyanın` jetekshilik roli bar degen qag`ıydanı birinshi bolıp alg`a su`rdi ha`m onı: ta`lim rawajlanıwdın aldınan baradı ha`m onı o`z arqasınan ertip alıp baradi, dep anıq ta`riyplep beredi. Joqarıda bayan etilgen birinshi pikirge muwapıq ta`lim tek g`ana rawajlanıw ta`repinen erisilgen na`rselerden paydalanadı. Sonın` ushın aqılıy ta`repten jetilisiw protsessine aralaspaw, og`an kesent bermew, al ta`lim ushın imkaniyat jetilisemen degenshe shıdam menen passiv ku`tip turıw kerek. Shveytsariyalık psixolog J.Piajenin` teoriyası ha`m a`ne usı ideyalar menen aralaskan.

J.Piajenin` pikirinshe, balanın` ha`m mektep oqıwshısının` aqılıy o`siwi o`zinin` ishki nızamlılıqları mu`na`siybetleri rawajlanıp barıp, sıpat ta`repten o`zine say bir qatar genetikalıq

basqıshlardı basıp o`tedi. Ta`lim bul aqılıy jetilisiw protsessin tek g`ana bir mu`ddet tezlestiriwge yamasa pa`seytiwge uqıplı, biraq ol aqılıy ta`repten jetilisiw protsessine hesh qanday qattı ta`sir ko`rsete almaydı. Demek, ta`lim rawajlanıw nızamlılıqlarına boysınıwı kerek. Ma`selen, balada logikalıq oylaw sheshilmey turıp, onı logikalıq pikir ju`ritiwge u`yretiy paydasız. Ta`linin` tu`rli basqıshları balanın` tiyisli psixologiyalıq imkaniyatlar pisib jetilisetug`ın belgili jasına sheshiwshi na`zerge baylanısı a`ne sonnan kelip shıg`adı.

Bizlerdin` pikirimizshe, ta`lim jetekshi roldi orınlaydı, ta`lim ha`m rawajlanıw bolsa o`z-ara bir-birine baylanıslı; olar ayrıqsha ju`z beretug`ın eki protsess bolmay, al bir pu`tin protsess. Ta`limsiz tolıq aqılıy rawajlanıw bolıwı mu`mkin emes. Ta`lim rawajlanıwg`a tu`rtki boladı, rawajlanıwdı o`z artınan ertip baradı. Za`ru`r sharayat tuwılg`anda ta`lim logikalıq pikirlew uqıplılıg`ın payda etedi ha`m tiyisli aqılıy rawajlanıw ushın negiz boladı. Biraq ta`lim rawajlanıwg`a tu`rtki bolıw menen bir wakıtta o`zi rauajlanıwg`a swyenedi, erisilgen rawajlanıw da`rejesinin` o`zgesheliklerin, rawajlanıwdın` ishki qag`ıydaların, a`lbette, inabatqa aladı. Ta`limnin` imkaniyatları ju`da` ken` bolsa da, biraq sheksiz emes. İri rus psixologı L.S.Vigotskiy ta`lim ha`m rawajlanıw mashqalasına ja`miyetlik-tarixıy protsess ko`z-qarastan jantasıp, bilimlerdi o`zlestiriw insaniyattın` tarixıy rawajlanıwında jaratılg`an ma`deniyatta qatnasıw protsessi, dep aytıladı. Ol alg`a su`rgen psixikalıq funktsiyalar rawajlanıwının` ma`deniy-tarixıy teoriyasına ko`re, psixikalıq iskerlik rawajlanıwı onın` «ta`biiy» formasın tikkeley qayta qurg`an halda, tu`rli qa`siyetler menen da`slep sırtqı, so`n` ishki sa`wleleniwdi na`zerde tutıp, «ma`deniy» formasın iyellew tu`siniledi.

Usı mu`na`sibet penen L.S.Vigotskiy psixologiyaga kiritken «psixikalıq rawajlanıwdın` en` jaqın zonası» tu`sinigi za`rur a`hmiyetke iye. Bunın` tiykarg`ı negizi, balanın` o`z betinshe iskerligi u`lkeneler menen birgelikte, onın` basshılıg`ında a`melge asırıladı. L.S.Vigotskiy ta`repinen kiritilgen «psixikalıq rawajlanıwdın` en` jaqın zonası» tu`sinigi «ta`lim rawajlanıwdın` aldında baradı» degen ulıwma qag`ıydanın` mazmunın tu`siniw ushın imkaniyat jaratadı.

E.Torndayk ha`m J.Piajenin` ta`lim menen rawajlanıwdı bir na`rse dep tu`sindiriwine qaramay L.S.Vigotskiy: «Bala rawajlanıwın hesh waqıtta mektep ta`liminen tısqarısındag`ı saya dep esaplaw mu`mkin emes» - dep aytadı. Bunnan tısqarı, ta`lim ha`m rawajlanıw bir-birine baylanıslı bolmag`an protsessler, degen bag`dardag`ı psixologlardı ha`m ol qattı kritikalaydı. P.G.Blonskiy ta`limnin` bala rawajlanıwındag`ı ornına ayrıqsha a`hmiyet beredi. Sonın` ushın oqıwshılardın` aqılıy rawajlanıwı tuwrıdan-tuwrı mektep da`sturi mazmunına baylanıslı ekenligin aytadı. Onın` pikirinshe, ta`lim protsessinde balalar belgili qag`ıydı mu`na`siybetler xızmet islewge a`detlenedi. Ta`lim ta`siri na`tiyjesinde oqıwshılarda o`z-o`zin ha`m o`zinin` aqılıy iskerligin qadag`alaw ju`zege keledi. Psixolog-alımlardan V.V.Davıdov, P.Ya.Gal`perin, N.A.Menchinskaya, A.A.Lyublinskaya, D.B.El`konin, E.G`.G`ozievlar o`zlerinin` izertlewlerinde ta`limnin` rawajlanıwdag`ı jetekshi rolin aytadı.

Psixikalıq alg`a ilgerlewdin` faktorları ha`m sharayatları anıqlap alıng`an ta`g`dirde ha`m, psixikada ju`zege keletug`ın o`zgerislerdin` derekleri, psixikalıq rawajlanıwdı ha`reketke keltiriwshi ku`shler nelerden ibarat, degen sorawdın` tuwılıwı ta`biiy bolıp tabıladı.

Balanın`, mektep oqıwshısının` psixikalıq rawajlanıwın ha`reketke keltiriwvshi ku`shler quramalı ha`m ha`r tu`rli. Rawajlanıwdın` negizin qarama-qarsılıklar gu`resinen, ishki qarama-qarsılıqlar gu`resinen ibarat, balanın`, mektep oqıwshısının` psixikalıq rawajlanıwın tikkeley ha`reketke keltiriwshi ku`shler ta`lim ha`m ta`rbiya protsessinde ju`zege keletug`ın ha`mde joq etetug`ın eski ha`m jan`alık ortasındag`ı qarama-qarsılıklardan ibarat. Bunday qarama-qarsılıqlarg`a, ma`selen, iskerlik ta`repinen ju`zege keletug`ın jan`a talaplar menen olardı qandırıw imkaniyatları ortasındag`ı qarama-qarsılıqlar; balanın` o`sip baratırg`an fizikalıq ha`m ruwhıy imkaniyatları menen eski, payda bolg`an o`z-ara mu`na`siybet formaları ha`m iskerlik tu`rleri ortasındag`ı qarama-qarsılıqlar; ja`miyet, ja`ma`a`t, u`lken adamlar ta`repinen ku`nnen-ku`nge artıp baratırg`an talaplar menen psixikalıq alg`a ilgerlewdin` usı da`rejesi ortasındag`ı qarama-qarsılıqlar kiredi.

Ma`selen, kishi mektep jasındag`ı oqıwshıda  o`z betinshe erklilik iskerlikke qarag`anda bolg`an tayarlık penen is-ha`reketlerdin` bar jag`dayg`a yamasa tikkeley ishki keshirmelerge baylanıslıg`ı ortasında qarama-qarsılıq bar. O`spirimlerde bolsa en` ku`shli qarama-qarsılıqlar bir ta`repten, onın` o`zine o`zi baha beriwi ha`m o`z talapları da`rejesi ha`m ekinshi ta`repten, a`tiraptag`ılardın` og`an qarag`anda bolg`an mu`na`siybetleri haqqındag`ı ishki keshirmeleri ortasında, sonday-aq, o`zinin` ja`ma`a`ttegi real da`rejesi haqqındag`ı ishki keshirmeleri ortasında; u`lken adamlar o`mirinde tolıq huqıqlı ag`za sıpatında  qatnasıwı mu`ta`jligi menen bug`an o`z imkaniyatları saykes  kelmew ortasında payda boladı.

Ko`rsetilgen barlıq qarama-qarsılıqlar bir qansha joqarı da`rejedegi psixikalıq iskerliklerdi payda etiw arqalı joq etiledi. Na`tiyjede bala, mektep oqıwshısı psixikalıq rawajlanıwının` ja`nede joqarıraq basqıshına ko`teriledi. Mu`ta`jlilik qandırıladı – qarama-qarsılıq joq boladı. Biraq qandırılg`an mu`ta`jlilik, jan`a  mu`ta`jlikti tuwdıradı. Bul qarama-qarsılıq basqa  bir qarama-qarsılıq penen almastırıladı – rawajlanıw dawam etedi.

Rawajlanıw tek g`ana sap mug`dar o`zgerisleri protsessinen, yag`nıy qanday da psixikalıq qublıslardın`, o`zgeshelik ha`m sıpatlardın` ko`beyiwi yamasa kemeyiwinen ibarat bolıp qalg`an, al sıpat ta`repten jan`a  o`zgesheliklerdin`, yag`nıy jan`adan payda bolg`an sıpatlardın` payda bolıwı menen baylanıslı.

Psixologlar psixikalıq rawajlanıwdın` ulıwma nızamlılıqları balıg`ın ko`rsetpekte. Biraq ortalıq ta`sirine qarag`anda bul nızamlılıqlar ekilemshi, sebebi bul nızamlılıqlardın`  o`zine say o`zgeshelikleri turmıs sharayatına, iskerlikke ha`m ta`rbiyag`a baylanıslı. Mine usınday ulıwma nızamlılıqlarg`a birinshi na`wbette psixikalıq rawajlanıwdın` tegis emesligi  kiredi. Bunın` negizi sonnan ibarat, ha`r qanday sharayatta, ha`tteki ta`lim ha`m ta`rbiyanın` en` qolay sharayatlarında ha`m shaxstın` tu`rli psixikalıq belgileri, funktsiyaları ha`m o`zgeshelikleri rawajlanıwdın` bir da`rejesinde toqtap turmaydı. Balanın` rawajlanıwındag`ı ayrım da`wirlerde psixikanın` ol yamasa bul bag`darlarda rawajlanıwı ushın qolay sharayatlar payda boladı ha`m bul sharayatlardın` geybirewleri waqtınshalıq, o`tkinshi xarakterde boladı. Ol yamasa bul psixikalıq o`zgeshelikler ha`m sıpatlardın` rawajlanıwı ushın en` qolay sharayatlar bolg`an a`ne sonday jas da`wirleri senzitiv da`wirler dep ataladı. (L.S.Vigotskiy, A.N.Leont`ev). Bunnan senzitivlik da`wiridin` bar bolıwına miydin` organikalıq ta`repten jetilisiw  nızamlılıqları ha`m, ayrım psixikalıq protsessler ha`m o`zgeshelikler ha`m, o`mirlik ta`jiriybe ha`m sebep boladı.

Sonday etip, balanın`, mektep oqıwshısının`  psixikalıq rawajlanıwı quramalı rawajlanıw protsessi esaplanadı.

İnsan shaxsının` payda bolıwı ha`m psixikalıq rawajlanıwdın` sharayatları. Biologiyalıq ha`m ja`miyetlik faktorlar.

Psixikalıq rawajlanıw ha`m bul o`zgerislerge sebep bolatug`ın ku`shler ortasındag`ı mu`na`siybet nızamlılıqların u`yreniw – jas psixologiyası ha`m pedagogikalıq psixologiya pa`ninin` za`rur ha`m aktual mashqalalarınan biri.

İnsan shaxstın` psixikalıq rawajlanıwı ha`m onın` qa`liplesiwi quramalı izertlew protsessi. Sebebi, onın` o`zine say o`zgeshelikleri ha`m nızamlılıqların tiykarlı ilimiy biliw, oqıwshı shaxsına pedagogikalıq ta`repten ta`sir ko`rsetiwdin` za`ru`r sha`rti bolıp tabıladı.

İnsan – biosotsial tiri jan. Onın` birligi, bir ta`repten, insannın` psixikalıq, tuwma ra`wishte sholkemlestirilgen o`zgeshelikler (ma`selen, ko`riw yamasa esitiw sezgilerdin`, sonday-aq, joqarı nerv du`zilisinin` o`zine say o`zgeshelikleri), ekinshi ta`repten bolsa iskerliktin` sanalı sub`ekti ha`m ja`miyetlik alg`a ilgerlewdin` aktiv qatnasıwshısı sıpatında  onın` minez-qulıq (ma`selen, a`dep-ikramlılıq a`detler) o`zgesheliklerinde payda boladı.

Adam psixikası ha`m is-ha`reketlerinde payda bolatug`ın bul o`zgesheliklerdi neler qatarına kiritiw mu`mkin? İnsan psixikasının` ta`biyatı biologiyalıq  yamasa revolyutsiyalıq xarakterga iye me?

İnsan shaxsının` payda bolıwı ha`m psixikalıq rawajlanıwına ta`sir etiwshi faktorlardın` mashqalası o`z negizi ta`rpinen ideyalıq xarakterge iye. Sonın` menen birge bul ma`seleni sheshiwde bir-birine qarama-qarsı bolg`an tu`rli ag`ımlar, bag`darlar maydang`a kelgen. İnsan

shaxsının` payda bolıwın tu`sindiriwde maydanga kelgen birinshi ag`ım biogenetikalıq kontseptsiya teoriyası bolsa, ekinshi ag`ım sotsiogenetikalıq kontseptsiya.

İnsan shaxsının` payda bolıwın tu`sindiriwge umtılıwshı biogenetikalıq ag`ım XIX a`sirdin` ekinshi yarımında maydanga kelgen.

Bala psixikalıq o`zgesheliklerinin` tuwma ta`biyatı haqqındag`ı ta`liymat usı waqıtta shekem ko`pshilik psixologiya mekteplerinin` tiykarın sholkemlestirip kelmekte. Usı ta`limat insan psixikasının` barlıq ulıwma ha`m jeke o`zgeshelikleri ta`biyat ta`repinen belgilengen, onın` biologiyalıq du`zilisine ten`lestirilgen, psixikalıq rawajlanıw bolsa, na`sillik jol menen a`zelden belgilenip, insan organizmine jaylastırılg`an usı o`zgesheliklerdin` normasına jetilisiw protsessinen ibarat dep aytadı. Belgili, na`sillik o`zgeshelikler tuwma jol menen na`sliden na`silge tayar halında beriledi, biraq sonday bolıwına qaramay bul ag`ım wa`killeri insan shaxsı ha`m onın` barlıq o`zgeshelikleri «ishki nızamlılıqlar» mu`na`siybetler, yag`nıy na`sil o`zgeshelikleri negizinde maydang`a keletug`ın na`rse, biologiyalıq faktorlarg`a baylanıslı, dep aytadı.

Biogenetikalıq ta`limat, insan qa`biletlerinin` rawajlanıw da`rejesi (mısalı, imkaniyatlardın` shegarası, onın` en` joqarı nuqtası) tag`dir ta`repinen belgilenip qoyılg`anlıg`ı, oqıwshı imkaniyatları ha`m qa`biletlerin arnawlı testler ja`rdeminde anıqlap, onnan son` ta`lim protsessin onın` na`sillik ta`repinen belgilengen rawajlanıw da`rejesine sa`ykeslendiriw, olardın` aqılıy talant da`rejelerine qarap tu`rli da`rejelegi mekteplerde bilim alıwı za`ru`r dep aytadı.

Mısalı, bul bag`dar ta`repdarlarınan, amerikalik psixolog E.Pyurndayx oqıwshılardın` «ta`biiy ku`shleri» ha`m «tuwma qa`siyetler» psixikalıq rawajlanıwdın` jetekshi faktorı etip ko`rsetip, ortalıqtın`, ta`lim-ta`rbiyanın` ta`siri-ekinshi da`rejeli, dep aytadı.

Avstraliyalik psixolog K.Byuler balalardın` tek g`ana aqılıy rawajlanıwına emes, al a`dep-ikramlılıq rawajlanıwı ha`m na`sillik ta`repinen belgilengen, dep aytadı.

Amerikalik pedagog ha`m psixolog Dj.D`yui – insan ta`biyatın o`zgertirip bolmaydı, adam na`sillik quralında payda bolg`an mu`ta`jlikleri ha`m psixikalıq o`zgeshelikleri menen tuwıladı. Bul mu`ta`jlilikler ha`m psixikalıq o`zgeshelikler ta`rbiya protsessinde payda bolıp, geyde o`zgeriwi, ta`rbiyanın` bolsa mug`darın belgilep beriwshi da`reje, dep esaplaydı.

Venalık vrach-psixolog Z.Freyd usı ag`ım wa`kili sıpatında shaxstın` aktivligin, onı ha`reketke keltiriwshi ku`shlerdi to`mendegi ta`rizde tu`sindiriwge umtılg`an. Adam o`zinin` a`yyemgi haywan sıpatındag`ı a`wladlarınan na`sil jolı menen o`tken instinktiv uqıplılıqlardın` payda bolıwı sebepli aktiv boladı. Z.Freydtin` pikirine ko`re, instinktiv uqıplılıqlar tiykarınan jınsıy instinktler formasında payda boladı. Z.Freyd, shaxstın` aktivligin da`slep jınsıy ukıplılıqlar menen baylanıstıradı. Biraq instinktiv uqıplılıqlar ja`miyette tap usı haywanat a`lemindegidey erkin payda bola bermeydi. Ja`miyettegi ja`ma`a`t o`miri adamdı, ondag`ı bar bolg`an instinktiv uqıplılıqlardı (yag`nıy jınsıy uqıplılıqlardı) ju`da` ko`p ta`repten sheklep qoyadı. A`qibetinde adam o`zinin` ko`p instinktleri ha`m uqıplılıqların basıwg`a, tormozlawg`a ma`jbu`r boladı. Onın` ta`limatına ko`re, tormozlang`an instinkt ha`m uqıplılıqlar jog`alıp ketpeydi, al bizlerge belgisiz bolg`an sanasızlıq da`rejesine o`tkerilip jiberiledi. Sanasızlıq da`rejesindegi bunday instinktler ha`m uqıplılıqlar ha`r tu`rli «kompleksler»ge birlesedi, nagız insan shaxsı aktivliginin` haqıqıy sebebi a`ne usı «kompleksler»din` payda bolıwı. Z.Freydtin` ta`limatınan, onın` ashıqtan-ashıq biologiyalıq en` jaydırıwshısı ekenligi, insan shaxsının` aktivligin jınsıy uqıplılıqlardan ibarat ekenligi haqqındag`ı teoriyası ilimiy tiykarg`a iye emesligin aytıw mu`mkin.

Bunday ta`limatlardan, a`sirese din wa`killeri ken` paydalanıp, insannın` tag`diri a`ne sol ilimler menen tıg`ız baylanıslı dep aytadı.

İnsan shaxsının` payda bolıwın u`yreniw dawamında ju`zege kelgen ja`ne bir ta`limat-sotsiogenetikalıq kontseptsiya - qa`biletlerdin` rawajlanıwın tek g`ana aynala-a`tiraptag`ı ortalıqtın` ta`siri menen tu`sindiredi. Bul bag`dar o`zinin` zamanı ushın aldın`g`ı esaplang`an XVIII a`sir frantsuz alımı K.Gel`vetsiy ta`limatınan baslang`an. K.Gel`vetsiydin` ta`limatına ko`re, barlıq adamlar aqılıy ha`m a`dep-ikramlı rawajlanıwı ushın tuwılıwdan-aq bir qıylı ta`biiy imkaniyatqa iye boladı. Sonın` ushın adamlardın` psixikalıq o`zgesheliklerindegi parıq tek g`ana

ortalıq ha`m ta`rbiyanın` tu`rlishe ta`sir etiwi menen payda boladı, dep tu`sindiriledi. Bul teoriya adamlardın` psixikalıq, ruwhıy, a`qibette ja`miyetlik ten`sizligi olardın` tuwma o`zgeshelikleri degen ta`limatqa qarsı qaratılg`an edi. Bul teoriyanın` shet el ma`mleketlerdegi ha`zirgi tu`rli wa`killeri psixikanın` rawajlanıwında ja`miyetlik ortalıqtın` ayrıqsha da`rejede za`ru`r roli bar ekenligin ko`rsetedi.

İnsan shaxsının` payda bolıwın u`yreniw dawamında ju`zege kelgen sotsiogenetikalıq kontseptsiya pa`nde eksperimentlerdin` rawajlanıwı menen baylanıslı. Belgili XVII a`sirdin` aqırı ha`m XVIII a`sirdin` baslarında ta`biiy pa`nler tez pa`t penen rawajlana basladı. Sol waqıtta ha`mmenin` dıqqat-itibarı ta`jiriybege qaratılg`an edi. Bul qublıs insan shaxsının` payda bolıwı ma`selesine ha`m ta`sir etpey qalmadı.

Sotsiogenetikalıq kontseptsiya wa`killeri insannın` pu`tin rawajlanıwı, sonın` menen birge jeke o`zgesheliklerdin` payda bolıwı tiykarınan ta`jiriybege baylanıslı. Bul teoriyada shaxste ju`z beretug`ın o`zgerislerdi ja`miyettin` du`zilisi, ja`miyetlesiw usılları, a`tirapındag`ı adamlar menen o`z-ara qarım-qatnas quralları mu`na`siybetler tu`sindiriledi. Bul ta`limatqa ko`re insan biologiyalıq tu`r sıpatında  tuwılıp, o`mirdegi ja`miyetlik sha`rt-sharayatlardın` tikkeley ta`siri astında shaxsqa aylanadı.

Mısalı, angliyalik alım Djon Lokk dun`yag`a kelgen jan`a  bo`bek balanın` ruwhın tap-taza taxtag`a  uqsatadı. Onın` pikirinshe, balanın` tap-taza taxta ta`rizindegi ruwhına nelerdi jazıw tikkeley u`lken adamlardın`  ıqtıyarında. Sonın` ushın balanın` qanday adam bolıp jetilisiwi, yag`nıy onda qanday shaxsıy pazıyletlerdin` payda bolıwı bala o`mirden alatug`ın ta`jiriybege, basqalar menen qarım-qatnas protsessinde alatug`ın o`mirlik tu`sinik ha`m sa`wlelerge baylanıslı, dep aytadı.

Bul analiz etilgen ha`r eki bag`dardın`  ua`killeri, o`z ma`plerinin` sırtqı ta`repten bir-birine qarama-qarsı bolıwına qaramay, insannın` psixikalıq o`zgesheliklerin ya na`sillik, biologiyalıq faktorlar ta`siri astında, yamasa o`zgermes ortalıq ta`sirinde a`welden belgilengen ha`m o`zgermes na`rse, dep aytadı.

Belgili, odam shaxs sıpatında  ha`r dayım qanday da iskerlikti rawajlandıradı, onın` aktivligi ju`zege shıg`adı. Egerde haywanlar aynala-a`tiraptag`ı sırtqı ortalıqqa passiv maslasıp, o`mir iskerliklerinde ta`biyattag`ı, yag`nıy sırtqı ortalıqtag`ı tayar na`rselerden paydalansa, adam bolsa aynala-a`tiraptag`ı sırtqı ortalıqqa aktiv ta`sir ko`rsetip, onı o`z erkine  boysındıradı, ha`mde o`zgertip, o`z mu`ta`jliliklerin  qandırıwg`a xızmet etedi.

Baqlawlar protsessida sol na`rse belgili boldı, adamdag`ı tuwma, na`sillik mexanizmleri onın`, psixikalıq rawajlanıwına ta`sir ko`rsetedi, biraq onın` mazmunın ha`m, jeke pazıletlerin ha`m belgilep bere almaydı. Aytıp o`tiw za`ru`r, ortalıq ha`m bala psixikasının` rawajlanıwında belgili rol` oynaydı. Tek g`ana bunın` ushın balanı oqıp atırg`an insanlardın` ta`siri na`tiyjesinde bala a`ne usı ortalıqtı aktiv ra`wishte u`yrenip alıwı, ta`biiy boladı.

Pedagogikalıq psixologiyanın` tanıqlı wa`kili V.A.Krutetskiy insannın` ontogenetikalıq ka`milligin to`mendegi basqıshlardan ibarat ekenligin aytadı:

1. Shaqalaqlıq (tuwılg`anınan 10 ku`nlikke shekem);
2. Bo`beklik (10 ku`nlikten  1 jasqa shekem);
3. Erte balalıq (1 jastan  3 jasqa shekem);
4. Mektepke shekemgi da`wir (3 jastan 5 jasqa shekem);
5. Baqsha jası (5 jastan 7 jasqa shekem);
6. Kishi mektep jası (7 jastan 11 jasqa shekem);
7. O`spirimlik (11 jastan 15 jasqa shekem);
8. Erte o`spirimlik yamasa  u`lken mektep jası (15 jamtan 18 jasqa shekem).

Joqarıdag`ı klassifikatsiya puxtalıg`ınan, olarg`a qanday ko`z-qarastan jantasılg`anlıg`ına qaramastan insan ka`milligin tolıq ta`riyplep beriwge a`zzizlik etedi.

Usı teoriyalar insannın` shaxs sıpatında  qa`liplesiwi basqıshları haqqında ko`pbirek belgilep beredi. Olarda jaslıq, jetiskenlik, g`arrılıq da`wirlerinin` o`zgeshelikleri, nızamlılıqları haqqında teoriyalıq ha`m a`meliy mag`lıwmatlar jetispeydi. Sog`an qaramay olar orta mektep pedagogikalıq psixologiya pa`ni ushın ayrıqsha a`hmiyetke iye.

Ha`zirgi zaman psixologiyasının` iri wa`kili A.V.Petrovents insan ka`milligine shaxstın` payda bolıwına ja`miyetlik-psixologiyalıq ko`z-qarastan jantasıp, shaxstın` qa`liplesiwi to`mendegi basqıshlarda a`melge asırılıwın aytadı:

1. Erte balalık (Mektepke shekemgi ta`rbiya jasınan aldıng`ı da`wir) – tuwılg`anınan 3 jasqa shekem.
2. Baqsha da`wiri – 3 jastan 7 jasqa shekem.
3. Kishi mektep jas da`wiri – 7 jastan 11 jasqa shekem.
4. Orta mektep jası (o`smirlik) da`wiri – 11jastan 15 jasqa shekem.
5. Joqarı klass oqıwshısı (erte o`spirimlik) da`wiri – 15 jastan 17 jasqa shekem.

A.V.Petroventstin` klassifikatsiyası quramalı bolsa-da, ka`milliktin` aralıq basqıshların, olardın` o`zine say o`zgesheliklerin ta`riyplemeydi. O`siw ja`miyetlik qag`ıydalarg`a muwapık pa yamasa kerisinshe me, qanday bolıwna qaramastan, ha`r eki bag`dardın` ha`m aralıq bag`darı bolıwı itimaldan awlaq emes.

Belgili, ha`r bir jas da`wir, o`zine say o`zgeshelikler menen belgilenedi, bularg`a: shan`araqta ha`m mektepte bala jag`dayının o`zgeriwi, ta`lim ha`m ta`rbiya formalarının` o`zgeriwi ha`mde balanın` jan`a iskerlik tu`rleri, organizmindegi ayrım o`zgesheliklerdin` jetilisiwi sıyaqlı protsesslerdi kiritiw mu`mkin.

Mine usı mu`na`siybet penen ha`zirgi psixologiyada jas da`wirlerin usı ko`z-qarastan klassifikatsiyalaw maqsetke muwapıq:

1. Erte balalık da`wir – tuwılg`anınan 3 jasqa shekem;
2. Baqsha da`wiri – 3 jastan 6,7 jasqa shekem;
3. Kishi mektep jas da`wiri – 6,7 jastan 10,11 jasqa shekem;
4. Orta mektep jası (o`smirlik da`wir) – 10,11jastan 14,15 jasqa shekem;
5. Erte o`spirimlik (kolledj ha`m litsey oqıwshıları) – 14,15 jastan 17,18 jasqa shekem.

Ulıwma psixologlar ta`repinen jas da`wirlerin klassifikatsiyalawdın` puxta ilimiy-metodologiyalıq negizge iye bolg`an bir qatar teoriyaları islep shıg`ılg`an. Ha`zirgi ku`nde olar ontogenetikalıq nızamlılıqlardı ashıp beriwde u`lken u`les qosıp, onın` teoriyalıq ha`m a`meliy mashqalaların sheshiwde za`ru`r orın iyelep kelmeqte. Biraq, ha`zir ontogenezdi tolıq ashıp beriwge xızmet etetug`ın teoriyasın jaratıw za`ru`rligi bar.

A'debiyatlar

1. Nemov R. S. «Psixologiya» T. 1.M. 1998.
9. Gamezo A. «Atlas po psixologii» Moskva 2001y.
10. Karimova V. M. «Psixologiya» T.Sharq 2002y.
11. Abramova G.S. Vozrastnaya psixologiya: Uchebnoe posobie dlya studentov vuzov.-M., “Izd-vo”2000.- 621s
12. Nemov R.S. Psixologiya. Ucheb.posobie dlya studentov vыssh.ped.ucheb.zaved. V 2 kn. Kn 2. Psixologiya obrazovaniya. –M., “Izd-vo”1994.-496s
13. Zimnyaya I.A. Pedagogicheskaya psixologiya: Uchebnik dlya vuzov. –M., “Izd-vo”2002.-384s
14. Ivanov P.I., Zufarova M. «Umumiy psixologiya» T., 2008 yil
15. Xaydarov F.I., Xalilova N.I. «Umumiy psixologiya» T.: TDPU 2010 yil

**4-tema: Ta`lim protsessin basqarıw. Ta`lim ha`m aqılıy rawajlanıw. Ta`limli individuallastırıw**

**Reje:**

1. Ta`limdi ha`m bilimlerdi o`zlestiriwdi basqarıw mashqalaları ha`mde imkaniyatları
2. Basqarıwdın` metodologiyalıq ha`m teoriyalıq tiykarları
3. Shet el psixologiyasında ta`lim ha`m rawajlanıw mashqalaları
4. Oqıw tipleri ha`m olardın` o`zine say o`zgeshelikleri
5. Ta`limdi individuallastırıwda diagnostikalıq metodikalardan paydalanıw

Ta`lim – ju`da` ken` ma`niske iye bolıp, ol bilim, ko`nlikpe ha`m uqıplılıqlardı o`zlestiriw, u`yreniw, u`yretiw protsessi. Bul ta`riyp ha`zirgi zaman ta`limi ushın jeterli emes. Sebebi ha`zir g`a`rezsizlik da`wirinde ta`lim o`zinin` mazmunı menen oqıwshılarg`a bilim, ko`nlikpe ha`m uqıplılıqlar beriw menen birge, oqıwshılardı ha`zirgi zaman ruwhında milliy kadrlar, ja`han ma`deniyatı ha`m ag`artıwshılıg`ının` aldın`g`ı ideyalarınan paydalanıp ta`rbiya beriwshi, bala shaxsın rawajlandırıwshı, onı o`z betinshe pikirlewge u`yretiwshi, ilimiy tu`sinik ha`m izleniwlerge uqıplı ta`lim ha`m bolıp tabıladı.

Ta`lim eki ta`repleme protsess:

1-den, oqıwshı ta`repinen orınlanatug`ın, basqarılatug`ın;

2-den, oqıwshı ta`repinen orınlanatug`ın protsess.

Demek, ta`lim protsessi u`yreniw ha`m u`yretiw, u`yrenip alıw ha`m onı o`mirge engiziw o`zgesheligi menen ta`riyplenedi.

U`yreniw (oqıtıw) – bul oqıtıwshının` oqıwshılarg`a bilim, ko`nlikpe ha`m uqıplılıqlar beriw, olarda jan`a haqıyqattı ashıwg`a imkaniyatı bolg`an do`retiwshilik, logikalıq oylawdı ta`rbiyalaw demek.

U`yreniw – bul oqıwshılardın` oqıtıwshı ta`repinen berilgen bilimlerdi, qabıl etiw protsessi, o`zlerinde biliw qa`biletlerin, pikirlew operatsiyaları ha`m ha`reketlerdi payda etiw protsessi. Bul passiv baqlaw protsessi emes, al oqıtıwshı ta`repinen oqıwshılarg`a beriletug`ın bilim ha`m uqıplılıqlardı aktiv ra`wishte qayta islew protsessi.

U`yreniwdin` tiykarg`ı negizi sonda, bunda – oqıw protsessinde oqıwshılar o`z betinshe ra`wishte bilim ala biliw ha`m bul bilimlerden paydalana alıw ko`nlikpesin o`z ishine alıwshı aqılıy ha`m fizikalıq miynet elementlerin o`zine sin`diredi.

Ta`limnin` jetiskenlikli oqıw materiallarının` mazmunına g`ana, ta`lim usıllarına g`ana emes, al ol ko`p ta`repten oqıwshının` qanday oqıp atırg`anlıg`ın biliwge, yag`nıy oqıwshının` jas o`zgesheliklerine, aqılıy rawajlanıwı ha`m aktivligine muwapıq uqıplılıqlardı o`zlestiriw protsessinin` psixologiyalıq tiykarların biliwge ha`m baylanıslı.

Oqıw protsessi – oqıwshının` o`zine say o`zgesheliklerine ha`m, onın` psixikalıq rawajlanıwının` (aqılıy, emotsional, erklilik ta`repten) jeke minezlemesine, onda oqıwg`a qarag`anda qarar tapqan mu`na`siybetlerine, onın` qızıg`ıwshılıg`ına baylanıslı. Basqasha etip aytqanda, ta`lim protsessi oqıwshıg`a neni ha`m qanday etip o`zlestiriwdin` a`piywayı bir qıylı na`tiyjesi emes, yag`nıy sırttan ta`sir etetug`ın sha`rt-sharayatlardın` a`qibeti emes, al oqıwshının` jeke psixologiyalıq o`zgesheliklerine baylanıslı ra`wishte a`melge asırıladı.

Ta`limdi do`retiwshilik penen o`zlestiriw, u`yreniw, bilim iyellew 3 faktorg`a:

1. Neni oqıtıwg`a;
2. Kim oqıtadı ha`m qanday oqıtıwg`a;
3. Kimdi oqıtıwg`a baylanıslı.

1-jag`dayda: oqıtıw xarakteri o`zlestirilip atırg`an materiallarg`a, onın` mazmunına ha`m qanday sistemada jetkerip berilip atırg`anına baylanıslı.

2-jag`dayda: a) oqıtıwshının` metodikalıq sheberligine; b) is ta`jiriybesine; g) onın` bilimine baylanıslı;

3-jag`dayda: a) kimdi, qanday oqıwshını oqıtıwg`a; b) psixikalıq rawajlanıwıdın` jeke minezlemesine; v) qızıg`ıwshılıg`ına baylanıslı.

U`yreniw – bilimlerdi o`zlestiriw informatsiya alıw, este saqlaw ha`m onı an`lap qalıw g`ana emes, al bilimlerdi keyin, oqıw isinde sonday-aq, miynet protsessinde, ulıwma turmısqa engiziw qa`biletine iye bolıw.

Bilimlerdi u`yrenip alıw, onı o`zlestiriw to`mendegi psixologiyalıq komponent mu`na`siybetlerinde boladı:

1. Oqıwshılardın` oqıwg`a do`retiwshilik mu`na`siybette bolıwı;
2. Material menen tikkeley tanısıw protsessi;
3. Alıng`an materialdı aktiv ra`wishte qayta islew protsessi bolg`an pikirlew (oylaw)
4. Qabıl etilgen ha`m islep shıg`ılg`an axborottı eske alıp qalıw ha`m este saqlaw protsessi.

Eger oqıwshıda o`zlestiriwdin` a`ne sol komponentlerin (quramlı bo`leklerin) esapqa alıp ta`lim berilse, ha`r bir komponentte ta`limdi o`zlestiriw protsessine itibar berilse, oqıwshı onı jetiskenlikli o`zlestiredi.

U`yreniw – jol-jo`nekey, tosattan ha`m rejeli bolıwı mu`mkin. Jol-jo`nekey u`yreniw – tu`rli material ha`m informatsiyalardı ha`r tu`rli sharayatda u`yreniw. Bunda oqıwshı materialdı izleniwler, ko`p kitaplardı dıqqat penen u`yrenedi. Bunday u`yreniw insan o`mirinin` tu`rli iskerlikleri dawamında ju`z beredi.

Rejeli u`yreniw bolsa materiallardı ha`r dayım reje mu`na`siybetler, maqsetke qaratılg`an iskerlik arqalı u`yreniw demek. Sonın` ushın ha`m u`yreniw – iskerlik esaplanadı. U`yreniw bul stixiyalı protsess emes, al ol maqsetke qaratılg`an, rejelestirilgen protsess. U`yreniw – materialdı o`zlestiriw – bul sanalı protsess. Sonın` ushın ol aktiv protsess ha`m. Sebebi oqıwshı oqıtıwshı ta`repinen qabıl etilgen materialdı o`zinin` ta`jiriybesine, o`mirge baylanıstırıw menen waqıyalıqqa sanalı mu`na`siybette boladı.

U`yreniw protsessi oqıtıwshı shaxsına, onın` pedagogikalıq iskerligine qanday tayyarlıg`ına, o`0z bilimlerin oqıwshılar sanasına jetkerip beriwine onda oqıwshılardın` o`zgesheliklerin esapka alıwg`a, ta`limdi o`mirge ha`m balalar ta`rbiyasına baylanıstırıp alıp barıwg`a baylanıslı. Demek, u`yreniwdin` ha`r eki ta`repleme protsessi ekenligi, ol oqıwshı ha`m oqıtıwshı iskerligin basqarıwdı talap etedi.

2. Oqıwshılardın` biliw iskerligin basqarıw, ta`lim protsessin basqarıw – pedagogikalıq psixologiyanın` sheshiliwi lazım bolg`an ma`selelerden biri.

Ko`pshilik psixologlar ta`lim protsessin, yag`nıy oqıwshılardın` biliw iskerligin basqarıw qıyın dep aytadı. Biraq onı pu`tinley basqarıp bolmaytug`ın protsess dep aytıw tuwrı emes. Sebebi bul anıq maqsetti ko`zlep ta`lim beriw ideyasına qarsı keledi. Biraq, oqıtıwshı ta`limdi sho`lkemlestiredi, og`an basshılıq etedi, onı a`melge asıradı dep aytıw ha`m oni basqarıladı degen ma`nisti bermeydi. Sebebi bizler basqarılatug`ın ta`lim dep sonday ta`limdi aytamız, bunda ha`r bir balanın` ha`reketleri qadag`alanıwı, oqıtıwshı ta`limnin` ha`r bir basqıshında oqıwshılardı bilimlerdi o`zlestiriwdi yamasa belgili ko`nlikpe ha`m uqıplılıqlardı payda etiw haqqında u`zliksiz axborot alıp ha`m jan`a materiallardı ha`mde o`tilgen materiallardı o`zlestirilgenligi xarakterine qarap ko`rsetiliwi lazım. Oqıtıwshı ta`lim protsessinde oqıwshılardın` bilimlerin o`zlestiriw protsessin ha`m aqılıy rawajlanıwının` barıwın ha`mme waqıt ha`m qadag`alay almaydı. Bul ha`zirgi ta`lim protsessinin` kemshiligi.

Ja`han psixologlarının pikirinshe, bilimlerdin` basqarılıwın mu`mkin bolg`an jolı – o`zlestiriw protsessi berilgen tapsırmanın` o`zlestiriw protsessi sıpatında arnawlı sho`lkemlestiriw bolıp tabıladı. Bul tarawda jaqsıraq islengen sistema P.Ya.Gal`perinnin` aqılıy ha`reketlerin etap (basqıshpa-basqısh) boyınsha payda etiw teoriyasına tiykarlang`an ta`lim sisteması. Bul teoriyag`a muwapıq, adamnın` ontogenetikalıq rawajlanıwındag`ı ha`reketler interiorizatsiyası degen protsessler, yag`nıy sırtqı ha`reketlerdin` a`ste-aqırın` ishki aqılıy ha`reketlerge aylanıwı protsessleri ju`z beredi. Da`slep oqıwshılar sırtqı materiallıq ha`reket penen is qo`redi «tek g`ana sonnan keyin g`ana ha`rekettin` integratsiyası: yag`nıy onın` ishki ha`reketke, endi pu`tinley balanın` aqılında ju`z beretugın ha`reketke aylanıwı ju`z beredi», dep jazadı A.N.Leont`ev. Ta`lim protsessin basqarıwda P.Ya.Gal`perinnin` o`zlestiriw protsessin arnawlı sho`lkemlestiriw, ta`limdi etaplar mu`na`siybetleri sho`lkemlestiriw teoriyası za`ru`r.

Bul etaplar to`mendegishe:

I – basqısh – Balag`a o`zlestiriw ushın jol-jobalar ko`rsetilmeydi.

II – basqısh – O`zlestiriw ushın jol-jobalar ko`rsetiledi ha`m oqıwshı onı orınlawg`a kirisedi.

III – basqısh – Materiallıq ha`reket basqıshı bolıp, bunda ha`reket ya predmetlerde yamasa olardın` suwretlerinde (sxema, sızbalar, maketler ha`m t.b.) alıp barıladı, olar na`rseler menen salıstırıladı.

IV – basqısh – Keyin usı ha`reketlerdin` o`zin na`rselerge su`yenbey ba`lent dawıs (so`z) quralında orınlanadı.

V – basqısh – ba`lent dawıs quralında ha`reket etiwdi ishki rejege ko`shiriw – bul tap sol sırtqı so`ylewdin` o`zi, biraq «o`z ishinde ha`reket etiw» bolıp tabıladı.

VI – basqısh – ishki so`ylewdegi «o`zi ushın» ha`reket bo`legi.

Aqılıy ha`reketlerdi basqıshpa-basqısh payda etiw usı protsess qaysı sha`rt ha`m usıllar ja`rdeminde payda bolg`an bolsa, a`ne sol sha`rt ha`m usıllar sisteması ta`repinen determinlastırılg`an eken, bul olardı iyelew, basqarıw mu`mkin ekenligin an`latadı. P.Ya.Gal`perin basshılıg`ında o`tkerilgen izertlewler pikirlew ha`reketlerin ko`rsetip o`tilgen printsip boyınsha payda etiw ta`lim protsessin na`tiyjeli basqarıw imkoniyatın beredi.

2. İnsannın iskerlik protsessi adamnın` o`zin qorshap alg`an ob`ektiv dun`yag`a aktiv mu`na`siybette bolıwdın` en` za`ru`r formalarınan biri. Usı iskerlik sıyaqlı adam menen sırtqı dun`ya ortasında real baylanıs a`melge asadı.

Pedagogikalıq psixologiya oqıw jag`daylarının tiykarg`ı formaların oyın, eliklew, miyxnet, ta`kirarlaw ha`m este saqlaw, sınap ko`riw ha`m jag`daylardı anıqlaw, shınıg`ıw ha`m oqıw wazıypaların sheshiw, o`z betinshe pikirlew, sonday-aq, sezimlik baylanıs etiw, na`rselerdi qol menen ha`reketke keltiriw rolli oyınlar, oqıw professional iskerlik sıyaqlılar menen belgileydi. Bulardın` ha`mmesi ta`limdi jetiskenlikli o`zlestiriwge, u`yreniw iskerligin jenillestiriwge, jan`a bilimler haqqında teren` sa`wleler qaldırıwg`a, olardı yadta uzaq waqıt saqlap turıw ha`m kerek waqıtta eske tu`siriwge ja`rdem beriw tiykarg`ı faktorlardan esaplanadı.

Oyın balalardın` do`retiwshilik iskerligi bolıp, aynala-a`tirapg`ı o`mirdegi waqıyalardı tap o`zindegidey emes, al onı o`zinshe sa`wlelendiriw, geybir na`rselerdi o`zlestiriw, o`zinde oylap shıg`arıw protsessi. Balalar oyınlarda qıyal swredi, do`retiwshilik etiw elementleri ko`rinedi, pikir ju`ritedi, olardı o`z so`zinde bayan etiw arqalı rawajlanadı.

Miynet iskerligi oqıwshı shaxsına ha`r ta`repleme ta`sir etedi. Ha`r ta`repleme rawajlanıw shaxstı ta`rbiyalawdın` tiykarg`ı sha`rti, shaxstın` sanalı aktivligi. Miynette oqıwshı shaxsının` minezi ham erki ta`rbiyalanadı, baqlawshılıg`ı, dıqqatı rawajlanadı. Miynet iskerligi oqıwshılarda zatlardın` o`zin ha`m olardın` formaların, ha`reketlerin aralıqtı ha`m basqalardı este saqlaw menen baylanıslı. Adamnın` sanalı ha`m maqsetke qaratılg`an miynet iskerligi ha`r waqıt belgili motivlerdin` bolıwın talap etedi. Miynet iskerliginde motivler adam mu`ta`jlilikleri sebepli payda boladı. Oqıwshılardın` oqıw iskerligine qızıg`ıwshılıqları ol yamasa bul pa`ndi o`zlestiriwi, umtılıwı, bilimlerin keneytiw ha`m belgili motivler mu`na`siybetleri boladı.

Oqıw iskerligi protsessindn oqıw, u`yreniw motivi o`zgeredi ha`m payda boladı. Oqıw iskerligi da`slepki jıllarda oqıwshı u`yde onı urıspawları ushın, jaqsı baha alıw maqsetinde oqıwı mu`mkin. Orta mektep jıllarında oqıw predmetlerine differentsial qızıg`ıwshılıq payda boladı ha`m sol tiykarda pa`n mashqalalarına qızıg`ıwshılıq ju`zeki keledi ha`m na`tiyjede o`smirlerde bilimge bolg`an qızıg`ıwshılıqların qandırıwg`a qaratılg`an bilimlerdi iyelew motivleri payda boladı.

Belgili 1997 jıl 29-avgustda «Bilimlendiriw haqqındag`ı Nızam» qabıl etildi. Onın` II babında ta`lim sisteması ha`m onın` tu`rleri anıq ko`rsetip beriledi. Og`an muwapıq, ta`lim o`z Ma`mleket tili, da`sturi ha`m ta`lim ma`kemeleri menen belgilenip, ol bir ha`m u`zliksiz ta`lim sisteması. «Bilimlendiriw haqqındag`ı n`ızam»g`a muwapık, balalar jaslıg`ınan baslap islep shıg`arıw protsessinde ha`m ta`lim alıw huqıqına haqıqısı bar. O`mirinin` aqırına shekem ha`m insan waqıyalıqtı tınbay u`yrenip baradı. Ta`lim tu`rleri mektepke shekemgi ta`lim, ulıwma ha`m orta ta`lim, orta arnawlı ta`lim, joqarı ta`lim, joqarı oqıw ornınan keyingi ta`lim,

qa`nigeligin asırıw, mektepten tısqarı ta`lim menen ta`riyplenedi. Bul ta`lim sisteması jaslarg`a bilim, ko`nlikpe ha`m uqıplılıqqa iye bolıw menen kalmastan, al olardın` ka`mil insan bolıp jetilisiwi sıyaqlı ullı wazıypalardı orınlaydı. Oqıwshılar bilimi o`mir ta`jiriybeleri menen baylanısqan bolıwı lazım. Pa`n tiykarların o`mir menen, bekkem baylanıstırıp u`yreniw, onı islep shıg`arıw miyneti menen qosıp alıp barıw talap etiledi. Sonda g`ana oqıwshılar bilimlerin asırıw ha`m bayıtıw ushın, oqıwshı shaxsının` payda bolıwı ushın u`lken imkaniyatlar payda boladı. Oqıw ha`rketleri ha`m u`yretiwshi ha`reketler oqıwshını teoriyalıq alg`an bilimlerin a`meliyatqqa engiziwde, tikkeley islep shıg`arıw menen baylanıslı bolıwda u`lken a`hmiyetke iye ha`m balanı keleshek o`mirge, iskerlikke, ka`sipke tayyarlaydı.

4. Ta`lim protsessin jetiskenlikli sho`lkemlestiriw og`an ta`sir etiwshi faktorlarg`a ha`m baylanıslı. Bul faktorlar ishki ha`m sırtqı faktorlar.

İshki faktorlarg`a – dıqqat ha`m ustanovkalar kiredi. Yag`nıy ta`lim protsessinde oqıtıwshının` oqıwshılar dıqqatın sho`lkemlestiriwi, olardı tu`rli jag`daylarında tu`rli dıqqat o`zgesheliklerinen paydalana alıw, dıqqattın` turaqlı ha`m ıqtıyarlı o`zgesheliklerin qa`liplestiriwdegi usıllardan paydalanıp oqıwshı dıqqatın rawajlandırıp barıw. Sonday-aq, oqıwshılardı ha`m o`zine qaratıw, o`zlestiriwge qıynalatug`ın, dıqqatı tarqoq oqıwshılar menen o`z-ara mu`na`siybetler ornatıw ta`lim jetiskenligin belgileydi.

Bala ha`r qanday ta`lim protsessinde ha`m, ol balanı qızıqtıradıma, zeriktiredime og`an qaramay, da`stur mazmunın iyellewge tayar turıwları ko`p ta`repten oqıtıwshı shaxsına baylanıslı.

Sonday-aq, ishki faktorlarg`a oqıwshının` erinshekligi, jumıs jaqpaslıg`ı, o`z erkin sho`lkemlestire almaslıg`ı, uqıplılıg`ının` pa`sligi ha`m kiredi.

Sırtqı faktorlarg`a oqıw materiallarının` mazmunı ha`m formasın maqsetke bag`darlaw da`rejesi, oqıwshının` bir klassta eki jıl qalıwı, bir mektepten ekinshisine ko`ship o`tiwi, oqıtıwshılardın` o`zgerip turıwı ha`m olardı oqıw protsessine mu`na`siybeti, oqıwshını kesel bolıp qalıwları kiredi. Bular oqıwshılardı bilimlerdi o`zlestiriwi ha`m onı ug`ıp alıwg`a ta`sir etedi ha`m ha`tteki o`zlestiriw protsessinin` pa`seyiwine sebep boladı.

Ta`lim mazmunın tolıq ha`m teren` o`zlestiriwde ta`kirarlaw za`rur a`hmiyetke iye. Bunın` ushın ta`kirarlaw anıq bir maqsetke qaratılg`an bolıwı, ol sanalı yag`nıy anglang`an bolıwı, ta`kirarlaw materialdı esten shıg`armastan aldın bolıwı, ta`krarlawda assotsiatsiya nızamlılıqlarına a`mel etip, materialdı bir-birine baylanıstırıp ta`kirarlanıwı, qıyın materiallardı en` za`rur o`zgesheliklerin ajıratıp, onı da`ptergea jazıp yamasa astın sızıp ta`kirarlaw za`rur. En` tiykarg`ısı ta`kirarlang`an materialdı sanada qayta ja`mlep shıg`ıw. Bunda oqıp u`yrenilgen material yotish oldidan yamasa basqa shınıg`ıwlar menen shug`ıllanıw protsessinde onı ishinde ta`kirarlap shıg`ılsa o`zlestirilgen ha`m o`zlestirilmegen material anıq bilip qaladı ha`m oqıwshı o`zlestirmegen materialdı kitaptı ashıp oqıp alsa ol material onın` bilim baylıgına aylanadı.

Ta`kirarlawda yad alıwdı sho`lkemlestiriw ha`m a`hmiyetli. Yad alıw xronologiyalıq sa`nelerdi, formula ha`m qag`ıydalardı biliwde bolıwı mu`mkin. Biraq materialdı yad alıwda onın` mazmunına ayrıqsha itibar beriw lazım. Eger yad alınıp atırg`an materialdın` mazmunına tu`sinip, onı bir-birine baylanıstırıp oqıp alıwg`a itibar berilmese, onday jag`dayda yad alıng`an material tezlik penen umıtıladı yamasa oqıwshıdan baha alaman degenshe jetedi ha`m keyin esinen shıg`adı.

Oqıtıwshı oqıwshılardı oqıw materiallardı o`zlestiriwlerinde bug`an a`lbette itibar beriwleri lazım.

Sonın`day-aq, ta`lim protsessinde oqıtıwshı bergen jan`a bilim ha`m informatsiyalardı oqıwshılar ta`repinen o`zlestirilgenliklerin biliwde ta`limdegi ta`kirarlawg`a baylanıs za`rur. Ta`kirarlaw baylınıs protsessi ha`mme protsesslerden ha`m a`sirese jan`a temalardı bekkemlew yamasa o`tilgen temanı ta`kirarlaw protsessinde boladı. Oqıtıwshı klass oqıwshıların o`zlestirgen jan`a tema mazmunın anıqlawda tema boyınsha ko`plep mayda sorawlar beriw ha`m kartochkalar tarqatıw arqalı a`melge asırıw mu`mkin. Ta`kirarlaw baylanıs arqalı temanı mazmunın qanday o`zlestirip alg`anın anıqlaw ha`m ol keleshek temanı jetiskenlikli o`zlestiriw girewi boladı.

Bilimlerdi o`zlestirip barıw tu`rli ko`nlikpe ha`m uqıplılıqlar payda etiwge ta`sir ko`rsetedi. Ha`r qanday ko`nlikpe bilimlersiz bolmaydı. Ta`limlik ko`nlikpeler (jazıw, oqıw ha`m esaplaw u`yrenip alıw) ko`nlikpeni birinshi tu`rine kiredi. Ko`nlikpe ha`m uqıplılıqlardı ekinshi tu`rine ulıwma miynetke say bolıp, olar ka`sip-o`ner ta`limi protsessinde jetilisedi. Sonday-aq, bul ko`nlikpe ha`m uqıplılıqlar klasstan tısqarı shınıg`ıwlarda pa`nler boyınsha do`gereklerde, qol miyneti sabaqlarında: qag`azdan, kartonnan, gezlemelerden, plastilinnen, tu`rli na`rselerden tayarlaw jolı menen payda boladı. Ha`r bir oqıtıwshı ko`likpe ha`m uqıplılıqlar payda etiwdi nızamlılıqların biliwi lazım.

Ko`nlikpe, ukıplılıqlar to`mendegi nızamlılıqlarg`a tiykarlanadı.

1. wqıplılıqlar payda bolıwdag`ı tegissizlikler (yag`nıy: bunda unamlı jetiskenlikler menen birge qa`te, tuwrı emes ha`reketler ha`m islenedi). Ha`mme oqıwshılarda ha`m uqıplılıqlar bir qıylı qa`liplese bermeydi.

2. Uqıplıılqlar ko`shiwi ha`m tormozlanıwı mu`mkin. Bunda (belgileri bekkemlengen uqıplılıqlar jan`a uqıplılıqlardı payda etiwge unamlı ta`sir etedi) ha`m jan`a uqıplılıqlardı o`zlestiriwi tezlesedi.

3. Uqıplılıqlar joqarılawı ha`m pa`seyiwi mu`mkin.

Bunda shınıg`ıw u`lken rol` oynaydı. Ta`lim protsessinde bilim ha`m tu`sinikler qa`liplesip barıwı za`ru`r ma`selelerden biri.

Ha`r bir pa`nler boyınsha beriletug`ın bilim ha`m tu`siniklerdi o`zlestiriw protsessi tikkeley oqıwshılardı psixikalıq protsesslerdi rawajlanıp barıwına olarda qa`bilet ha`m qızıg`ıwshılıqlardın` qa`liplesiwine ta`sir ko`rsetiw menen birge olardı aqılıy ha`m a`dep-ikramlılıq ta`repten qa`liplesiwine ja`rdem beredi. Sebebi ulıwma mag`lıwmatlar mekteplerde pa`n tiykarları, yag`nıy o`z-ara logikalıq baylanısqan, oqıwshılardı jasına mos ha`m ta`biyat ja`miyet ha`mde oylawdın` za`rur rawajlanıw nızamlılıqların tuwrı tu`siniwge ja`rdem beriwshi pa`nnin` tiykarg`ı ta`repleri u`yreniledi. Sonın` ushın ha`m oqıw pa`nlerinin` du`zilisi da`sturler mekteptin` ta`lim -ta`rbiya wazıypalarına, oqıwshılardın` jas o`zgesheliklerine juwap beretug`ın bolıwı lazım. Sonda g`ana jas a`wladtı ha`r ta`repleme kamal tapqan shaxs etip ta`rbiyalawda u`lken a`hmiyetke iye boladı.

İlimiy tu`siniklerdi iyelew, belgili faktlerdi turmıstag`ı na`rseler arasındagı baylanıslardı qabıl etiw, olardı ta`riyplep biliw, o`z betinshe ra`wishte ulıwmalastıra alıw ha`m juwmaqlar shıg`ara biliw demek.

Baslawısh klassta ta`biyat ha`m ja`miyet turmısındag`ı qublıslar nızamlılıqlardı ashıp beriw ha`m olardı oqıwshı sanasına sin`diriw protsessinde oqıwshılardı teren` ilimiy bilimler menen qurallandırıp barıw, maqsetke muwapıq. Sonın` ushın oqıtıwshı o`z pa`nin qanshelli a`piwayı usılda bayan etpesin, ol teren` ilimiy bolıwdı talap etedi. Ta`limnin` ilimiy bolıwı haqqındag`ı talap oqıtıwshının` oqıw materialı mazmunı g`ana emes, al onın` sol materialdı ashıp beriw xarakterine ha`m oqıwshılardın` bul bilimlerdi o`zlestirip alıwlarına ha`m baylanıslı. Oqıtıwshı oqıwshılardı oylawg`a, pikir ju`ritiwge u`yretiwi za`ru`r.

U`yrenilip atırg`an waqıya ha`m zatlardı olar haqqındag`ı awız-eki axborotlardı qabıl etiw protsessi, sa`wleler, obrazlar tu`siniklerdi payda etiw protsessi belgilerdi salıstırıw, bo`leklerge ajıratıw, ulıwma ta`replerin tabıw, analiz ha`m sintezdi o`z ishine alıwshı aktiv oylaw sonı talap etedi.

Bilimlerdi o`zlestiriw, tu`sinikler payda etiw protsessi bul menen tawsılmaydı. Oqıwshılar bilimlerdi tuwrı o`zlestirgenliklerin, olar alg`an bilimlerdi jan`a waqıyalardı bilip alıwg`a qanday engiziwleri, jan`a fakt ha`m mısallardı tu`sindiriwge, jan`a ob`ektlerdin` belgili bo`leklerin tabıwg`a, a`meliy wazıypalardı sheshiwge qanshelli en` jaydırwların anıqlaw jolı menen tekseriw talap etiledi. Na`tiyjede oqıwshılar o`zlestirgen bilim ha`m tu`siniklerdin` haqıqıy ekenin tastıyıqlaydı ha`m olar sanasında payda bolıp atırg`an sa`wleler, tu`sinikler waqıyanı qanshelli tuwrı sa`wlelendiriwdi anıqlaw imkaniyatın beredi.

Oqıwshılardın` pikir ju`ritiw iskerligi arnawlı aqılıy protsess mu`na`siybetlerin a`melge asadı. Yag`nıy materialdı za`rur ha`m za`rur bolmag`an o`zgesheliklerdi anıqlaw, olar ortasındag`ı qarama-qarsılıqlardı belgilew arqalı bala o`z betinshe pikir ju`ritedi. Pedagogikalıq

psixologiyada oqıwshılardın` aqılıy iskerliginde konkretten abstrakqa – buyımlar ha`m qublıslardın` o`zin ko`riwden olar haqqında tu`sinikler payda etiwge ha`mde ta`riypler, nızamlılıqlardı o`zlestiriwge, buyımlar tu`siniklerdin` ulıwmalastırılg`an o`zgeshelikleri ha`m sıpatları haqqında abstrakt pikir ju`ritiwge o`tiw protsessi u`lken orın iyelleydi. Ta`lim protsessinde do`retiwshilik oylaw qa`liplesip baradı. Do`retiwshilik oyllaw maqsetti a`melge asırıw jolında sorawlar mu`na`siybetler («bul ne ushın sonday islengen», «bunday qılsa bolmayma?» ha`m t.b) payda boladı ha`m sorawlarg`a juwap beriwshi is-ha`reketlerdi sa`wlelendiriw ha`m oylawda rawajlanadı. Do`retiwshilik oylaw a`meliy oylaw (aynala-a`tiraptag`ı waqıyalıqtı o`zlestiriw jolı menen o`zimizge kerekli real na`rselerdi ha`m qublıslardı alıwg`a yamasa jaratıwg`a qaratılg`an oylaw) mu`na`siybetler payda boladı. A`meliy oylaw o`zine say o`zgeshelikke iye. Yag`nıy a`meliy dodalawlarda oqıwshını ob`ektlerge, belgili maqsetlerge ta`sir o`tkeriw jolı menen sol ob`ektlerge o`zgertiw mu`mkinshiligine qattı aytıladı yamasa biykar etiledi. Na`tiyjede «bunı bunday etiw mu`mkin yamasa islep bolmaydı», «bul mine mınanday islenedi» dep onı o`z dodalawlarında sa`wlelendiredi. Mekteplerde ko`binese pa`nlerdi u`yreniw ha`m onı sanaatda, awıl xojalıg`ında engiziw oqıwshılardın` do`retiwshilik oylawının` o`siwine ja`rdem beredi. Oqıwshılarda texnika oylap tabıwshılıq, sana`a`t, awıl xojalıgı ma`selelerine bolg`an qızıg`ıwshılıqlar, modeller, konstruktsiyalar jasaw, elektrotexnika menen shug`ıllanıw, dala islerinde qatnasıw sıyaqlılar do`retiwshilik oylawdın` qa`liplesiwi ha`m rawajlanıp barıwının` en` tiykarg`ı usılları.

Ha`zirgi ku`nde oqıwshılardın` biliw iskerligin aktiv, o`z betinshe, do`retiwshilik oylawdı rawajlandırıw mektep ta`liminin` en` za`ru`r wazıypalarınan birine aylanıp barmaqta. Demek, ta`limnin` tiykarı – oqıtıwshının` oqıwshılarg`a jetkeretug`ın ko`p axborotın este alıp qalıw emes, al bul axborottı alıw protsessinde oqıwshılardın` o`zleri aktiv qatnasıwı, olardın` o`z betinshe pikir ju`ritiwin, o`z betinshe bilim alıw qa`biletlerin, mag`lıwmatın asırıw qa`biletin a`ste-aqırın qa`liplestirip barıwdan ibarat bolıwı lazım.

İnsan shaxsının` psixikalıq rawajlanıwı ha`m onın` qa`liplesiwi quramalı izertlew protsessi. Sebebi, onın` o`zine say o`zgeshelikleri ha`m nızamlılıqların tiykarlı ilimiy biliw, oqıwshı shaxsına pedagogikalıq ta`repten ta`sir ko`rsetiwdin` za`ru`r sha`rti.

A’debiyatlar

1. Nemov R. S. «Psixologiya» T. 1.M. 1998.
16. Gamezo A. «Atlas po psixologii» Moskva 2001y.
17. Karimova V. M. «Psixologiya» T.Sharq 2002y.
18. Abramova G.S. Vozrastnaya psixologiya: Uchebnoe posobie dlya studentov vuzov.-M., “Izd-vo”2000.- 621s
19. Nemov R.S. Psixologiya. Ucheb.posobie dlya studentov vыssh.ped.ucheb.zaved. V 2 kn. Kn 2. Psixologiya obrazovaniya. –M., “Izd-vo”1994.-496s
20. Zimnyaya I.A. Pedagogicheskaya psixologiya: Uchebnik dlya vuzov. –M., “Izd-vo”2002.-384s
21. Ivanov P.I., Zufarova M. «Umumiy psixologiya» T., 2008 yil
22. Xaydarov F.I., Xalilova N.I. «Umumiy psixologiya» T.: TDPU 2010 yil

## 5-tema: Ta`rbiya psixologiyası Ta`rbiya metodları ha`m formaları

**Reje:**

1. Shaxstı ta`rbiyalaw metodları ha`m formaları
2. Aqılıy, estetikalıq ha`m miynet ta`rbiyası metodlarının` o`zine say o`zgeshelikleri
3. Ta`rbiyası qıyın ha`m o`zlestirmewshi oqıwshılar menen islew metodları
4. Jınsıy ta`rbiyalaw

Ta`rbiya shaxstı qa`liplestiriw maqsetine qaratılg`an ha`m onda o`mirlik isenimi ha`m sezimler, ruwhıy minez-qulıq payda etiw protsessi. «Ta`lim-ta`rbiyanı jan`a zaman talapları da`rejesine ko`teriw o`sip kiyatırg`an jas a`wladlarımızdın` jarqırag`an keleshegin garmonikalıq o`stiriw imkaniyatın jaratıw» (İ.Karimov O`zb. Res. Prezidenti, Joqarı Ma`jlisinin` IX sessiya Kadrlar tayyorlaw milliy da`sturi) ha`zirgi ku`nnin` tiykarg`ı ma`selesi.

Kadrlar tayarlaw milliy da`sturi sonı na`zerde tutadı, basqa za`ru`r ma`seleler qatarında Milliy qayta tikleniw ideologiyası ha`m ja`miyet baylıkları mu`na`siybetler oqıwshılardı ruwhıy ha`m a`dep-ikramlı sezimlerin o`stiriw, oqıwshılardın` minez-qulıq ma`deniyatın qa`liplsetiriw, barkamal na`sildi ta`rbiyalap jetilistiriw arqalı haqıqıy insan etip ta`rbiyalaw lazım.

Ha`zirgi zaman ta`rbiyasının` maqset ham wazıypaları en da`slep, jaslardı haqıyqıy bilimli insan etip, insan qa`dirin, milliy qa`diriyatların o`zligin an`law, erkin ham azat ja`miyette jasaw, o`z betinshe ma`mleketimizdin` ja`ha`n birliginde o`zine mu`na`sip, abıroylı orın iyeleytug`ın pidayı insandı ta`rbiyalaw demek.

II. Ta`rbiya – arnawlı iskerlik sıpatında belgili da`sturdin`, an`lap alıng`an maqsetinin` bar bolıwı menen, ta`sir ko`rseiwdin` arnawlı islep shıg`ılg`an ha`m tiykarlap berilgen quralları formaları ha`mde usılların qollanıw menen tosattan ha`m stixiyalı ta`sirlerden ajıralıp turadı. Salamat ta`rbiyalıq jag`daysız quramalı shaxs payda bolmaydı.

Oqıwshılardın` o`miri ha`m iskerligin tuwrı sho`lkemlestiriw, unamlı a`dep-ikramlılıq, ja`miyetlik minez-qulıq ta`jiriybesi shaxstın` payda bolıwı za`ru`r a`hmiyetke iye. Belgili, bir g`ana iskerliktın` o`zinde shaxstın` ha`r qıylı ha`m ha`tteki bir-birine qarama-qarsı sıpatlardı payda etiw mu`mkin. Bunday mu`na`siybetlerge mektep oqıwshısı a`mel etetug`ın motivler jatadı. Bul minez-qulıq jeke oqıwshının` o`zi ushın qanday ma`niske iye bolıwına qarap, onda ha`r qıylı sıpatlardın` payda bolıwına sebep boladı.

Mısalı, oqıwshı dostısın printsipial tiykarda kritikalasa – onda qattılıq, hadallıq; eger o`z ayıbın dostısına qoyıw bolsa – o`zin oylawshı individualizm, egoizm payda boladı.

İskerlik – adamdı shaxs sıpatında qa`liplestiriw tiykarı esaplanadı. Bala oyın, oqıw ha`m miynet iskerligine qanday mu`na`siybette bolsa, onda sol iskerlik mu`na`siybetler unamlı ha`m unamsız sıpatlar qa`liplesiwi mu`mkin. Oqıw ha`m oyıng`a unamlı mu`na`siybet, ilimge umtılıwg`a qızıg`ıwshılıq, miynetsu`yiwshilik sıyaqlılar menen, unamsız mu`na`siybet bolsa jumıs jaqpas, jalqawlıq o`zin basqara almaslık sıyaqlılar qa`liplesiwine sebep boladı.

Sonın` ushın ha`m iskerliktin` jetekshi tiplerin sho`lkemlestiriw bala shaxsının` qa`liplesiwine maqsetke muwapıq ta`sir etiw quralı esaplanadı.

A`dep-ikramlılıq mu`ta`jliliklerdin` tu`p negizi bul: 1) insannın` a`dep-ikramlılıg`ı basqalar menen qarım-qatnasta bolıwın ja`miyetlik sha`rt-sharayat bar bolıwı; 2) jeke sananın` a`dep-ikramlılıq ta`replerinin` qa`liplesiwin ja`miyetlik sha`rt-sharayattag`ı ta`rbiyag`a baylanısı menen belgilenedi. Ha`m na`tiyjede, o`mirdin` konkret jag`dayların esapqa alg`an halda a`dep-ikramlılıq mu`ta`jlikti sezimge, pikirlewge baylanıslıg`ı za`ru`r.

A`dep-ikramlılıq pazıyletlerdin` payda bolıwı ja`miyetlik parız tu`sinigi bala sanasına qanday sin`diriliwine baylanıslı. Parız – bul ja`miyet ha`m ja`ma`a`ttin` insan aldına qoyılg`an tu`rli talapların sa`wlelendiriwshi tu`sinik bolıp tabıladı. Ja`miyetlik parız – ken` ma`nistegi tu`sinik bolıp, bul insanıylıq, watansu`yiwshilik parızı, ka`sip parızı, ata-ana aldındag`ı parızı.

III. Jaslardın` a`dep-ikramlılıq pazıyletlerin ta`rbiyalawda ulıwmainsanıy ha`m milliy baylıklardan paydalanıw za`ru`r. Sebebi ulıwmainsanıy ha`m milliy baylıklar ha`mde olardın` shaxs qa`liplesiwindegi roli a`hmiyetli. Milliy da`sturler, u`rp-a`detlerimizdin` tikleniwi milliy,

ulıwmainsanıy ha`m ulıwmama`nawiy qa`diriyatlarg`a tiykarlang`an a`dep-ikramlılıq normaların jaratıw ha`m olardı balalarımız, jaslarımız sanasına sin`diriw arqalı olardı ja`miyetimiz ushın pida`ker, bilimdan insan etip ta`rbiyalawg`a tiykar bola aladı.

Milliy da`sturler – ha`r bir xalıqtın` ruwhıy o`mirinin` o`nimi bolıp, sol xalıqtın` ja`miyetlik pikiri milliy da`sturleri olardın` ruwhıy mu`ta`jligine aylandıradı. Milliy da`sturler jaslarda ja`miyetlik sananı ta`rbiyalaydı, olardın` ha`r ta`repleme kamillikke jetken insan bolıp jetilisiwinde za`ru`r orın tutadı. Ol shaxs xarakterin unamlı ta`repke qa`liplestiriwde aktiv qatnasadı, jaslar ideologiyasına psixologiyalıq ta`sir etedi.

IV. Bala shaxsın ta`rbiyalawda ja`miyetlik paydalı iskerlik ha`m za`ru`r rol` oynaydı. Sebebi ol ta`rbiyanın` en` qolay sha`rti xam quralı esaplanadı.

Ja`miyetlik paydalı iskerlik, miynet ta`rbiya quralı bolıwı ushın:

- balanın` miyneti ja`miyetlik paydalı miynet bolıwg`a;
- ja`miyetlik bahasına iye bolg`an paydalı o`nim miynet na`tiyjesi bolıwg`a;
- miynet ja`ma`a`t miyneti bolıwg`a;
- ol basqarıwshı ha`m do`retiwshilik miynet bolıwg`a;
- miynette o`z-o`zin sho`lkemlestiriw ham o`z betinshe belsendilik ko`rsetiwdin` ha`r qıylı formaların qollanıwg`a a`hmiyet beriw kerek.

Oqıwshılardın` miyneti – olardın` o`zleri ushın qızıqlı bolıwı;

Balanın` ku`shine say bolıwı;

Oqıw iskerligi menen baylanıslı bolıwı;

Miynet ushın jazalawg`a jol qoyılmaw kerek.

Sonı dıqqat penen puxta, haq kewli menen orınlaw miynet u`skenelerin asıraw ha`m abaylawga u`yretetug`ın bolıwı lazım.

V. Balalar ja`ma`a`ti ha`m onın` ta`rbiyalıq imkaniyatları…

VI. Ta`rbiyası «qıyın» bolg`an balalar menen islesiw:

a. olardın` jeke o`zgesheliklerin anıqlaw;
b. qızıg`ıw ham isenimlerin esapqa alıw;
c. ta`rbiyalıq usılların tan`law;
d. ta`rbiyanın` arnawlı sharayatların anıqlaw.

VII. Shaxstın` ruwhıy sıpatların qa`liplestiriwde ruwhıy sana ha`m minez-qulıq birligi za`ru`r. Jaslardın` o`z-o`zin an`lawı, jaqsı-jaman xa`m a`dillik-a`dilsizlikti sezgen halda onı o`z-o`zine engiziw, o`zin ta`rbiyalaw ta`rbiyanın` psixologiyalıq mexanizmin quraydı.

O`z-o`zin ta`rbiyalawda 4 wazıypa na`zerde tutıladı:

a. o`zinde shaxstın` unamlı sezimlerin rawajlandırıwg`a ha`m o`z minez-qulqındag`ı jaman ta`replerden joq bolıwg`a umtılıw.

b. Oqıwshıg`a o`z shaxsına kritikalıq mu`na`siybette bolıwg`a, o`z minez-qulqındag`ı o`zgesheliklerin dıqqat penen ha`m aqıl menen tu`sinip alıwg`a, o`z kemshiliklerin anıq ko`riwde, o`z kemshiliklerin ko`re biliwge ja`rdemlesiw.

c. o`z-o`zin ta`rbiyalaw rejesin du`ziwde, shaxs minez-qulqı sezimlerin qaysı o`zgesheliklerin rawajlandırıw, qaysısın joq etiw kerekligin anıqlaw.

d. Ta`rbiyashı o`z-o`zin ta`rbiyalawdın` aqıl jolların anıqlawı.

VIII. Watansu`yiwshilik ruwhında ta`rbiyalaw.

Watansu`yiwshilikti qa`liplestiriwde:

A) Ana Watang`a muhabbat, onı siwiw, abaylawg`a u`yretiw.

B) G`a`rezsiz O`zbekstan tu`siniginin` negizin oqıwshılar sanasına sin`diriw.

C) Jaslardı xalqımız da`sturleri, u`rp-a`detleri, tili ha`m ma`deniyatı, ruwhıyatına hu`rmet penen qarawg`a u`yretiw.

D) Ullı danıshpanlarımız qaldırg`an ruwhıy miyraslardı asırap abaylaw, olardın` tariyxın bu`gingi ku`n ushın a`hmiyetin qabıl etiw.

E) Jaslarda salamat ku`ch, salamat oylaw, iyman-isenimdi oyatıw

F) Watan aldındag`ı juwapkershilik, millet ma`pleri ushın gu`restin` negizin an`law.

G) Oqıwshılarda o`nip o`sken eline, ata-anasına ha`m ta`lim-ta`rbiya bergen ustazına ta`ta`zim qilish uqıplılıg`ın qa`liplestiriw.

Watan ha`m Watansu`yiwshilik egizek.

Qadag`alaw sorawları:

1. Ta`rbiya ne?
2. Ha`zirgi g`a`rezsizlik da`wirinde ta`rbiya protsessinde qanday mashqalalar payda boldı ha`m olar qanday etip joq etilmekte?
3. İskerlik shaxs rawajlanıwında qanday rol` oynaydı?
4. Jetekshi iskerlik ha`m shaxs qa`liplesiwin qanday ta`riypleysiz?
5. Ulıwmainsanıy ha`m milliy baylıklardı shaxs rawajlanıwı ha`m ta`rbiyası ta`siri minezlemesin berin`?
6. Ja`miyetlik paydalı iskerlik ha`m shaxs ta`rbiyası arasında qanday baylanıs bar?
7. Balalar ja`ma`a`ti qanday sho`lkemlestiriledi?
8. Milliy sana ne?
9. Milliy g`urur ne?
10. Jaslar watansu`yiwshilik ruwhında qanday ta`rbiyalanadı?
11. Ta`rbiyası qıyın balalar menen qanday is usıllarınan paydalanıladı?

A'debiyatlar


1. Nemov R. S. «Psixologiya» T. 1.M. 1998.
23. Gamezo A. «Atlas po psixologii» Moskva 2001y.
24. Karimova V. M. «Psixologiya» T.Sharq 2002y.
25. Abramova G.S. Vozrastnaya psixologiya: Uchebnoe posobie dlya studentov vuzov.-M., "Izd-vo"2000.- 621s
26. Nemov R.S. Psixologiya. Ucheb.posobie dlya studentov vыssh.ped.ucheb.zaved. V 2 kn. Kn 2. Psixologiya obrazovaniya. –M., "Izd-vo"1994.-496s
27. Zimnyaya I.A. Pedagogicheskaya psixologiya: Uchebnik dlya vuzov. –M., "Izd-vo"2002.-384s
28. Ivanov P.I., Zufarova M. «Umumiy psixologiya» T., 2008 yil
29. Xaydarov F.I., Xalilova N.I. «Umumiy psixologiya» T.: TDPU 2010 yil

## 6-tema: Oqıwshılar ja`ma`a`ti ha`m shaxs. Shaxstı ka`sip tan`lawg`a bag`darlaw

**Reje:**

1. Oqıwshılar ja`ma`a`ti haqqında tu`sinik. Shaxs ha`m ja`ma`a`t.
2. Shaxs ha`m ten`lesler menen qarım-qatnas. Shaxslarara qarım-qatnas ha`m mu`na`siybet mashqalaları.
3. Lider haqqında tu`sinik.
4. Ka`sip tan`lawdın` quramlı bo`lekleri ha`m basqıshları
5. Professiogramma
6. Ka`sipke say predmetlerdi o`zlestiriw da`rejesi.

**<u>Shaxs ha`m onın` aktivligi.</u>** Ja`miyet penen xa`r dayım mu`na`siybetti uslap turıwshı, o`z-o`zin an`lap, ha`r bir ha`reketin muwapıqlastırıwshı shaxsqa say bolg`an en` za`ru`r ha`m ulıwma o`zgeshelik – bul onın` **belsendiligi .** Belsendilik (lotincha «actus» - ha`reket, «activus» - aktiv so`zlerinen kelip shıqqan tu`sinik) shaxstın` o`mirdegi barlıq is-ha`reketlerin ko`rsetiwdi tu`sindiriwshi kategoriya. Bul – sol a`piwayı qolımızg`a qa`lem alıp, qanday da sızıqsha tartıw menen baylanıslı elementar ha`reketimizden tartıp, do`retiwshilik oyanıw paytlarımızda a`melge asıratug`ın abstrakt pikirlewimizge shekem bolg`an quramalı ha`reketlerge baylanıslı islerimizdi tu`sindirip beredi. Sonın` ushın ha`m psixologiyada shaxs, onın` sanası ha`m o`z-o`zin an`lawı mashqalaları onın` aktivligi, ol yamasa bul iskerlik tu`rlerinde qatnası ha`m onı orınlawı menen baylanıslı sıpatları arqalı bayan etiledi.

Pa`nde insan belsendiliginin` tiykarg`ı eki tu`ri parıqlanadı:

***A.Sırtqı* belsendilik** – bul sırttan ha`m o`z ishki tilek-qa`lewlerimiz ta`sirinde tikkeley ko`riw, belgilew mu`mkin bolg`an ha`reketlerimiz, bulshıq etlerimizdin` ha`reketleri arqalı payda bolatug`ın belsendilik.

***B. İshki* belsendilik** – bul bir ta`repten ol yamasa bul iskerlikti orınlaw barısındag`ı fiziologiyalıq protsessler (zatlardın almasıwı, qan aylanıw, dem alıw, basım o`zgerisleri) ha`mde, ekinshi ta`repten, tikkeley psixikalıq protsessler, yag`nıy tiykarında ko`rinbeytug`ın, al iskerlik etiwge ta`sir ko`rsetiwshi faktorlardı o`z ishine aladı.

Mısal retinde o`mirden sonday ko`rinisti ko`z aldımızg`a keltireyik: uzaq ayrılıqtan son` ana o`z perzentinin` diydarına jetedi. Sırtqı belsendilikti bizler ananın` balasına umtılıwı, onı quwshaqlawı, ju`zlerin siypalawı, ko`zlerinen aqqan quwanısh jaslarında ko`rsek, ishki belsendilik – sol ko`z jasların keltirip shıg`arg`an fiziologiyalıq protsessler, ishki sag`ınıshtın` tiykarg`ı sebepleri (ayrılıq mu`ddeti, ılajsızlıq sebepli ayrılıq sıyaqlı jasırın motivler ta`siri), ko`rip qabıl etkendegi o`z-ara bir-birlerine umtılıwın ta`miyinlewshi ishki, bir qarasta ko`z benen ilip almaytug`ın emotsional jag`daylarda payda boladı. Biraq usı ko`rinisti tikkeley guwınısı bolsakta ha`m, onı ta`riyplegen suwretti ko`rsek ha`m, shama menen qanday protsessler keship atırg`anın sa`wlelendiriwimiz mu`mkin. Demek, eki tu`rli belsendilik belsendilik ha`m jeke ta`jiriybe ha`m rawajlanıwdın` tiykarın quraydı. Bir qarasta ha`r bir konkret shaxsqa ha`m onın` mu`ta`jliliklerine baylanıslı bolıp tuyilgen bunday belsendilik tu`rleri tiykarında ja`miyetlik xarakterge iye bolıp, shaxstın` ja`miyet penen bolatug`ın quramalı ha`m o`z-ara mu`na`siybetlerinin` a`qibeti esaplanadı.

İnsan aktivligi «ha`reket», «iskerlik», «minez-qulıq» tu`sinikleri menen tıg`ız baylanıslı bolıp, shaxs ha`m onın` sanası ma`selesine barıp taqaladı. Shaxs a`sirese tu`rli belsendilikler protsessinde qa`liplesedi, o`zligin ko`rsetedi ha`m. Demek, belsendilik yamasa insan iskerligi passiv protsess bolmay, ol sanalı ra`wishte basqarılatug`ın aktiv protsess. İnsan belsendiligin ja`mlewshi ha`reketler protsessi **<u>iskerlik</u>** dep aytıladı. Yag`nıy, ***iskerlik*** – insan sanası ha`m oylawı menen basqarılatug`ın, ondag`ı ha`r tu`rli mu`ta`jliklerden kelip shıg`atug`ın, ha`mde sırtqı a`lemdi ha`m o`z-o`zin o`zgertiw ha`m jetilistiriwge qaratılg`an o`zine say belsendilik forması. Bul – jas balanın` real predmetler negizin o`z sa`wleleri shen`berinde biliwge qaratılg`an oyın iskerligi, bul – materiallıq o`nimler jaratıwg`a qaratılg`an miynet iskerligi, bul –

jan`a jan`alıqlar ashıwg`a qaratılg`an ilimiy-izertlew iskerligi, bul – rekordlardı ko`beytiwge qaratılg`an sportshının` sheberligi ha`m sog`an uqsas. Sonısı xarakterli, insan ha`r minutta qanday da iskerlik tu`ri menen shug`ıllanıp turadı.

**<u>İskerlik tu`rleri. Fizikalıq ha`m aqılıy ha`reketler.</u>** Ha`r qanday iskerlik real sha`rt-sharayatlarda, tu`rli usıllarda ha`m tu`rlishe ko`rinislerde payda boladı. İslenip atırg`an ha`r bir ha`reket belgili na`rsege – predmetke qaratılg`anı ushın ha`m, iskerlik predmetli ha`reketler jıyındısı sıpatında ko`z aldına keltiriledi. Predmetli ha`reketler sırtqı a`lemdegi predmetler o`zgeshelikleri ha`m sıpatın o`zgertiriwge qaratılg`an boladı. Ma`selen, teksti konspekt etip atırg`an talabanın` predmetli ha`reketi jazıwg`a qaratılg`an bolıp, ol en` da`slep sol da`pterdegi jazıwlar sanı ha`m sıpatında o`zgerisler etiw arqalı, bilimler zapasın bayıtıp atırg`an boladı. İskerliktin` ha`m onı sho`lkemlestiriwshi predmetli ha`reketlerdin` a`sirese *nelerge* bag`darlang`anına qarap, en` da`slep sırtqı ha`m ishki iskerlik parıqlanadı. Sırtqı ***iskerlik*** shaxstı qorshap turg`an sırtkı ortalıq ha`m ondag`ı na`rse ha`m qublıslardı o`zgertiwge qaratılg`an iskerlik bolsa, ***ishki iskerlik –*** birinshi na`wbette aqılıy iskerlik bolıp, ol sap psixologiyalıq protsesslerdin` keshiwinen kelip shıg`adı. Kelip shıg`ıwı ko`z qarasınan ishki – aqılıy, psixikalıq iskerlik sırtqı predmetli iskerlikten kelip shıg`adı. Da`slep predmetli sırtqı iskerlik ju`z beredi, ta`jiriybe artıp barılg`an sayın, a`ste-aqırın bul ha`reketler ishki aqılıy protsesslerege aylanıp barıladı. Bunı so`z iskerligi mısalında alatug`ın bolsaq, bala da`slepki so`zlerdi qattı dawıs penen sırtqı so`yleuinde sa`wlelendiredi, keyin ishinde o`zinshe so`ylewge u`yrenip, oylaytug`ın, pikir ju`ritetug`ın, o`z aldına maqset ha`m rejeler qoyatug`ın bolıp baradı.

Ha`r qanday sharayatda ha`m barlıq ha`reketler ha`m ishki-psixologiyalıq, ha`m sırtqı – muwapıqlıq ko`z qarasınan sana ta`repinen basqarılıp baradı. Ha`r qanday iskerlik quramında ha`m aqılıy, ha`m fizikalıq – motor ha`reketler jıynalg`an boladı. Ma`selen, pikirlep atırg`an danıshpandı baqlag`ansız ba? Eger oylanıp atırg`an adamdı ziyreklik penen baqlasan`ız, ondag`ı jetekshi iskerlik aqılıy bolg`anı menen onın` man`layları, ko`zleri, ha`tteki, dene ham qol ha`reketleri ju`da` za`rur ha`m jiddiy pikir haqkında bir sheshimge kelalmay atırg`anınan, yamasa jan`a pikirdi tawıp, onnan qanaatlanıw sezip atırg`anınan derek beredi. Bir qarasta sırtqı elementar isti a`melge asırıp atırg`an – mısal ushın, ju`zim na`lin artıqsha japıraqlarınan alıp taslap atırg`an bag`ban ha`reketleri ha`m aqılıy komponentlerden joq emes, ol qaysı japıraqtın ha`m ne ushın artıqsha ekenligin an`lab, bilip turıp alıp taslaydı.

Aqılıy ha`reketler – shaxstın` sanalı ta`rizde, ishki psixologiyalıq mexanizmler quralında a`melge asıratug`ın ha`r tu`rli ha`reketleri bolıp tabıladı. Eksperimental ta`rizde sol na`rse da`lillengen, bunday ha`reketler ha`r dayım motor ha`reketlerin ha`m o`z ishine aladı. Bunday ha`reketler to`mendegi ko`rinislerde bolıwı mu`mkin:

***Pertseptiv –*** yag`nıy bular sonday ha`reketler, olardın` a`qibetinde a`tiraptag`ı predmetler ha`m qublıslar haqqında bir pu`tin obraz qa`liplesedi;

***Mnemik iskerlik, zat***a ha`m qublıslardın` negizi ha`m mazmunına baylanıslı materialdın` eslep qalınıwı, eske tu`siriliwi ha`mde este saqlap turılıwı menen baylanıslı quramalı iskerlik tu`ri;

***Pikirlew iskerliki –*** aqıl, parasat quralında ha`r tu`rli mashqalalar, ma`seleler ha`m jumbaklardı sheshiwge qaratılg`an belsendilik;

***İmajitiv*** – («image» -obraz so`zinen alıng`an) iskerligi sonday, ol do`retiwshilik protsesslerde qıyal ham fantaziya quralında ha`zir tikkeley berilmegen zatlardın` o`zgesheliklerin an`law ha`m qıyalda tiklewdi belgileydi.

Joqarıda aytqanımızday, ha`r qanday iskerlik ha`m sırtqı ha`reketler mu`na`siybetleri qa`liplesedi ha`m motor komponentlerden ibarat bolıwı mu`mkin. Eger sırtqı iskerlik mu`na`siybetleri psixikalıq protsesslerge o`tiw ju`z bergen bolsa, bunday protsessti psixologiyada **<u>interiorizatsiya</u>** dep aytıladı, kerisinshe, aqılda qa`liplesken ideyalardı tikkeley sırtqı ha`reketlerde yamasa sırtqı iskerlikke ko`shiriliwi **<u>eksteriorizatsiya</u>** dep ju`ritiledi.

İskerlik tu`rleri ja`ne sananın` tikkeley qatnası da`rejesine ko`re ha`m parıqlanadı. Ma`selen, sonday bolıwı mu`mkin, ayrım ha`reketler basında ha`r bir elementti anıq ra`wishte, ayrıqsha-ayrıqsha orınlawdı talap etedi. Biraq waqıt o`tkennen keyin, bara-bara onda sananın`

qatnası kemeyip, ko`p g`anam bo`lekler avtomatlasıp baradı. Bul a`piwayı tilge aylandırg`anda, uqıp payda boladı. Ma`selen, ha`r birimiz sol ta`rizde xat jazıwg`a u`yrenemiz. Eger uqıplılıqlarımız anıq ta`rizde bizdegi bilimlerge tayansa, iskerliktin` maqseti ha`m talaplarına ko`re ha`reketlerdi jetiskenlikli orınlawdı ta`miynlese, bizler bunı **<u>ko`nlikpeler</u>** dep aytamız. *Ko`nlikpeler* – ha`r dayım bizdegi anıq bilimlerge tayanadı. Ma`selen, ko`nlikpe ha`m uqıplılıqlar o`z-ara baylanıslı boladı, sonın` ushın ha`m oqıw iskerligi protsessinde qa`liplesetugın barlıq ko`nlikpeler ha`m uqıplılıqlar shaxstın` jetiskenlikli oqıwın ta`miynleydi. Ekewi ha`m shınıg`ıwlar ha`m ta`kirarlaw quralında bekkemlenedi. Eger, tek g`ana uqıplılıqtı alatug`ın bolsaq, onın` qa`liplesiw jolları to`mendegishe bolıwı mu`mkin:

a`piwayı ko`rsetiw jolı menen;

tu`sindiriw jolı menen;

ko`rsetiw menen tu`sindiriwdi birlestiriw jolı menen.

O`mirde ko`nlikpe ha`m uqıplılıqlardın` a`hmiyeti u`lken. Olar bizlerdin` fizikalıq ha`m aqılıy urınıslarımız jen`illestiredi ha`m oqıwda, miynette, sport tarawında ha`m do`retiwshilikte jetiskenliklerge erisiwimizdi ta`miyinleydi.

İskerlikti klassifikatsiya etiw ha`m tu`rlerge bo`liwdin` ja`ne bir ken` tarqalg`an usılı – bul barlıq insanlarg`a say bolg`an tiykarg`ı belsendilik tu`rleri boyınsha klassifikatsiyalaw. Bul – qarım-qatnas, oyın, oqıw ha`m miynet iskerlikleri.

**<u>Qarım-qatnas</u>** – shaxs jeke rawajlanıwı protsessinde payda bolatug`ın birlemshi iskerlik tu`rlerinen biri. Bul iskerlik insandag`ı ku`shli mu`ta`jliliklerden biri – insan bolıw, adamlarg`a uqsap so`ylew, olardı tu`siniw, su`yiw, o`z-ara mu`na`siybetlerdi muwapıqlastırıwg`a qaratıg`an mu`ta`jliliklerden shıg`adı. Shaxs o`z rawajlanıwın a`sirese sol iskerlik tu`rin iyelewden baslaydı ham so`zi arqalı (verbal) ham so`zsiz qurallar (noverbal) ja`rdeminde basqa iskerlik tu`rlerin quramalı iyellewge negiz jaratadı.

**<u>Oyın</u>** – sonday iskerlik tu`ri, ol tikkeley bir materiallıq yamasa ruwhıy o`nimler jaratıwdı na`zerde tutpaydı, al onın` protsessinde ja`miyettegi quramalı ha`m ha`r qıylı iskerlik normaları, ha`reketlerdin` simvolikalıq u`lgileri bala ta`repinen o`zlestiriledi. Bala oynamang`ansha, u`lkenler is-ha`reketlerinin` ma`nisin ha`m mazmunın an`lap jete almaydı.

**<u>Oqıw</u>** iskerligi ha`m shaxs ka`milliginde u`lken rol` oynaydı ha`m ma`niske iye boladı. Bul sonday belsendilikti, onın` protsessinde bilimler, uqıplılıqlar ha`m tu`rli ko`nlikpeler o`zlestiriledi.

**<u>Miynet</u>** etiw ha`m en` ta`biiy mu`ta`jliliklerge tiykarlang`an iskerlik bolıp, onın` maqseti a`lbette bir materiallıq yamasa ruwhıy o`nimlerdi jaratıw, ja`miyet rawajlanıwına u`les qosıw.

Ha`r qanday ka`sipti iyelew, tek g`ana iyelew emes, al onı sheberlik penen a`melge asırıwda iskerliktin` barlıq nızamlılıqları ha`m mexanizmleri a`mel etedi. A`piwayı bir ka`sip uqıplılıg`ın iyelew ushın ha`m og`an baylanıslı bolg`an mag`lıwmatlardı eslep qalıw ha`m kerek bolg`anda ja`ne eske tu`siriw arqalı onı orınlaw emes, al ha`m ishki (psixikalıq), ha`m sırtqı (predmetke bag`darlang`an) ha`reketlerdi sanalı ta`rizde orınlaw menen baylanıslı quramalı protsessler kiriwin umıtpawımız kerek. Biraq ha`r bir shaxstı ol yamasa bul iskerlik twri menen shug`ıllanıwg`a ma`jbu`r etken psixologiyalıq faktorlar – sebepler za`rur bolıp, bul *iskerlik motivleri*.

**<u>Ja`miyetlik minez-qulıq motivleri ha`m shaxs motivatsiyası.</u>** Joqarıda bizler tanısıp shıqqan iskerlik tu`rleri o`z-o`zinen ju`z bermeydi. Shaxstın` ja`miyettegi ja`miyetlik minez-qulqı ha`m o`zin qanday tutıwı, iyelegen da`rejesi ha`m sebepsiz, o`z - o`zinen ju`z bermeydi. İskerliktin` a`melge asıwı ha`m shaxs minez-qulqın tu`sindiriw ushın psixologiyada *«motiv» ha`m «motivatsiya»* tu`sinikleri isletiledi.

«*Motivatsiya*» tu`sinigi «*motiv*» tu`siniginen ken`req ma`nis ha`m mazmung`a iye. **<u>Motivatsiya</u>** – insan minez-qulqı, onın` baylanısı, bag`darı ha`m aktivligin tu`sindirip beriwshi psixologiyalıq sebepler jıyındısın bildiredi. Bul tu`sinik ol yamasa shaxs minez-qulqın tu`sindirip beriw kerek bolg`anda isletiledi, yag`nıy: «nege?», «ne ushın?», «ne maqsette?», «qanday ma`pleri jolında?» degen sorawlarg`a juwap tabıw – motivatsiyanı qıdırıw bolıp tabıladı. Demek, ol minez-qulıqtın mativatsion klassifikatsiyasın ashıp beriwge alıp keledi.

Shaxstın` ja`miyette adamlar arasındag`ı minez-qulqı ha`m o`zin tutıwı sebeplerin u`yreniw ta`rbiyalıq a`hmiyetke iye bolg`an na`rse bolıp, ma`seleni ashıp beriwdin` eki ta`repi parıqlanadı: **a)** ishki sebepler, yag`nıy is-ha`reket iyesinin` su`bektiv psixologiyalıq o`zgeshelikleri na`zerde tutıladı (motivler, mu`ta`jlilikler, maqsetler, mo`ljeller, tilekler, qızıg`ıwshılqlar ha`m t.b.); **b)** sıtrkı sebepler – iskerliktin` sırtqı sha`rt-sharayatları ha`m jag`dayları. Yag`nıy, bular konkret jag`daylardın` kelip shıgıwına sebep bolatug`ın sırtqı stimullar.

Shaxs minez-qulqın ishinen, ishki psixologiyalıq sebepler menen basqarıw a`dette **shaxsıy dispozitsiyalar** ha`m dep ataladı. Olar shaxs ta`repinen tu`siniwi yamasa tu`sinbewi ha`m mu`mkin. Yag`nıy, geyde sonday boladı, shaxs o`zi a`melge asırg`an isi yamasa o`zindegi o`zgerislerge qarag`anda qa`liplesken mu`na`siybettin` haqıqıy sebebin o`zi tu`sinip jetpeydi, «Nege?» degen sorawg`a «O`zim ha`m bilmey qaldım, bilmeymen», dep juwap beredi. Bul tusinbegen dispozitsiyalar yamasa ko`rsetpeler dep ataladı. Eger shax bir ka`sipke sanalı ta`rizde qızıg`ıp, onın` barlıq sırların iyellew ushın a`ste-aqırın ha`reket etse, bunda jag`day basqasharaq boladı, yag`nıy, dispozitsiya tu`singen, sanalı esaplanadı.

Usı ko`z-qarastan *motiv* – konkret tu`sinik bolıp, ol shaxstag`ı ol yamasa bul minez-qulıqqa qarag`anda uqıplılıq, tayarlıqtı tu`sindirip beriwshi sebepti na`zerde tutadı. Ataqlı nemis alımı Kurt Levin motivler mashqalası, a`sirese, shaxstag`ı ja`miyetlik minez-qulıq motivleri barısında u`lken ken` ko`lemli izertlewler alıp barıp, sol na`rseni anıqlang`an, ha`r bir adam o`zine say ta`rizde ol yamasa bul jag`daydı qabıl etiw ha`m bahalawg`a uqıplı boladı. Sonısı qızıq, sol bir konkret jag`day tuwrısındag`ı tu`rli shaxslardın` bahaları ha`m tu`rlishe boladı. Bunnan tısqarı, bir shaxstın` o`zi ha`m o`zindegi jag`day, keypiyatqa baylanıslı halda bir qıylı jag`daydı ayrıqsha jag`daylarda tu`rlishe qabıl etiwge ukıplı boladı. Sonın` ushın ha`m adamnın` usı payttag`ı real ha`reketlerin sol belgili sharayatag`ı ishki ha`m sırtqı stimullarg`a onın` bergen bahası yamasa reaktsiyası sıpatında qaramay, al onda sog`an uqsas jag`daylardı qabıl etiwge ishki bir uqıplılıq – dispozitsiyanın` barlıg`ı menen tu`sindiriw tuwrıraq boladı. Usı ma`niste shaxs minez-qulqının` motivatsiyası tu`rli sharayatlardan arttırılg`an ta`jiriybege su`yengen, sanalı analizler, ha`tteki, ja`miyetlik ta`jiriybe normalarının` ta`sirinde qa`liplesetug`ın sebepler kompleksin o`z ishine aladı. Ma`selen, texnika joqarı okıw orınlarında: «Materiallardın` qarsılıg`ı» dep atalg`an kurs bar dep atayıq. Usı kurstı o`zlestiriw ha`m onnan sınawdan o`tiw ko`pshilikke an`satlıq penen ju`z bermeydi. Ele kurs baslanbastan aq, jas talabalarda usı kurs ha`m onın` talabalarına qarag`anda sonday ko`rsetpe qa`liplesedi, a`lbette, bul kurs qıyın, onı alıp barıwshı oqıtıwshı o`te talapshan`, qattı qol ha`m h.t.b. degen. Bunday motivatsiya mine neshe a`wlad talabalar basınan keshirip atırg`an jag`day. Endi konkret shaxstın` sabaq protsessi baslang`an keyingi ha`reketleri konkret motivler menen ta`riyplenedi ha`m jigerli talaba ushın bul pa`n ha`m basqa pa`nler qatarı tınımsız izleniw, o`z waqtında sabaqlardı tayarlawdı talap etse, basqası ushın (jalqaw talaba ushın) bul sabaqtan keyin sabaq joq ha`m ol qashan sol semestr tawsılıwın ku`tip ha`reket etedi.

Ha`r qanday motivlerdin` arqasında shaxstın` mu`ta`jlilikleri jatadı. Yag`nıy maqsetli o`mirde shaxsta en` da`slep ol yamasa bul mu`ta`jlilikler payda boladı ha`m tap solardın` ta`biyatı ha`m zaru`rligine baylanıslı ta`rizde minez-qulıq motivleri payda boladı. İlim alıw, qızıg`ıwshılıq mu`ta`jliligin payda etedi. Bul mu`ta`jlilik alg`a ilgerlewdin` belgili bir da`wirinde, ma`selen, baqsha jasınan baslap qanaatlandırılıp baslaydı. Balag`a satıp alıp berilgen kitaplar, da`pter ha`m basqa oqıw quralları, belgili ta`lim orınlarında sho`lkemlestirilgen sha`rt-sharayatlar ha`m ol jerdegi tikkeley bilim alıwg`a qaratılg`an iskerliktin` o`zi, bala ushın motiv ornın basadı. Ja`ne bir a`piwayı mısal: qolın`ızda kitap bar. Sizler ele onı oqıwdı baslamadın`ız. Biraq oqıw tilegin`iz bar, sol tilektin` artında bolsa, sol mazmundı biliw ha`m onın` tu`bine jetiw mu`ta`jliligi turadı. Rus alımı R. Nemov shaxstagı motivatsion tarawdı to`mendegishe sa`wlelendiredi.

Ulıwma, ha`r qanday shaxstag`i bar mu`ta`jlilikler eki toparg`a bo`liw mu`mkin:

*Biologiyalıq mu`ta`jlilikler* – bul – fiziologiyalıq (ha`wes, ashlıq, uyqı), jınısıy, sa`ykes keliw mu`ta`jlilikleri.

*Ja`miyetlik mu`ta`jlilikler* – bul – miynet etiw, biliw, estetikalıq ha`m a`dep-ikramlılıq mu`ta`jlilikler.

Mu`ta`jliliklerdi biologiyalıq ha`mde ja`miyetlik tu`rlerge bo`lgenimiz benen sol na`rseni umıtpawımız lazım, shaxstag`ı ha`r qanday mu`ta`jlilikler ha`m ja`miyetlesken boladı, yag`nıy, olar sol ja`miyet ha`m ortalıqtag`ı qa`diriyatlar, ma`deniy normalar ha`m insanlar arasındag`ı mu`na`siybetler xarakterine baylanıslı boladı. Ma`selen, en` ta`biiy ha`m tu`sinikli esaplang`an bizlerdin` jemiske – awqatqa bolg`an mu`ta`jligimizdi alsak, ol ha`m konkret ortalıqqa qarap tu`rlishe ha`reketlerdi keltirip shıg`aradı. Ja`ne mısal ushın, toy saltantı yamasa ju`da` tolı da`sturxan a`tirapında otırg`an adam ne ushın sonshelli ko`p awkat jep jibergenin bilmey qaladı. Eger bul ta`biyat qushag`ı yamasa paxta dalasındag`ı shembilik bolsa, bir sho`rek ıssı nan ha`m pu`tin denege ra`hat bag`ıshlaytug`ın jemis bolıp, ashlıqtı bilindirmeydi. A`piwayı da`sturxannan awqat jep u`yrengen adam shıpaker aldına barıp, o`zi ushın azdırıwshı da`ri soraydı, biraq u`yde o`zi awqattı qadag`alaw kerekligin bilmeydi. Demek, bul ha`m ma`deniyatqa, etikag`a, shan`araq ortalıg`ına tikkeley baylanıslı na`rse eken.

Ulıwma shaxs ja`miyetlik minez-qulıq motivi xaqqında so`z etkende, onın` eki ta`repi yamasa elementi ajıratıladı: ***ha`reket da`sturi ha`m maqset***. Ha`reket da`sturi maqsetke erisiwdin` kuralların anıqlıq kiritedi. Sonın` ushın ha`m da`stu`rde na`zerde tutılg`an qurallar maqsetke erisiwdi aqlawı kerek, bolmas da`stur xesh na`rse bermeydi. Ma`selen, geybir ata-analar perzentlerin jaqsı ta`rbiyalaw ha`m onnan idealındag`ı shaxs jetisip shıg`ıwın a`rman etip, onın` adına ju`da` awır ta`rbiyalıq sha`rtlerdi qoyadı, bala erkinligi buwıladı, ol sheshiwshi qadag`alaw ortalıg`ında uslanadı. A`qibette bala keyin basqarıp bolmaytug`ın, qaysar, sırtqı ta`sirge berilmeytug`ın bolıp qalıp, ha`r qanday basqa ja`miyetlik sharayatta qıynalatug`ın bolıp qaladı. Sonın` ushın ha`m motiv ha`r dayım an`lang`an, mu`ta`jlilikler muwapıqlastırılgan ha`m maqsetler ha`m og`an jetiw quralları anıq bolıwı kerek. Sonda g`ana ja`miyetlik minez-qulıq ja`miyetke sa`ykes boladı.

**Motivlerdin` tu`rleri.** Tu`rli ka`sip iyeleri iskerligi motivlerin u`yreniwde motivler xarakterin biliw ha`m olardı o`zgertiw mashqalası a`hmiyetke iye. Sonday motivlerden biri ha`r qıylı iskerlik tarawlarında jetiskenlikke erisiw motivi bolıp, bunday teoriyanın` tiykarshıları amerikalik alımlar D. Makklelland, D. Atkinsan ha`m nemis alımı X. Xekxauzenlar esaplanadı. Olardın` pikirinshe, adamda tu`rli islerdi orınlanıwın ta`miyinlewshi tiykarınan eki tu`rdegi motiv bar: **jetiskenlikke erisiw motivi** ha`mde sa`tsizliklerden **qashıw motivi. A**damlar ha`m ol yamasa bul tu`rli iskerliklerge kirisiwde qaysı motivke mo`ljel etiwlerine qarap parıq etedi. Ma`selen, tek g`ana jetiskenlik motivi menen isleytug`ınlar aldınnan isenim menen sonday is baslaydı, ne qılıp bolsa ha`m jetiskenlikke erisiw olar ushın joqarı maqset boladı. Olar ele isni baslamay turıp, jetiskenlikti ku`tedi ha`m sonday isti a`melge asırsa, adamlar olardın` barlıq ha`reketlerin qollawdı biledi. Bul jolda olar tek g`ana o`z ku`sh ha`m imkaniyatların emes, al barlıq sıtrqı imkaniyatlar – tanıs – bilisler, daramat sıyaqlı faktorlardan ha`m paydalanadı.

Basqasha minez-qulıqtı sa`tsizliklerden qashıw motivine tayang`an shaxslarda baqlaw mu`mkin. Ma`selen, olar birinshilerden parıqlı, isti baslawdan aldın ne bolsa ha`m sa`tsizlikke duwshar bolmawdı oylaydı. Sol sebepli olarda ko`birek isenimsizlik, jetiskenlikke erisiwge isenbewshilik, pessimizmge uqsas jag`day baqlanadı. Sonın` ushın bolsa kerek, aqır– a`qibet olar ba`ribir sa`tsizlikke ushrap, «O`zi sira` a`wmetim ju`rispeytug`ın adamman-da» degen juwmaqqa keledi. Eger birinshi topar shaxslar bir isti jetiskenlikli juwmaqlasa, ko`terin`ki ruwh penen ekinshi iske kirisse, ekinshi topar wa`killeri, ha`r qanday isti juwmaqlag`annan keyin, onın` na`tiyjesinen kelip shıqpag`an halda, ruwhıy tu`skinlikke tu`sedi ha`m awır sezim menen basqa iske kirisedi. Bul orında talabshan`lıq degen sıpattın` roli u`lken. Eger jetiskenlikke bag`darlang`an shaxslardın` o`zleine qoyılg`an talapları kerisinshe, pa`s boladı. Bunnan tısqarı ha`r birimizdegi o`zimizdegi real qa`biletler tuwrısındag`ı sa`wlelerimiz ha`m usı motivlerdin` iskerligindegi ornına ta`sir ko`rsetedi. Ma`selen, o`zindegi qa`biletlerge isengen shaxs ha`tteki, jen`iliwge ushrasa ha`m, onshelli qayg`ırmaydı, keyingi reet ha`mmesi jaqsı bolıwına isenedi. İsenimsiz shaxs bolsa kishkene berilgen kritika yamasa kritikanı ha`m ju`da` u`lken ruwhıy azap

penen qayg`ırıp bastan keshiredi. Onın` ushın ha`m shaxstın` ol yamasa bul jag`daylarda qayg`ırıw sıpatı ha`m belgili ma`niste motivler xarakterin belgileydi.

Solay etip, motivler sisteması tikkeley shaxstın` miynetke, adamlarg`a ha`m o`z-o`zine mu`na`siybetlerinen kelip shıg`adı ha`m ondag`ı xarakter o`zgesheliklerin ha`m belgileydi. Olardın` ha`r birimizde real sha`rt-sharayatlarda payda bolıwın bir juwapkershilikli is aldınan o`zimizdi tutıwımız ha`m jetiskenliklerge erisiwimiz menen bahalasaq boladı. Ma`selen, juwapkershilikli imtihan tapsırıw protsessin alayıq. Geyde talabalar imtihan aldınan ju`da` qayg`ıradı, ha`tteki, qorqadı ha`m. Olar ushın imtixan tapsırıw ju`da` u`lken tashwish. Basqalar bolsa bul protsessti basıqlıq penen bastan keshirip, ishinen hawlıg`ıp atırg`an bolsa ha`m, bunı basqalarg`a bildirmeydi. Ta`biiy, sog`an muwapıq ta`rizde, ha`r bir topar wa`killeri isinin` jetiskenlikli ha`m iskerliktin` na`tiyjesi tu`rlishe boladı. Bug`an ha`r bir shaxstag`ı da`wegerlik da`rejesi ha`m ta`sir etedi. Da`wegerlik da`rejesi joqarıraq bolg`anlar bilgen – bilmegenin ha`m jaqsı aytıp berealmay, ja`ne oqıtıwshı menen tartıspaydı ha`m.

Sonın` ushın ha`m ha`r birimiz ja`miyetlik iskerlik motivlerinen tısqarı, shaxsıy sezimlerimizdi ha`m biliwimiz ha`m sanalı ta`rizde minez-qulqımızdı basqara alıwımız kerek.

**Motivlerdin` anglanganlik da`rejesi: ja`miyetlik ustanovka ha`m onı o`zgertiw mashqalası. Joqarıda** aytqanımızday, motivler, yag`nıy is-ha`reketlerimizdin` sebepleri bizler ta`repimizden an`lanıwı yamasa an`lamawı ha`m mu`mkin. Joqarıda keltirilgen barlıq mısallarda ha`m jag`daylarda motiv anıq, yag`nıy shaxs ne ushın ol yamasa bul tu`rli iskerlikti a`melge asırıp atırg`anın, ne sebepten jetiskenlikke erisip atırganlıg`ı yamasa jen`iliwge ushırag`anın biledi. Biraq ha`r dayım ha`m ja`miyetlik minez-qulqımızdın` sebepleri bizge ayan bolabermeydi. An`lanmag`an ja`miyetlik minez-qulıq motivleri psixologiyada ja`miyetlik ustanovka (inglizcha «attitud») qublısı arqalı tu`sindiriledi.

Ja`miyetlik ustanovka shaxstın` ja`miyetlik ob`ektler, qublıslar, toparlar ha`m shaxslardı qabıl etiw, bahalaw ha`m qabıl etiwge qarag`anda sonday tayarlıq jag`dayı, ol bul baha yamasa mu`na`siybettin` tiykarında qashan qa`lipleskenligin anıq an`lamaydı. Ma`selen, Watanımızdı ha`mmemiz su`yemiz, bayrag`ımız mu`qa`ddes, nemis investorlarg`a isenemiz, negrlerge miyrimimiz keledi, sawda isleri menen shug`ıllanatug`ınlardı a`lbette pulı bar, bay, dep esaplaymız h.t.b. Bul sa`wleler, baha ham sezimler qashan ham qanday etip sanamızda ornalasıp qalg`anlıg`ına itibar bermesten joqarıda sanap o`tken sezimlerdi bastan keshireberemiz. Mine solardın` barlıg`ı ja`miyetlik ustanovkalar bolıp, olardın` mazmun negizi tiykarında ha`r bir insan ja`miyetlik ta`jiriybesi dawamında qa`liplesedi ha`m uzaq mu`ddetli este saqlanıp, konkret jag`daylarda ju`zege shıg`adı.

Amerikalık alım G. Ollport ja`miyetlik ustanovkanın` u`sh komponentli sistemasın islep shıqqan:

A. <u>Kognitiv komponent</u> – ustanovka ob`ektine baylanıslı bilimler, ideyalar, tu`sinik ha`m sa`wleler jıyındısı;

B. <u>Ha`reket komponenti –</u> su`bekttin` ob`ektke qarag`anda real sharayatlarda a`melge asırıwı mu`mkin bolg`an ha`reketleri jıyındısı (minez-qulıqta payda bolıw).

Bul u`sh komponentler o`z-ara bir – birleri menen baylanıslı bolıp, jag`dayg`a qarap ol yamasa bul komponenttin` roli u`stemrek bolıwı mu`mkin. Sonnı aytıw lazım, komponentler ara uqsas bolmawı ha`m mu`mkin. Ma`selen, ayrım talabalar talabalık bursh ha`m ta`rtip – intizam menen ju`da` jaqsı tanıs bolsa da, ha`r dayım ha`m og`an a`mel ete bermeydi. «Tosattan sabaq qaldırıw», «ja`miyetlik orınlarda ta`rtipti buzıw» sıyaqlı jag`daylar kognitiv ha`m ha`reket komponentlerinde baylanıs joqlıg`ın ko`rsetedi. Bul bir qarasta so`z ha`m is birligi printsipinin` tu`rli shaxslarda ha`r tu`rli payda bolıwın esletedi. Eger adam bir neshe ma`rte bile turıp, ja`miyetlik minez-qulıqka qarsı ha`reket etse, ha`m bul na`rse neshe ma`rte qaytarılsa, ol bul jag`dayg`a u`yrenip qaladı ha`m ustanovkag`a aylanıp qalıwı mu`mkin. Sonın` ushın ha`m bizler ja`miyetlik normalar ha`m sanktsiyalar quralında bunday qarama – qarsılıq ha`m ayırmashılıq bolmawına jaslardı u`yretip barıwımız kerek. Bul shaxstın` keleshegi ha`m iskerliktin` na`tiyjeligine tikkeley ta`sir ko`rsetedi.

A'debiyatlar


1. Nemov R. S. «Psixologiya» T. 1.M.  1998.
30. Gamezo A. «Atlas po psixologii» Moskva 2001y.
31. Karimova V. M. «Psixologiya»  T.Sharq 2002y.
32. Abramova G.S.  Vozrastnaya psixologiya: Uchebnoe posobie dlya studentov vuzov.-M., "Izd-vo"2000.- 621s
33. Nemov R.S.  Psixologiya. Ucheb.posobie  dlya studentov vыssh.ped.ucheb.zaved. V 2 kn. Kn 2. Psixologiya obrazovaniya. –M., "Izd-vo"1994.-496s
34. Zimnyaya I.A.   Pedagogicheskaya psixologiya: Uchebnik dlya vuzov. –M., "Izd-vo"2002.-384s
35. Ivanov P.I., Zufarova M. «Umumiy psixologiya» T., 2008 yil
36. Xaydarov F.I., Xalilova N.I. «Umumiy psixologiya» T.: TDPU 2010 yil

**7-tema: Bolajaq oqıtıwshı shaxsı. Oqıtıwshının` pedagogikalıq qa`biletleri.**

**Reje:**

1. Bolajaq pedagog aldına qoyılatug`ın tiykarg`ı psixologiyalıq talaplar
2. Pedagogtın` ulıwmainsanıy pazıyletleri
3. Oqıtıwshının` arnawlı sıpatları
4. Pedagogikalıq iskerliktin` psixologiyalıq o`zgeshelikleri
5. Pedagogikalıq qa`biletke ulıwma tu`sinik

Pedagogikalıq iskerlik – bu oqıtıwshının` oqıw protsessindegi aktivligi.

Belgili, oqıtıwshı pedagogikalıq iskerliktin` en` za`ru`r tayanshı, funktsiyası. Ol ulıwma ta`limdi reformalastırıwda, jas a`wladtı ha`r ta`repleme qa`liplestiriwde za`ru`r rol` oynaydı. Oqıtıwshı bala shaxsın qa`liplestiredi, ruwhıy, turmıslıq ha`m ilimiy isenimlerin, qızıg`ıwshılıq ha`m ideallardı qa`liplestiredi. Ulıwma alg`anda, oqıtıwshılar qolında jas a`wladımızdın` tag`diri jatadı. Olardı baxıtlı ha`m baxtiyar, baxıtsız ha`m jaman bolıwı ha`m, alım ha`m zalım bolıwı ha`m oqıtıwshılarımızg`a baylanıslı. Sonın` ushın ha`m oqıtıwshı ja`miyetimizdin` jetik ul-qızların ta`rbiyalawda ayrıqsha orın iyelleydi. Pedagogikalıq iskerlik ha`mme iskerlikler ishinde o`zinin` teren` insanıy mazmunı menen ajıralıp turadı. Ol o`zinin` juwapkershiligi ha`m onın` ju`rekten seze biliwi menen a`hmiyetli. Onın` mazmunı bolsa oqıtıwshı shaxsının` iskerligi motivleri menen belgilenedi. Eger bul motivler ta`lim -ta`rbiya protsessinde uzaktı ko`zlegen, belgili unamlı maqsetlerge qaratılg`an bolsa – bul adamgershilik ideallarının` payda bolıwına, oqıtıwshı bala qa`lbine teren` kirisiwine, izleniwge, jan`a bilimler sistemasın balalarımızg`a sin`diriwge, olarda oqıwg`a, miynetke degen unamlı, sanalı mu`na`siybetlerdi ta`rbiyalawg`a alıp keledi ha`m kerisinshe ….

Pedagogikalıq iskerlik motivlerinin` mazmunı ta`lim-ta`rbiya isin jetiskenligin belgilewshi faktor esaplanadı.

Belgili, ta`lim-ta`rbiya protsessin jetilistiriw ha`m onı kayta qurıw oqıtıwshı shaxsı aldına u`lken wazıypalar ha`m talaplar qoyadı.

1. Oqıtıwshı o`zinin` salamat dun`yag`a ko`z-qarası, anıq insanıy bag`darı, ideyalıq-siyasiy iseniminin` joqarı da`rejede ekknligi, o`z wazıypasın hujdanlı orınlawı;

2. Balalarg`a, pedagogikalıq miynetke mehr qoyıwı, balalar ja`ma`a`ti menen islew ham birge bolıwg`a uqıplılıg`ı;

3. Ta`rbiyalıq islerdin` sıpatına a`hmiyet beriw ha`m olardı o`mirge isenim menen ta`rbiyalaw;

4. Oqıtıwshılar, ata-analar ha`m tu`rli milletler arasındag`ı unamlı ha`m unamlı mu`na`siybetlerdi ornatılıwı;

5. Ta`lim protsessin jetilistiriw, oda oqıwshılardı biliw ha`m pikir ju`ritiw protsessin aktivlestiriw. G`a`rezsiz, aktiv ha`m do`retiwshilik oylawdı qa`liplestiriw;

6. Ta`lim protsessinde oqıwshılardı arnawlı ha`m ulıwma qa`biletlerin qa`liplestiriw;

7. Jaslardı miynetke qarag`anda sanalı mu`na`siybette bolıwın qa`liplestiriw uqıplılıg`ına iye bolıw;

8. Ta`limnin` mazmunın jetilistiriw ha`m intensivlestiriwde onı jan`a, na`tiyjeli metodların qıdırıp tabıw ha`m onnan paydalanıw;

9. Ta`lim-ta`rbiyanın` effektiv jolların taba biliw. Oqıwshılardın` psixologiyalıq qa`biletlerin tu`siniw ha`m og`an karap jeke mu`na`siybette bolıw;

10. Oqıwshılardı ha`zirgi zaman talabına muwapıq ta`rbiyalaw, o`z milletinin` u`rp-a`detleri, a`dep-ikramlılıqları ruwhında qa`liplestiriw sıyaqlı bir qatar wazıypalardı sheshe alatug`ın bolıwı lazım.

Bul wazıypalardı sheshiw tu`rli jag`daylarda tu`rlishe bolıwı mu`mkin.

1-jag`dayda: oqıtıwshının` professional bilimlerdi iyelewi, o`z u`stinde na`tiyjeli islewi, pa`n jan`alıqlarınan paydalanıwı, izleniwi, o`z bilimlerin o`z betinshe ra`wishte a`meliyatqa engiziw alıwı menen;

2-jag`day: oqıtıwshının` o`z betinshe, aktiv, do`retiwshilik penen isley biliwi:

3-jag`dayda: oqıwshılar iskerligin analiz etiwi, onın` unamlı ha`m unamsız ta`replerin u`yreniw, olardan o`z isinde paydalanıw yamasa kritikalıq ko`z-qarasqa bolg`an mu`na`siybetinde;

4-jag`day: oqıtıwshının` ta`lim – ta`rbiya isinde ju`z bergen kemshilikler ha`m olarg`a bolg`an mu`na`siybetleri, yag`nıy olardı joq ete alıw yamasa sabır-qanaat penen islew qa`biletinin` tu`rlishe bolıwı.

5-jag`day: oqıtıwshının` oqıwshı shaxsın tu`rlishe qa`liplestiriwge, olarda bilim, uqıp ha`m ko`nlikpelerdi payda etiwge bolg`an mu`na`siybeti onı ha`r ta`repleme keleshek iskerlikke tayarlaw da`rejesi menen baylanıslı. Bul jag`daylar oqıtıwshının` pedogogikalıq iskerligi mazmunın sho`lkemlestiredi.

Eger pedagogikalıq iskerlik: 1-den, pedagogikalıq bag`dardın` aktivligin; 2-den, ja`miyetlik buyırpalardı qanday orınlawdı, 3-den, shaxstı o`z ishine aladı. Pedagogikalıq iskerlik baska iskerlikler arasında en` quramalı ha`m ta`lim-ta`rbiya beriwden joqarı maqsetke qaratılg`an iskerlik. Sonın` ushın bul iskerliktin` tu`ri, du`zilisi ha`m oqıtıwshı shaxsı aldına koyılg`an ja`miyetlik talaplardın` qanshelli quramalıg`ın ko`rsetiwi mu`mkin.

Pedagogikalıq iskerlik tu`rlerine:

Ta`limlik iskerlik.

Ta`rbiyalıq iskerlik.

Sho`lkemlestiriwshilik iskerlik.

Jaratıwshılıq iskerlik.

O`z u`stindn islew iskerligi

Ma`slahat beriw, balalarg`a jol-joba ko`rsetiw iskerligi.

Pedagogikalıq iskerlik strukturasına:

Ta`lim-ta`rbiyalıq islerdin` maqset ha`m wazıypalarının` motivlerin anıqlaw;

Oqıwshılarg`a ta`lim-ta`rbiyalıq ta`sir ko`rsetiw usılların tan`lay alıw;

Oqıwshılardı qadag`alaw ha`m olardın` iskerligi, bilimlerin bahalay alıw kiredi.

Pedogogikalıq iskerliktin` bul strukturasında tikkeley onın` komponentleri:

1) konstruktiv,

2) sho`lkemlestiriwshilik,

3) kommunikativ iskerlikler jatadı. Sebebi, ta`lim-ta`rbiyanın` maqset ha`m wazıypalarının` motivlerin belgilew, og`an ta`sir etiwshi usıllardı tan`lap alıw, qollaw; oqıwshılardı qadag`alaw ha`m bilimlerdi bahalaw tikkeley oqıtıwshının` konstruktiv, yag`nıy ta`lim protsessin sho`lkemlestiriwge, onın` sho`lkemlestiriushiligi ha`m ta`limdi basqarıwı, oqıwshılar menen o`z-ara mu`na`siybeti ha`m olardın` bilimleri, imkaniyatların bahalay alıwg`a, oqıwshılar qa`lbine kire alıwına baylanıslı.

Konstruktiv komponentler – oqıtıwshının` sabaqtan tısqarı bolatug`ın ta`rbiyalıq islerdi islep shıg`ıw, og`an tiyisli bolg`an usıllar yamasa metodlardı tan`lay biliwi, okıwshılarg`a teren` bilim bere alıwı, sabaqtı aktivlestiriwi ha`m intensivlestiriw (tezletiw) jolların, mashqalalı jag`daylardı payda ete alıw ha`m onı oqıwshılar aldına qoya biliwdegi iskerlik komponenti.

Pedagogikalıq iskerliktin` bul komponenti mektepti reformalastırıw protsessinde ja`miyetimiz o`miri, rawajlanıwı ushın za`ru`r bolg`an ka`mil insandı ta`rbiyalawda oqıtıwshılar aldına u`lken talaplardı koyadı.

Sho`lkemlestiriwshilik komponenti – bul komponent penen baylanıslı bolıp, ol pu`tin oqıw iskerligi ha`m ta`rbiyalıq islerdi sho`lkemlestiriw uqıplılıg`ınan ibarat.

Sho`lkemlestiriwshilik iskerlikte u`sh bag`dar:

Bayan etiw,

O`z minez-qulqın sabaq ha`m ta`rbiyalıq islerde sho`lkemlestire biliw, baskarıw.

Oqıwshılar ha`m biliw iskerligin sho`lkemlestiriw mu`na`siybetleri a`melge asadı.

Oqıw ha`m biliw iskerligin sho`lkemlestiriwde oqıwshılardın` jeke is iskerligin sho`lkemlestiriw, ja`ma`a`t iskerligin, ata-analar ha`m mektepke ja`rdem beretug`ın sho`lkemler isin basqarıw ha`m sol iskerliktin` is mazmunın sho`lkemlestiredi.

Kommunikativ iskerlik – bul iskerlik okıtıwshının` oqıwshılar, ata-analar ha`m mektep administratsiyası menen o`z-ara mu`na`siybetlerin o`z ishine aladı.

Oqıtıwshı menen oqıwshılar arasındag`ı mu`na`siybet oqıw iskerliginin` mazmunın kanday bolıwın belgileydi.

A`sirese, baslawısh klass oqıwshıları oqıtıwshını tiykarınan, bilim da`rejesine qarap emes, al onın` sahawatlıg`ı, dıkkat-itibarı, emotsional mu`na`siybetlerine karap bahalaydı.

Oqıtıwshının` oqıwshılarg`a bolg`an emotsional mu`na`siybetlerin 5 tipke ajıratıw mu`mkin: 1)emotsional-unamlı belsendilik,

2) emotsional-unamlı passivlik,
3) emotsional-unamsız belsendilik,
4) emotsional-unamsız passivlik,
5) ten`sizligi …………….

unday mu`na`siybettin` ha`r biri balag`a tu`rlishe ta`sir ko`rsetedi ha`m o`z-ara mu`na`siybetlerdin` mazmunın, sıpatı quraydı. Oqıwshılar usı mu`na`siybetlerde qa`liplesedi.

Sh. Ha`r bir shaxstın` o`zine say o`zgesheligi ha`m bar. Biraq milliy mektep oqıtıwshısı shaxsının` o`zine say o`zgesheligi bar. Ha`r bir shaxstın` unamlı ha`m unamsız o`zgeshelikleri ha`m bar. Biraq milliy mektep oqıtıwshısı shaxsının` o`zine say o`zgeshelikleri ha`m sıpatları, qa`biletleri ha`m basqa insanlardan parık etiw kerek, ol ilajı barınsha bala ushın, oqıwshı (talaba) ushın ideal bolıwı, og`an eliklewge mu`na`sip bolıwii lazım. Sebebi oqıtıwshı kolında keleshek insannın` tag`diri jatadı (bunı qaytarıp ta`kirarlayman). Oqıtıwshı shaxsının` professional, yag`nıy ka`sipke bag`darlawshı sıpatları, en` da`slep, onın` bilim ha`m bilim beriwge bolg`an mu`ta`jligi, talant ha`m qa`bileti, a`dep-ikramlılıq sıpatları: hakqıyqıylıg`ı, pritsipiallıgı, talapshan`lıgı, miyirbanlıg`ı, o`z burshın seziw. Oqıtıwshının` professional a`hmiyetine iye bolg`an za`rur sıpatları – balanı su`yiwi, oqıwshının` ishki dun`yasın tu`siniwge ka`biletliligi, olarg`a maqsedke muwapıq pedagogikalıq ta`sir ko`rsetiwi, okıwshının` ha`zirgi waqıttag`ı psixologiyalıq jag`dayın tu`sinip, jas ha`mde jeke o`zgesheliklerin esapqa alıp is ko`riw. Rus jazıwshısı A. M. Gor`kiy A. S. Makarenko haqqında aytıp: «Ol, balalarg`a bolg`an haqıyqıy mehr otında janar edi» degen. Balalarg`a qarag`anda miyirbanlıq, haq niyetlilik, so`zsiz suyiw ataqlı pedagog V. A. Suxomlinskiydin` en` a`jayıp sezimleri edi, onın` o`zi ha`m, ka`lbinin` balalarg`a bolg`an miyrimi haqında jazıp bunday degen edi: «Ma`mleketimizdegi barlıq balalardı bawırıma basqım ha`m erkeletkim keledi» (Ta`rbiya haqqında, degen kitabınan. 1983).

Oqıtıwshı o`zinin` salamat dun`yag`a ko`z-qarası, anıq bag`darı, ideyalıq-siyasiy iseniminin` joqarılıg`ı menen basqalardan ajıralıp turıwı lazım. Oqıwshılarg`a, pedagogikalıq miynetke mehr koyıw, balalar ja`ma`a`ti menen islew ha`m birge bolıwg`a uqıplılıg`ı, oqıtıwshı ha`m oqıwshılar arasındag`ı o`z-ara tuwrı mu`na`siybette bolıw ha`m onın` za`rur sezimi ha`m ta`lim- ta`rbiyanın` jetiskenlikli belgileytug`ın za`rur faktor.

Haq niyetli pedagog bolıw ushın bul jetpeydi. Pedagog joqarıdag`ı ko`p g`ana sıpatlar menen birge o`zinin` professional iskerligi motivlerin an`lag`anlıg`ı za`rur. Oqıtıwshının` professional motivleri baska motivler sıyaqlı quramalı du`ziliske iye. Bug`an en` da`slep, oqıtıwshı ka`sibin tan`law motivi kiredi: 1) oqıtıwshı miynet protsessinde payda bolatug`ın motivler 2) pedagog iskerligin jetilistiretug`ın motivler. Usı motivler o`z burshın, juwapkershiligin seziwde watansu`yiwshilik ha`m internatsionalizm sezimleri mu`na`siybetler tikkeley qa`liplesedi.

Pedagogikalıq ka`sipti tan`law motivi balalar menen islewge qızıg`ıwshılıq, oqıtıwshılarg`a eliklew, sho`lkemlestiriwshilik qa`bileti bolıwın o`z ishine aladı. Pedagogikalıq ka`sipti tan`law motivi pedagogikalıq qa`bilet protsessinde, pedagogikalıq kolledj, pedagogikalıq institutlar ha`m universitetlerde oqıw dawamında payda boladı. Bunda oqıtıwshı ha`m ustazlardın` roli u`lken.

Bolajaq oqıtıwshı ne ushın bul ka`sipti taqlawdı biliwi kerek, sebebi pedagogikalıq ka`sipke bolg`an bag`dar, pedagogikalıq qa`bilettin` qa`liplesiwine sebep boladı.

Pedagogikalıq qa`bilet – bul shaxstın` aqılıy, emotsional-erklilik sezimlerin sa`wlelendiriw pedagogikalıq iskerlikke qızıg`ıwshılıq, umtılıw izleniw o`zgesheligi.

Psixologlardan F.N.Gonobolin, N.D Levitova İ.V.Straxovlar pedagogikalıq qa`bilettin` ko`p ta`repleme ekenligin ko`rsetip bergen. Olar oqıtıwshı bolıw ushın qanday da bir yamasa bir neshe sıpatlar jeterli emesligin ha`m oqıtıwshı to`mendegi qa`biletlerdi ko`rsetip beredi. Bularg`a:

Didaktikalıq qa`bilet-oqıtıwshının` oqıwshılarg`a jan`a bilimlerdi, informatsiyalardı tu`sinikli etip bayan etiwi.

Akademiyalıq qa`bilet – oqıtıwshının` o`zi oqıtatug`ın predmetine say ha`m og`an tikkeley kerek bolg`an pa`nlerdi biliwge bolg`an qa`bileti (Ma`selen, matematika, geometriya, algebra, astranomiya, fizika…)

Pertseptiv qa`bilet – oqıtıwshının` oqıwshılarg`a say o`zgesheliklerin, olardın` qızıgıwshılıqları ha`m imkaniyatların bilgen halda olardın` qa`lbine, ishki dun`yasına kiriw qa`bileti.

So`ylew qa`bileti – oqıtıwshının` oqıw materialın anıq ha`m tu`sinikli bayan ete biliw qa`bileti. So`ylew ja`rdeminde ha`m pantomimika quralında o`z sezimlerin tu`sindire biliw qa`bileti.

Sho`lkemlestiriwshilik qa`bileti – bul oqıwshılardın` qızıg`ıwshılıqları, idealları, bag`darları du`n`yag`a ko`z-qarasın esapqa alıp, ta`lim -ta`rbiya islerin sho`lkemlestiriw, oqıwshılardı baylanıstırıw, ja`ma`a`tti sho`lkemlestire alıw, o`z shaxsıy isin sho`lkemlestire alıw qa`bileti.

Avtoritar qa`bilet – oqıwshılarg`a tikkeley emotsional-erklilik ta`sir ko`rsetiw, olar arasında, pedagogikalıq ja`ma`a`t ortasında abıroyg`a iye bolıw qa`bileti. O`zinin` talapshan`lıg`ı, a`dilligi menen ja`ma`a`t arasında ajıralıp turıw qa`bileti.

Kommunikativ qa`bilet – bul oqıtıwshının` okıwshılar menen tuwrı mu`na`siybet ornata alıwı, oqıwshılarg`a tuwrı jantasıw jolın taba biliwi, o`z-ara unamlı mu`na`siybetler ornata alıw, olar menen birge bolıw qa`bileti.

Pedagogikalıq qıyal – ha`m pedagogikalıq qa`bilet quramına kiredi. Oqıtıwshı o`zi ta`lim-ta`rbiya berip atırg`an oqıwshısın qanday xarakterli o`zgeshelikke iye ekenligine qarap, onı keleshekte kim ha`m qanday insan bolıwın bile alatug`ın, onda qanday pazıyletler qa`liplesiwi mu`mkinligin aldınnan aytıp bere alatug`ın qa`bilet.

Dıqqattı sho`lkemlestire alıw qa`bileti – bul – (Krutetskiyning «Ped. psixologiyaning asoslari» kitabında Straxov İ.V bunı – dıqqattı bo`listire alıw qa`bileti – deb ko`rsetedi) – oqıtıwshının` o`zi ha`m oqıwshılar dıqqatın sho`lkemlestire alıw, oqıwshılardın` ha`r qıylı dıqqat tu`rleri jag`daylarınan paydalana alıw, o`z dıqqatın sabaq protsessinde bo`listire alıw ha`m onda bir kerekli ob`ektti, oqıwshını dıqqat itibarınan tu`sirip qaldırmaw qa`bileti. Oqıtıwshı usı qa`biletke iye bolg`anda g`ana, ol ta`lim protsessin jetiskenli sho`lkemlestire aladı.

Pedagogikalıq qa`biletlerdi qa`liplestiriw ushın: 1) talaba yamasa oqıtıwshı tınbay o`z u`stinde islewi, shınıg`ıwı, 2) izleniwi, 3) ta`limnin` na`tiyjeli metodlarınan paydalanıwı, 4) pedagogikalıq iskerlikte ha`mme waqıt aktiv qatnasıwı, 5) oqıtıwshılardın` sabaqlarına kirip, analiz etip, onnan o`zine tiyisli juwmaqlar shıg`arıp alıwı, 6) iskerlik protsessinde payda bolatug`ın qıyınshılıqlarg`a shıdam beriwi tosıqlardı joq etiw, 7) o`z aldına qoyg`an joqarı maqsetti qolg`a kiritiwge ha`r dayım umtılıwı ha`m ja`ne, ja`ne izleniwi, 8) o`z balası sıyaqlı su`yiw lazım, 9) baqlawshılıqtı rawajlandırıw ha`m t.b.

III. Oqıw iskerligi natiyjeliligin ta`miyinlewde oqıtıwshılar menen oqıwshılar arasındag`ı psixologo-pedagogikalıq ma`seleler za`rur.

Oqıtıwshı menen oqıwshı arasındag`ı o`z-ara mu`na`siybet en` da`slep, oqıtıwshının` jaslıq ha`m jeke mu`na`siybetlerin esapqa alg`an halda bolıwına tiykarlanıwı lazım. Bunın` ushın baslawısh klass oqıwshısı I-klassqa kelgen oqıwshılardı baqsha da`wirindegi o`zgesheliklerdi aldın alıw, unamlı mu`na`siybetler onın` pikirlerin bilip alıwı ha`m og`an azar bermegen ha`lda ta`sir ko`rsetiw talap etiledi. Bul orında oqıtıwshının` pedagogikalıq a`debi u`lken a`hmiyetke iye.

Pedagogikalıq a`dep ne?

Pedagogikalıq a`dep – bul o`zin pedagogikalıq ja`ma`a`t ha`m oqıwshılar ja`ma`a`ti arasında tuta biliwi, o`z juwapkershiligin sezgen halda pedagogikalıq iskerlikke mu`na`siybette bolıw, oqıtıwshının` oqıtıwshılar ha`mde oqıwshılar menen tuwrı ha`m unamlı mu`na`siybette bolıwı, okıwshı shaxsın hu`rmet etiwi, a`dep-ikramlılıq kag`ıydalarına a`mel etken halda is ko`riwi, olarg`a g`amxor bolıw.

Pedagog oqıtıwshıg`a ta`sir ko`rsetiwshi en` na`tiyjeli usıllardı taba alıwı, ta`rbiyalıq ta`sir usılların qollawda pedagogikalıq qo`z-qarastan en` jaqsı sharag`a a`mel ete biliwi, konkret pedagogikalıq wazıypanı, oqıwshı shaxsının` o`zgeshelik ha`m imkaniyatların ham belgili pedagogikalıq jag`daydı esapqa alıp is ko`riwi maqsetke muwapıq.

Oqıwshılar menen bolg`an mu`na`siybette ha`m qa`legen pedagogikalıq ta`sirdi qollawda normanı seziw, arzımag`an is ushın kopal ha`m oqıwshını qapa etetug`ın da`rejede kritikalaw, oqıwshılarda narazılık, kewil qalıwshılıqtı payda etiw ha`m haqıqıy pedagogtın` isi emes.

Oqıwshılar menen bolg`an mu`na`siybette oqıtıwshını a`dalatlıg`ı ayrıqsha orın iyelleydi. A`dalatlı mu`na`siybet oqıwshılardı oqıtıwshıg`a jaqınlastıradı. Onın` abıroyın osıradı ha`m bunday oqıtıwshıg`a qarag`anda oqıwshılarda xu`rmet sezimi oyanadı. A`dalatsızlık – ha`mme waqıt jaman a`qibetlereg alıp keledi ha`m bunday sıpat ulıwma oqıtıwshıg`a jat bolıwı kerek.

Oqıwshılar oqıtıwshının` bosasg`anlıg`ın, iseniwshilik printsipsizligin, eriksizligin jaqtırmaydı. Oqıwshılar qopallıq penen ma`jbu`r etpesten, qorıkpastan, sonday-aq kereksiz hu`jjetlestiriwsiz talap ete alatug`ın oqıtıwshılardı ju`da` hu`rmet etedi.

Demek, oqıtıwshı menen oqıwshılar arasındag`ı o`z-ara unamlı mu`na`siybet, bir-birin tu`singen halda is ko`riw, oqıwshının` psixologiyalıq o`zgesheliklerin itibarg`a alıp onı bahalaw, pedagogikalıq bahag`a qarag`anda a`dillik, bala shaxsiyatın kemsitpey is ko`riw pedagogikalıq a`dep ha`m mu`na`siybetlerdin` tiykarın sho`lkemlestiredi. Oqıtıwshı o`z-ara mu`na`siybetlerdi basqarıw ushın en` da`slep, mine usı mu`na`siybettin` sebebi ha`m xarakterin biliwi sha`rt. Sonın` ushın ha`m ha`zirgi ku`nde rus psixologları (Ya.L.Kolominskiy, V.M. Galuzinskiy ha`m t.b.) oqıtıwshı ha`m oqıwshılar arasındag`ı mu`na`siybetlerdi xarakteri ma`selesin u`yrenip, onda oqıwshı haqqında juwmaq shıg`arıwg`a asıqpaw, onı tu`rli iskerlikler protsessinde baqlaw, jalqaw, ta`rtipsiz oqıwshılardın` ishki dun`yasın tu`sinip, olardı qızıqg`ıwshılıq ha`m idelların, psixologiyalıq bag`darın, dun`yag`a ko`z-qaras ha`m isenimin bilip, og`an ta`sir ko`rsetiw ha`m onda haq kewillikke – bul arqalı talapshan`lıqqa itibar bergen halda mu`na`siybet kirisiw maqsetke muwapıqlıg`ın ko`rsetip beredi.

Oqıtıwshının` oqıwshılar menen bolatug`ın qarım-qatnasqa kirisiw maqsetke muwapıqlıgın ko`rsetip beredi.

Oqıtıwshının` oqıwshılar menen bolatug`ın mu`na`siybet usılı sonday bolıwı lazım. Ol kerek ha`m kerek bolmag`an iske aralaspawı, mektep turmısındag`ı isler, ha`r tu`rli jag`daylarg`a sabır, shıdam menen mu`na`siybette bolıwı, balalardı islerine ilajı barınsha aralaspaw, ol yamasa bul is ilajlardı sho`lkemlestiriwde baslama ko`rsete bermewden ibarat (baslama balalardan shıg`ıw kerek). Oqıtıwshı mektep administratsiyasının` joqarıdan, mektep oqıtıwshılarının` «pa`srek»ten bolatug`ın ko`rgizbelerge qurdan qurı berile bermew lazım. Sebebi oqıtıwshı jan`alıqqa, o`z betinshelikke umtıla almaydı.

Ha`r qanday ish iskerlikte ol o`zinin` pedagogikalıq bilim ha`m uqıplılıqlardan paydalanatug`ın ha`m onı a`melde, mektep turmısına engize alatugın bolıwı lazım.

Oqıtıwshı oqıwshılarg`a psixologo-pedagogikalıq minezleme du`ziwde ha`m oqıwshılardı ha`r ta`repleme u`yreniwi, shan`araq sharayatı menen tanısıwı, onın` oqıwg`a ha`m predmetlerdi u`yreniwge, o`zlestiriwge bolg`an mu`na`siybetlerin; qabıl etiw, este saqlaw ha`m oylaw o`zgesheliklerin, miynetke bolg`an (sanalı, unamlı yamasa kerisinshe) mu`na`siybetin biliwi; oqıwshının` xarakter sezimleri, temperamenti ha`m arnawlı qa`bileti o`zgesheliklerin anıq bilip jazıwı lazım. Minezleme ob`ektiv xarakterge iye bolıwı ha`m onnan keleshekte basqa oqıtıwshılar paydalanıw imkaniyatına iye bolıwın na`zerde tutıp jazıwı sha`rt.

Oqıwshı shaxsın bahalaw oqıtıwshının` a`debi, pedagogikalıq taktine baylanıslı. Pedagogikalıq takt (lot. tastus – tiyiw, seziw, a`dep) a`tirapındag`ı insanlar menen mu`na`siybet

ha`m qarım-qatnasta bolıwda norma sezimlerine a`mel etiwden ibarat a`dep-ikramlılıq normasıd. Takt – shaxstın` aqılıy ha`mde a`dep-ikramlılıq ka`millik da`rejesin ko`rsetiwshi a`dep-ikramlılıq normadan shetke shıqpawı talap etiledi.

Mektepti reformalawda sharayatında oqıtıwshının` o`z u`stinde islewi ayrıqsha a`hmiyetke iye. Psixologiyalıq ko`z qarastan oqıtıwshı o`z u`stinde tınbay islewi, o`zinin` bilim ha`m uqıplılıqların ken`eytip barıwır onın` iskerliginin` tiykarın payda etedi. Sebebi: 1) o`z u`stinde islew, jan`alıqlar izlew oqıtıwshı aldına qoyg`an wazıypanı haqıyqıylıg`ın ashıp beriw; 2) oqıwshıg`a jan`a informatsiyalar beriw menen birge, onda usıg`an qarag`anda qızıg`ıwshılıqlar oyatıw, burın alg`an bilimlerine salıstırıp ko`riw; 3) o`z ka`sibine bag`dardı qa`liplestiriw imkaniyatın beredi.

O`z u`stinde islew arqalı oqıtıwshı onı pedagogikalıq iskerlikke engizedi. O`z u`stinde islew oqıtıwshı shaxsının` ka`sipke bag`darlang`an iskerliginin` mazmun ha`m sıpat ta`repten qayta kurıwg`a, ulıwma-siyasıy bilimlerin jetilistiriwge, pa`n tarawındag`ı jan`alıqlardı biliw ha`m onı turmısqa engiziwge, ma`deniy o`mirimizdegi jan`alıklar menen tanısıwg`a alıp keledi.

Oqıtıwshının` o`z u`stinde islewi, izleniwinin` konkret mazmunı ha`m forması bir qansha na`rselerge baylanıslı: jasqa, pedagogikalıq ta`jiriybege, jasaw sharayatına, oqıtıp atırg`an predmetine baylanıslı.

Sonnı aytıw kerek, «umtılg`ang`a baxıt bag`adı» degenindey, oqıtıwshı izlense, o`z u`stinde islese ol ha`r dayım haq niyetli oqıtıwshı bolıwı mu`mkin.

A'debiyatlar


1. Nemov R. S. «Psixologiya» T. 1.M. 1998.
2. Gamezo A. «Atlas po psixologii» Moskva 2001y.
3. Karimova V. M. «Psixologiya» T.Sharq 2002y.
4. Abramova G.S. Vozrastnaya psixologiya: Uchebnoe posobie dlya studentov vuzov.-M., “Izd-vo”2000.- 621s
5. Nemov R.S. Psixologiya. Ucheb.posobie dlya studentov vыssh.ped.ucheb.zaved. V 2 kn. Kn 2. Psixologiya obrazovaniya. –M., “Izd-vo”1994.-496s
6. Zimnyaya I.A. Pedagogicheskaya psixologiya: Uchebnik dlya vuzov. –M., “Izd-vo”2002.-384s
7. Ivanov P.I., Zufarova M. «Umumiy psixologiya» T., 2008 yil
8. Xaydarov F.I., Xalilova N.I. «Umumiy psixologiya» T.: TDPU 2010 yil

## 9-tema: Talabalar shaxsın u`yreniw metodları

**Reje:**

1. Joqarı mektepte shaxstı u`yreniw imkaniyatları
2. Shaxstı u`yreniw metodlarının` klassifikatsiyası
3. Talabalar shaxsın izertlewde qollanılatug`ın tiykarg`ı metodikalar
4. Talabada shaxs o`zgesheliklerinin` qa`liplesiw da`rejesi
5. Shaxs penen alıp barılatug`ın korrektsion isler

Joqarıda aytqanımızday, ha`r bir shaxs o`zine say qaytarılmas dun`ya. Dun`yada bir-birine uqsas bolg`an eki insandı tabıw ju`da` qıyın. Adam sırtqı kelbeti, boyı menen basqa bir insang`a uksawı mu`mkin, biraq minezi, temperamenti ha`m shaxs sıpatındag`ı o`zgeshelikleri ko`z-qarasınan bir qıylı insanlar bolmaydı. Ha`tteki, alımlar bir tuxımda rawajlang`an egizeklerde ha`m ju`da` ko`p ta`repten uqsaslıqtı anıqlag`an, shaxsıy sıpatlarındag`ı korrelyatsiyada bolsa geybir ayırmashılıqlar anıqlang`an.

Shaxs – qaytarılmas, ol o`z sapatları ha`m barlıg`ı menen siyrek ushırasadı. A`ne sol qaytarılmaslıq ha`m siyreklilik mu`na`siybetler onın` jeke psixologiyalıq o`zgeshelikleri jıyındısı jatadı. Sol orında bizler joqarıda ta`riyp bergen shaxs tu`sinigi menen bir qatarda isletiletug`ın ja`ne eki tu`sinikke ta`riyp beriw orınlı dep esaplaymız. Bul – «individ» ha`m «individuallık» tu`sinikleri. ***«İndivid»*** tu`sinigi ulıwma «adam» degen tu`sinikti toltırıp, onın` ja`miyetlik ha`m biologiyalıq tiri jan sıpatında barlıg`ın tastıyıqlaydı ha`m onı bir ta`repten, basqa adamlardan parıqlawshı belgi ha`m o`zgesheliklerin o`z ishine aladı, ekinshi ta`repten, o`zine ha`m o`zine uqsaslarg`a say bolg`an ulıwma ha`m xarakterli o`zgesheliklerdi qamrap aladı. Demek, individ – insang`a baylanıslı faktin tastıyıqlawshı ilimiy kategoriya.

***«İndividuallık»*** - joqarıdag`ı eki tu`sinikke qarag`anda tar tu`sinik bolıp, ol konkret adamdı basqa bir konkret adamnan parıqlawshı barlıq o`zine say o`zgeshelikler jıyındısın o`z ishine aladı. Sol ko`z-qarastan shaxs sistemasın analizleytug`ın bolsaq, shaxstın` individuallıg`ına onın` qa`biletleri, temperamenti, xarakteri, erklilik sıpatları, emotsiyaları, minez-qulqına say motivatsiya ha`m ja`miyetlik ustanovkaları kiredi. A`sirese sol aytıp o`tilgen kategoriyalar shaxstag`ı individuallılıktı ta`miyinlewshi kategoriyalar. Onın` ma`nisi sonda, boyı, eni, jası, shashının` ren`i, ko`z qarasları, barmaq ha`reketleri ha`m sog`an uqsas sıpatları bir qıylı bolg`an insanlardı tabıw mu`mkin, biraq xarakteri, qa`biletleri, temperamenti, iskerlik motivatsiyası ha`m basqalarg`a baylanıslı sıpatları jıyındısı bir qıylı bolg`an adamdı tabıw bolmaydı. Olar – individual.

*Qa`biletler* – shaxstag`ı sonday individual, sıpatlar, olar adamnın` ha`r tu`rli iskerliktegi ko`rsetkishleri, jetiskenlikleri ha`m qıyınshılıkları sebeplerin tu`sindirip beredi.

*Temperament* – insannın` tu`rli jag`daylarda na`rse, qublıs, jag`daylar ha`m insanlardın` is-ha`reketlerine qarag`anda reaktsiyasın tu`sindirip beriwshi o`zgeshelikleri jıyındısı.

*Xarakter* – shaxstın` ayrıqsha insanlar ha`m insanlar toparı, o`z-o`zine, jag`daylar, na`rseler ha`m qublıslarg`a qarag`anda mu`na`siybetlerinen arttıratug`ın sıpatların o`z ishine aladı.

*Erklilik sıpatlar* – ha`r birimizdin` o`z aldımızg`a maqset qoyıp, og`an erisiw jolındag`ı qıyınshılıkların jen`iwimizdi ta`miyinlewshi belgili sıpatlarımız jıyındısın o`z ishine aladı.

*Emotsiyalar ha`m motivatsiya* bolsa a`tirapımızda ju`z berip atırg`an qublıslar, bizdi qorshap turg`an adamlar ha`m olardın` is-ha`reketlerin ruwhıy qanday qabıl etip, olarg`a bildiretug`ın sezimlik mu`na`siybetlerimizdi bildiriwshi sıpatlarımız bolıp, olar jag`daylardag`ı real jag`daylarımızdan ha`m olardın` sanamızda sa`wleleniwinen kelip shıg`adı.

*Ja`miyetlik ustanovka* – joqarıdag`ı barlıq o`zgeshelikler kompleksine iye insannın` tu`rli ja`miyetlik jag`daylardag`ı iskerlik ha`m ha`reketlerge ruwhıy tayarlıg`ı ha`m mu`na`siybet bildiriw usılınan kelip shıg`atug`ın teren ishki jag`dayı.

Bizler joqarıda sanap o`tken individual psixologiyalıq o`zgesheliklerdin` a`hmiyeti u`lken. Olar bizlerdin` ja`miyettegi ornımız, abıroy -itibarımız, jumıstag`ı ha`m oqıwdag`ı jetiskenliklerimiz kelbetimizdi, kim ekenligimizdi, kerek bolsa, o`zligimizdi belgileydi. Kim menen qaerde ushıraspaylıq, sol insannın` bugungi jag`dayı, keypiyatı, bizlerge ha`m bizler

bildirip atırg`an pikirlerge mu`na`siybeti, birgelikte islew tileklerine ha`r dayım itibar beremiz ha`m bul ma`sele bizler ushın za`ru`r boladı.

Demek, individual sıpatlar bizlerdin` sanalı o`mirimizdin` ajıralmas bo`legi, erkimiz, yadımız ha`m pikirlerimiz bag`darlangan *za`rur predmet* eken. Sebebi a`sirese olar bizlerdin` tu`rli iskerliklerdi a`melge asırıw ha`m islerdi orınlawdag`ı individual usılımızg`a tikkeley baylanıslı. Birewler ju`da` shaqqan, tez jumıs isleydi, biraq sıpatsız. Birewler ju`da` jaqsı jumıs isleydi, biraq ju`da` a`sten, ayrımlar iske ju`zegi qarap, atına onı orınlasa, basqa birewler og`an pu`tin denesi ha`m isenimi menen mu`na`siybette bolıp, tınımsız izlenedi ha`m ja`miyet ushın ma`plerdi qıdıradı. Sonın` ushın ha`m individuallıktın` iskerlik ha`m qarım-qatnastag`ı natiyjesin inabatqa alıp, en` za`ru`r individual-psixologiyalıq o`zgesheliklerdi ayrıqsha u`yrenemiz.

**Shaxs ku`shi ha`m qa`biletler diagnostikası.** Adamlardın` oqıw, miynet ha`m do`retiwshilik iskerliktegi o`zine sa`ykeslikti tu`sindiriw ushın psixologiya pa`ni birinshi na`wbette qa`biletler ha`m ku`sh ma`selesine mu`ra`jat etedi. Sebebi qa`biletli adamnan en` da`slep ja`miyet ma`pleri, qalaberse, sol insannın` o`zi ha`m islegen ha`r bir ha`reketinen o`zi ushınma`p ko`redi.

Qa`biletler mashqalası en` da`slep insan aqılının` sıpatı, ondag`ı uqıp, ko`nlikpe ha`m bilimlerdin` barlıgı ma`selesi menen baylanıslı. A`sirese, bir ka`siptin` iyesi bolıw tilegindegi ha`r bir jastın` aqılı ha`m intellektual da`rejesi onın` uqıplı qa`nige bolıp jetisiwin kepilligi ushın ha`m psixologiyada ko`birek qa`bilet tu`sinigi aqıl zakovat tu`sinigi menen baylanıstırıp u`yreniledi, ha`r bir normal adam o`zinin` aqıllı bolıwın qa`leydi, «Men aqıllıman» demese-de, islegen barlıq isleri, aytqan so`zi, ju`ritken pikirleri menen a`sirese sol sıpat penen adamlar onı maqtawların qa`leydi. «Aqılsız, bilimsiz» degen sıpat bolsa ha`r qanday adamdı, xatteki, jas balanı ha`m qapa etedi. Ja`ne sol na`rse xarakterli, a`sirese, bizlerdin` Shıg`ıs xalıqlarında bir insang`a «o`te aqıllı» yamasa «o`te bilimsiz» tu`sinikleri ha`m isletilmeydi, bizler bul o`zgesheliklerdi ortasha toparlaw shen`berinde isletemiz.

İlim-pa`ndegi da`sturler sonday, aqıl ha`m qabıl etiw ma`selesi, adamnın` intellektine baylanıslı sıpatlar ju`da` ko`plep izertlewler ob`ekti bolg`an. Alımlar qa`biletlerdin` rawajlanıw mexanizmleri, olardın` psixologiyalıq quramı ha`m sistemasın anıqlawg`a, isenimli metodikalar jaratıp, ha`r bir insannın` aqılı sıpatına baylanıslı bolg`an ko`rsetkishti o`lshewge urıng`an. Ko`pshilik alımlar adam intellektinde onın` verbal (yag`nıy so`zlerde ta`riyplengen), mug`dar (sanlarda ta`riyplengen), ken`islik ko`rsetkishlerdi anıqlap, olarg`a ja`ne logika, yad ha`m qıyal protsessleri menen baylanıslı ta`replerin ha`m qosgan.

Ch.Spirmen faktorial analiz metodı ja`rdeminde joqarıda sanap o`tilgen ko`rsetkishler ortasında baylanıs barlıg`ın da`lillep, aqıldın` haqıyqattan ha`m quramalı du`ziliske iye bolg`an psixikalıq o`zgeshelik ekenligin ko`rsetedi. Basqa bir alım Dj.Gil`ford bolsa aqıldi bir qatar aqılıy operatsiyalar (analiz, sintez, salıstırıw, abstraklastırıw, ulıwmalastırıw, sistemag`a salıw, klassifikatsiya etiw) na`tiyjesinde payda bolatug`ın o`zgeshelik sıpatında u`yreniwdi usınıs etedi. Bul alımlar aqıl so`zinen ko`ra intellekt so`zin ko`birek isletip, bul so`zdin` o`zine say ta`riypi barlıg`ına itibardı qaratqan. Sebebi olardın` pikirinshe, intellektual potentsialga iye bolg`an shaxst g`ana qa`biletli, dep ataw mu`mkin. İntellektual potentsial bolsa bir ta`repten o`mirdegi barlıq protsesslerge, basqa ta`repten– shaxsqa tikkeley baylanıslı tu`sinik sıpatında qaralg`an ha`m onın` a`hmiyeti sonda, ol barlıqtı ha`m bolatug`ın qublıslardı aldınnan boljawg`a imkaniyat beredi. Sol orında «intellekt» so`zinin` leksikalıq ma`nisin tu`sinip alayıq. İntellekt – latınsha so`z – intellectus – tu`siniw, biliw ha`m intellectum – aqıl so`zleri negizinen payda bolg`an tu`sinik bolıp, ol aqıl-eriktin` sonday bo`legi, onı o`lshep, o`zgertip, rawajlandırıp boladı. Bul – intellekt ha`m ol menen baylanıslı qa`biletler ja`miyetlik xarakterga iye ekenliginen derek beredi. Qa`biletler ha`m intellektke tikkeley sırtqı ortalıq, ondag`ı insaniy mu`na`siybetler, jasaw da`wiri ta`sir ko`rsetedi. Buni bizler bu`gingi ku`nimiz mısalında ha`m ko`rip, sezip turıppız. Jan`a a`wlad wa`killeri – keleshegin XXI a`sir menen baylanıstırg`an wl-qızlardın` intellekt da`rejesi olardın` ata-babalarınan bir qansha joqarı. Ha`zirgi balalar komp`yuter texnikasınan tartıp, texnikanın` barlıq tu`rleri ju`da` tez o`zlestirip almaqta, ja`han tillerinen bir neshewin biliw ko`pshilik ushın mashqala bolmay qaldı, mın`lap tapsırmalardan ibarat testlerdi

ha`m jaslar o`zlestiriwde qıynalmay atır. Eger bala shan`araqta erte jasınan ruwhıylıq ortalıg`ında ta`rbiyalansa, onın` dun`yag`a ko`z-qarası ken`, qa`legen taraw predmetlerinen beriletug`ın materiallardı ju`da` tez ha`m qıyınshılıqsız o`zlestire aladı. Ha`tteki, bunday balag`a joqarı oqıw ornında beriletug`ın ayrım predmetler mazmunı ha`m tu`sinikli, olar ja`nede quramalıraq ma`selelerdi sheshiwdi qa`leydi.

**Qa`biletlerdegi tuwma ha`m arttırılg`an sıpatlar.** Geyde talantlı ha`m qa`biletli bala haqqında ga`p bolsa, ondag`ı bul sıpat tuwma ekenligine ko`rsetedi. Ulıwma qa`biletlerdin` tuwma yamasa arttırılg`an ekenligi ma`selesi ha`m alımlar dıqqat orayında bolg`an mashqalalardan biri. Psixologiyada tuwma talantı bar jeke sıpatlar uqıplılıqlar dep aytıladı ha`m onın` eki tu`ri parıqlanadı: ta`biiy ukıplılıq ha`m ja`miyetlik ukıplılıq. Birinshisi adamdag`ı tuwma o`zgesheliklerden – joqarı nerv sisteması iskerliginin` o`zgeshelikleri, miydin` yarım sharlarının` qanday islewi, qol-ayaqlardın` biologiyalıq ha`m fiziologiyalıq sıpatları, biliw protsesslerin ta`miyinlewshi seziw organları – ko`z, qulaq, murın, teri sıyaqlılardın` o`zgesheliklerinen kelip shıqsa (bular na`sillik ata-anadan genetikalıq ta`rizde o`tedi), ja`miyetlik uqıplılıq – bala tuwılıwı menen onı qorshag`an ortalıq, qarım-qatnas usılları, so`ylesiw ma`deniyatı, qa`biletin rawajlandırıw ushın za`ru`r shart-sharayatlar (olar ata-ana ta`repinen jaratıladı). Uqıplılıq belgisi – bul sol individke baylanıslı bolıp, ol bul eki uqıplılıq ortalıqtı tayar halında qabıl etedi.

Qa`biletsizlik ha`m intellekttin` pa`sligi sebeplerinen ha`m biri sol, a`ne sol eki tu`rli uqıplılıq ortasında parıq bolıwı mu`mkin. Ma`selen, a`jayıp su`wretshi shan`arag`ında bala tuwıldı dep aytayıq. Onda su`wretshilik ushın tuwma, genetikalıq belgiler atası ta`repinen berilgen. Biraq balanın` anası perzentinin` ha`m su`wretshi bolıwın qa`lemesligin, o`zine uqsaytug`ın qosıqshı bolıwın qa`lewi mu`mkin. Hayal balanı jaslıg`ınan tek g`ana muzıqa ortalıg`ında ta`rbiyalaydı. Ta`biiy uqıplılıqtın` rawajlanıwı ushın ja`miyetlik ukıplılıq ortalıg`ı joq, ja`miyetlik uqıplılıq o`siwi ushın bolsa ta`biiy, tuwma ukıplıılq joq bolg`anı sebepli, balada hesh qanday talant payda bolmawı, ol a`piwayı muzıkant yamasa qosıqshı bolıw menen shekleniwi mu`mkin. İntellekt testleri ha`m qa`bilettegi tuwma ha`m arttırılg`an belgilerdi u`yreniwdin` psixologiyalıq a`hmiyeti a`ne sonda. Erte jastan balanın` o`zindegi bar imkaniyatlardı rawajlandırıw sha`rt-sharayatın jaratıw isin tuwrı jolg`a qoyıw kerek.

Arttırılg`an sıpatı sol, bala bilim, uqıp ha`m ko`nlikpelerdi rawajlandırıwda ha`reket etpese, en` kushli tuwma uqıplılıq ha`m uqıplılıg`ınsha qalıp, ol talantqa aylanbaydı. En` talantlı, ataqlı shaxslardın` en` ullı isleri, erisilgen u`lken jetiskenliklerinin` tu`binde ha`m az bolsada uqıplılıq ha`m tiykarınan tınımsız miynet, umtılıw, do`retiwshilik ha`m bilimge qushtarlıq jatqan. Sonı ha`m umıtpaw kerek, qa`biletsiz adam bolmaydı. Eger shaxs adasıp, o`zindngi haqıyqıy talant yamasa uqıplılıqtı bilmey, ka`sip tan`lag`an bolsa, ta`biiy, ol a`tirapındag`ılarg`a uqıplılıqsız, qa`biletsiz ko`rinedi. Biraq negizinde nege onın` qa`bileti barlıg`ın o`z waqtında tuwrı anıqlay almag`anlıg`ı sebep ol bir o`mir sol toparg`a kirip qaladı.

Sonın` ushın ha`m ha`r bir sanalı insan o`zindngi qa`bilet ha`m ziyreklilikti erte jaslıqtan bilip, sol o`zi jaqsı ko`rgen, «ju`regi tartqan» is penen shug`ullansa, ha`m onnan qanaatlansa, qa`biletin o`stiriwge imkaniyat tawıp, jetiskenliklerge erisse, bizler onı ziyreklilik deymiz. Ziyreklilik – insannın` o`z is-ha`reketleri, bilimleri, imkaniyatları, uqıplılıqlarına karay sub`ektiv mu`na`siybet. Ziyrek adam genial yamasa talantlı bolmawı mu`mkin, biraq ol ha`r qanday iste ma`rtlik, shıdamlılıq, o`z-o`zin basqara alıw, baslama ko`teriw sıyaqlı pazıyletlerge iye bolıp, o`zleri shug`ullanıp atırg`an isti shın kewilden orınlaydı. Olar a`ne sonday ha`reketleri menen geyde talantlı, biraq kem ha`reket insanlardan ko`re ja`miyetke ko`birek payda keltiredi. Talantlı insanda talant iyesi bolıw imkaniyatı bar, talant – ha`r ta`repleme rawajlang`an, a`sirese ku`shli ha`m ta`kirarlanbas qa`bilet boladı. Ol tınımsız miynet, o`z qa`biletin jetilistirip barıw jolında barlıq qıyınshılıqlardı jeniw ha`m erki, pu`tin imkaniyatların jumsaw na`tiyjesinde qolg`a kiritiledi.

**Qa`biletlerdin` psixologiyalıq strukturası.** Qa`biletlar en` da`slep *ulıwma ha`m arnawlı* tu`rlerge bo`linedi ha`m ha`r birinin` o`z psixologiyalıq sisteması ha`m du`zilisi boladı. Shaxstın` ulıwma qa`biletleri ondag`ı sonday individual sıpatlar jıyındısı, olar adamg`a bir

qansha iskerlik tarawında ha`m jetiskenlikli xızmet ko`rsetiw ha`m na`tiyjelerge erisiwge imkaniyat beredi. Ma`selen, texnika joqarı oqıw orınları talabası ha`m ja`miyetlik-gumanitar, ha`m anıq pa`nler, ha`m texnika pa`nleri tarawındag`ı bilimlerdi o`zlestire aladı. Bunda og`an ulıwma bilimdanlık, so`ylew qa`biletleri, tırısqaqlık, shıdam, qızıg`ıwshılıq sıyaqlı bir qatar sıpatlar ja`rdem beredi.

Arnawlı qa`biletler bolsa belgili bir tarawda jetiskenliklerge erisiw, joqarı ko`rsetkishler ko`rsetiwge imkaniyat beriwshi sıpatlardı o`z ishine aladı. Ma`selen, sport tarawı menen buxgalterlik esap - kitap boyınsha islep atırg`an eki insanda o`zine say arnawlı qa`biletler bolmasa bolmaydı.

Ha`r bir qa`bilet o`zinin` sistemasına iye. Ma`selen, matematikalıq qa`biletti alatug`ın bolsak, onın` quramına ulıwmalastırırw uqıplılıqları, aqılıy protsesslerdin` iyiliwshen`ligi, abstrakt oylay alıw sıyaqlı bir qatar o`zgeshelikler kiredi. A`debiy qa`biletlerge olardan parıqlı, do`retiwshilik qıyal ha`m oylaw, yadtag`ı ashıq ha`m ko`rgizbeli obrazlar, estetikalıq sezimler, tildi jetik biliwge uqıplılq; pedagogikalıq qa`biletlerge bolsa – pedagogikalıq a`dep, baqlawshılıq, balalardı suyiw, bilimlerdi o`zgelerge beriwge mu`ta`jlik sıyaqlı bir qatar jeke ka`siyetler kiredi. Tap sog`an uqsaytug`ın barlıq qa`biletlerdi ha`m za`ru`r sıpatlar sistemasında analizlew mu`mkin ha`m bul u`lken ta`rbiyalıq a`hmiyetke iye boladı.

**Qa`biletler ha`m qızıg`ıwshılıqlar diagnostikası.** A`meliy psixologiyanın` bu`gingi ku`ndegi en` za`ru`r ha`m aktual wazıypalarınan biri uqıplılıq negizlerin erte jastan anıqlap, intellekt da`rejesine ko`re shaxs qa`biletleri bag`darın ashıp beriw. Sonın` ushın ha`m ha`zirgi ku`nde ko`plep intellekt testleri ha`m qa`biletlerdi diagnostika etiw usılları islep shıg`ılg`an ha`m olar jetiskenlikli ta`rizde a`meliyatta qollanılmaqta.

Qa`biletlerdi o`lshew mashqalası XIX a`sirdin` aqırı – XX a`sirdin` baslarına kelip izbe-iz sheshile baslandı. Shet elde bunday isler Spirmen, Bine, Ayzenk ha`m basqalar ta`repinen u`yrenilgen. Olar qa`biletler ha`m talanttı u`yreniw ushın arnawlı testlerden paydalang`anlar. Bul testlerdin` ulıwma negizi sonda, olarda tapsırmalar sisteması qıyınlasıp barıwshı testler – tapsırmalar batareyasınan ibarat boladı. Ma`selen, Ayzenknin` ataqlı intellekt testi 40 ta tapsırmadan ibarat bolıp, ol intellektual protsesslerdin` keshiw tezligin o`lsheydi. Bul jerde waqıt da`rejesi za`ru`r esaplanadı. Basqa avtorlar a`ste islew – qa`biletsizlik belgisi emes dep, basqa usıllardı oylap tapqanlar. Ko`pshilik alımlar ushın, ma`selen, rus alımları ushın qa`biletti o`lshewdin` isenimli da`rejesi – bul shaxs jetiskenliklerin ha`m onın` qa`biletindegi o`zgerislerdi tikkeley iskerlik protsessinde belgilew. Rus alımı E.A.Klimov jaslar talantının` bag`darın anıqlaw maqsetinde iskerlik ha`m ka`sip-o`ner tarawların tiykar etip alıp, metodika jarattı ha`m onı «Professional – diagnostik sorawnama» dep atadı. Solay etip, ol barlıq ka`siplerdi olardın` bag`darlang`an tarawına ko`re 5 toparga bo`ldi:

P (T) – ta`biyat (o`simlik, haywanlar, mikroorganizmler);

T – texnika (mashina, materiallar, energiyanın` tu`rleri);

Ch (A) – adam (adamlar toparı, ja`ma`a`t);

Z (B) – belgiler (tu`rli mag`lıwmatlar, belgili simvollar);

X (S) – a`debiy, do`retiwshilik obrazlar (suwretlew o`neri, muzıka).

Sorawnama tu`rli ka`siplerge uqıplılıqtı anıqlaydı. Og`an 20 ju`p sorawlar kiritilgen bolıp, tekseriliwshi arnawlı juwap betlerinde qay da`rejede ol yamasa bul shınıg`ıw tu`ri menen shug`ıllanıwg`a ukıplılıg`ın belgilewi kerek. Sebebi, sol is og`an ju`da` jaqsa, 3 ta «plyus», ulıwma jaqsa – 2 ta ha`m sa`l jaqsa – 1 ta plyus qoyadı. Jaqpasa, sa`ykes halda 3 ta, 2 ta ha`m 1 ta «minus» belgisin qoyıwı kerek.

**Temperament ha`m iskerliktin` jeke o`zgeshelikleri.** Shaxstın` jeke o`zgeshelikleri haqqında ga`p aytqanda, olardın` tuwma, biologiyalıq o`zgesheliklerine ayrıqsha itibar beriledi. Sebebi negizinde bir ta`repten shaxs ja`miyetlik tiri jan bolsa, ekinshi ta`repten– biologiyalıq bir pu`tinlik, tuwma sıpatlardı o`z ishine alg`an substrat – individ ha`m. Temperament ha`m ukıplılıqlar individtin` dinamikalıq o`zgeruwshen` psixikalıq iskerligi protsessin ta`miyinleushi sıpatlardı o`z ishine aladı. Bul sıpatlardın` a`hmiyeti sonda, olar shaxsta keyin ontogenetikalıq rawajlanıw protsessinde qa`liplesetugın basqa o`zgesheliklerge tiykar boladı. Adam

temperamentine baylanıslı sıpatlardın` o`zine sa`ykesligi sonda, olar adam bir iskerlik tu`rinen ekinshisine, bir emotsional jag`daydan basqasına, bir uqıplılıqlardı basqası menen almastırg`an paytlarda reaktsiyalardın` iyiliwshen` ha`m dinamikalıg`ın ta`miyinleydi ha`m sol qo`z qarastan qarag`anda ***temperament*** – shaxs iskerligi ha`m minez-qulqının` dinamikalıq (o`zgeruwshen`) ha`m emotsional-sezimlik ta`replerin xarakterlewshi jeke o`zgeshelikler jıyındısı.

Temperament o`zgeshelikleri shaxstın` ishki du`zilisi menen tikkeley baylanıslı bolıp, olardın` payda bolıwı onın` konkret jag`daylarg`a mu`na`siybeti, ekstremal jag`daylarda o`zin qanday tutıwdı belgilep beredi. Ma`selen, insan tu`rli jag`daylarda o`zin tu`rlishe tutadı: joqarı oqıw ornına talabalar qatarına qabıl etilgenligi haqqındag`ı xabardı esitken balanın` o`zin tutıwı, yamasa o`mirdin` awır sınawları (jaqın insannın` o`limi, jumıstan quwılıw, dostının` satqınlıg`ı sıyaqlı) paytında adam ıqtıyarsız payda bolatug`ın reaktsiyaları onın` temperamentinen kelip shıg`adı. Sonın` ushın ha`m eki jag`daydı ha`m kimdir awır-basıqlıq penen, basqası bolsa o`zin jog`altqanday da`rejede sezim menen basınan keshiredi. Sonın` ushın ha`m temperamenttin` shaxs qa`liplesiwi ha`m ja`miyetlik ortalıqta o`zine say da`rejeni iyellewindegi a`hmiyeti ju`da` u`lken. O`zin basıp alg`an, o`mir qıyınshılıkların sabır-bardash penen ko`teretug`ın insannın` adamlar arasındag`ı abıroyı ha`m ba`lent boladı. Bul onın` o`z-o`zine qarag`anda hu`rmetin ha`m asıradı, jumısqa, adamlarg`a ha`m zatlarg`a mu`na`siybetin jetilistirip barıwg`a imkaniyat beredi. Temperamenttin` ja`ne bir a`hmiyetli ta`repi sonda, ol turmıslıq waqıyalar ha`m jag`daylardı, ja`miyettegi ja`miyetlik toparlardı «jaqsı-jaman», «a`hmiyetli-a`hmiyetsiz» da`rejeleri mu`na`siybetlerdi ajıratıwg`a imkaniyat beredi. Yag`nıy, temperament adamnın` ja`miyetlik ob`ektlerge qarag`anda «sezgirligin» ta`rbiyalaydı, professional sheberlik ha`m ka`siplik uqıplılıg`ın asırıp barıwg`a ja`rdem beradi.

Temperament o`zgeshelikler negizinde tuwma esaplansada, shaxsqa tikkeley baylanıslı ha`m an`lanatugın bolg`anı ushın ha`m belgili ma`niste o`zgerip baradı. Sonın` ushın ha`m tuwılg`an paytında sangvinikke uqsas ha`reketler ko`rsetken balanı o`mirinin` aqırına shekem tek g`ana sondaylıg`ınsha qaladı, dep bolmaydı. Demak, ha`r bir temperament o`zgesheliklerin ha`m onın` shaxs sistemasına baylanısın biliw ha`m sog`an jarasa juwmaqlar shıg`arıw kerek.

Akademik S.Pavlov temperament o`zgesheliklerin belgilep beriwshi ush joqarı nerv sisteması qa`siyetlerin ajıratqan edi:

***ku`sh,*** yag`nıy nerv sistemasının` ku`shli qozg`atıwshılar ta`sirine shıdamlıg`ı, sog`an ko`re adamlardag`ı miynetke jaramlıg`ı, shıdam sıyaqlı sıpatlardın` payda bolıwı:

***ten` salmaqlılıq,*** yag`nıy nervtag`ı tormozlanıw ha`m qozg`alıw protsesslerinin` o`z-ara sa`ykesligi, sog`an ko`re, o`zin tuta alıw, basıqlık sıyaqlı sıpatlar ha`m olarg`a qarama-qarsı sıpatlardın` payda bolıwı;

***xa`reketshenlik,*** yag`nıy qozg`alıw ha`m tormozlanıw protsesslerindegi o`z-ara almasıw protsessinin` tezligi ha`m ha`reketshen`ligi ma`nisinde. To`mendegi su`wrette nerv protsessleri menen temperament tipleri ortasındag`ı o`z-ara baylanıs mu`na`siybetleri temperament tipleri sa`wlelendirilgen.

*1-suwret*

| **NERV SİSTEMASININ` TİPLERİ** | | | |
|---|---|---|---|
| Ten` salmaqlılıq | tensizlik | iner | ku`shsiz |
| Sangvinik | xolerik | flegmatik | melanxolik |
| **T E M P E R A M E N T** | | | |

Solay etip, nerv sisteması menen baylanıslı jeke sıpatlardı biliw sha`rt, sebebi olar tikkeley miynet ha`m oqıw protsesslerin ha`r bir insan ta`repinen, onın` ma`pelerine say ta`rizde sho`lkemlestiriwge xızmet etedi. Nervke baylanıslı bolg`an ta`biiy o`zgesheliklerimizdi ha`m ulıwma o`zgermes dep aytalmaymız, sebebi ta`biyatta o`zgermeytug`ın na`rsenin` o`zi joq.

Sonın` ushın ha`m aqırg`ı jıllarda o`tkerilip atırg`an izertlewlerde shaxs sistemasında sonday ma`qul, «turmıslıq ko`rsetkish» o`zgeshelikler sisteması u`yrenilmekte ha`m onda temperamentke baylanıslı sıpatlar ha`m na`zerde tutılmaqta. Ma`selen, V.S.Merlin temperamenttin` psixologiyalıq klassifikatsiyası ha`m olardın` turmıslıq jag`daylarda payda bolıwın basqarıw ma`selesinde ko`p jumıslar qılg`an. Onın` pikirinshe, insanda bar bolg`an belsendilik, basıqlık, emotsional sergeklik, sezimlerdin` tez payda bolıwı ha`m o`zgeriwshen`ligi, keypiyattın` turaqlılıgı, tınıshsızlık, jan`a iske kirisip ketiw, uqıplılıqlardın` tez payda bolıwı sıyaqlı bir qatar sıpatlar mu`na`siybetler shaxstag`ı sol ekstroversiya ha`m introversiya qa`siyetleri kiredi ha`m olardı ha`m o`zgertiw ha`m sol arqalı temperamentti basqarıw mu`mkin.

**Xarakter ha`m shaxs.** Ku`ndelik turmısımızda tilimizde «xarakter» so`zi en` ko`p qollanılatug`ın so`zlerden biri. Onı bizler ha`r dayım birewlerge baha bermekshi bolsaq isletemiz. Bul so`zdin` ma`nisin alımlar «basılg`an tamg`a» dep ha`m ta`riypleydi.

Xarakter – shaxstag`ı sonday psixologiyalıq, sub`ektiv mu`na`siybetler jıyındısı, olar onın` barlıqqa, adamlarg`a, predmetli iskerlikke ha`mde o`z-o`zine mu`na`siybetin ta`riypleydi. Demek, «mu`na`siybet» kategoriyası xarakterdi tu`sindiriwde tiykarg`ı esaplanadı. B.F.Lomovtın` aytıwınsha, xarakter shaxs ishki dun`yasının` tiykarın sho`lkemlestiredi ha`m onı u`yreniw u`lken a`hmiyetke iye. Mu`na`siybetlerdin` xarakterdegi ornı haqqında pikirler eken, V.S.Merlin olardın` mazmunında eki komponentti ajıratadı:

a. <u>**Emotsional-kognitiv**</u> – barlıq ortalıqtın` ha`r tu`rli ta`replerin shaxs qanday emotsional seziwi ha`m o`zinde sol a`lemnin` emotsional ko`rinisin jaratıwı;

b. <u>**Motivatsion-erklilik**</u> – belgili ha`reketler ha`m minez-qulıqtı a`melge asırıwg`a u`ndewshi ku`shler. Demek, bizlerdin` mu`na`siybetlerimiz belgili ma`nis ha`m mazmung`a iye bolg`an mu`na`siybetler bolıp, olardın` ha`r birinde bizlerdin` sezimlik keshirmelerimiz sa`wlelenedi ha`m xarakterimiz payda boladı.

Ataqlı rus alımı, psixologiya pa`ninin` metodologiyasın jaratqan S.L.Rubinshteyn shaxstın` o`zine sa`ykesligi ha`m xarakter sistemasında u`sh tiykarg`ı du`zilisti ajıratqan edi;

**Mu`na`siybetler ha`m bag`dar** shaxstag`ı tiykarg`ı ko`rinisler sıpatında – bul shaxstın` o`mirden neni ku`tiwi ha`m neni qa`lewi.

**Qa`biletler** a`ne sol tileklerdi a`melge asırıw imkaniyatı sıpatında – bul adamnın` nelerge uqıplı ekenligi.

**Xarakter** imkaniyatlardan paydalanıw, olardı ken`eytiwge qaratılg`an mudamı, turaqlı tendentsiyalar, yag`nıy bul adamnın` kim ekenligi.

Bul ko`z-qarastan qarag`anda ha`m, xarakter shaxstın` «denesi», barlıg`ı, konstitutsiyası. Xarakterdin` basqa jeke psixologiyalıq o`zgesheliklerden parqı sol, bul o`zgeshelikler bir qansha o`zgeriwshen` ha`m dinamikalıq, arttırılg`an. Sonın` ushın ha`m mekteptegi ta`limnen joqarı oqıw ornındag`ı ta`limge o`tiw faktinin` o`zi ha`m o`spirimde belgili ha`m za`rur o`zgerislerdi keltirip shıg`aradı.

Ulıwma, konkret shaxs mısalında alıp qaraytug`ın bolsaq, ha`r bir ayrıqsha ob`ektler, zatlar, qublıslarg`a say ta`rizde xarakterdin` ha`r tu`rli ta`repleri payda bolıwının` guwası bolıwımız mu`mkin. Ma`selen, u`yde u`lken jaslı ata-analar aldında ju`da` basık, ko`niwshen`, ha`r qanday buyırılg`an isti qarsılıqsız orınlaytug`ın insan, o`z ka`siplesleri arasında ha`r dayım o`z ko`z qarasına iye bolg`an, ga`pke usta, kerek bolsa, qaysar, batır bolıwı, ko`shede ja`ma`a`tshilik orınlarında biyg`am, biypa`rwalıq, bir menen jumısı joq insanday tuyiledi, o`zine qarag`anda bolsa ju`da` talapshan`, biraq egoist, o`z-o`zine bahası joqarı bolıwı mu`mkin. Demek, xarakterdin` psixologiyalıq sistemasın analizleytug`ın bolsaq, onın` barlıqtag`ı ob`ektler ha`m predmetli iskerlikke qarag`anda a`melge asırıw maqsetke muwapıq. Sonın` ushın ha`m psixologiyada xarakterdin` to`mendegi sisteması bolıp tabıladı:

Miynet iskerlikte payda bolatug`ın xarakter o`zgeshelikler – miynetsu`yiwshilik, miynetkeshlik, baslama ko`teriwshi, jumısqa uqıplı, qa`biletli, juwapkershilik, erinsheklik, turaqsızlıq ha`m basqalar.

İnsanlarga qarag`anda bolg`an mu`na`siybetlerde payda bolatug`ın xarakter sıpatları – *a*`deplilik, miyirbanlık, takt, albıraw, zerigiw, qarım-qatnasqa kirisiwshen`lik, al`truizm, g`amxorlıq ha`m basqalar.

*O`z-o`zine mu`na`siybetke baylanıslı xarakter sipatları* – kemtarlık, kishipeyillik, maqtanısh, o`z-o`zin kritikalaw, uyat, mensinbew ha`m basqalar.

*Zatlarg`a ha`m qublıslarg`a mu`na`siybetlerde payda bolatug`ın o`zgeshelikler* – ta`rtiplilik, aqıllıq, puxtalıq, qolı ashıqlıq, sıqmarlıq, u`nemshilik, tazalıq ha`m basqalar.

Joqarıda sanap o`tilgen sıpatlar negizinde shaxstın` o`mirdegi bag`darlarınan kelip shıg`adı. Sebebi bag`dar – adamnın` barlıqqa qarag`anda tan`lawshan` mu`na`siybetinin` sa`wleleniwi. Bunday bag`dar ha`r tu`rli formalarda payda boladı: dıqqatlılık, qızıg`ıwshılıq, ideallar, isenim ha`m sezimlerde.

Xarakter o`zgesheliklerinin` nelerde payda bolıwı, olardın` belgileri ma`selesi ha`m a`meliy ta`repten za`rur.

Da`slep xarakter insannın` is-*ha`reketleri ha`m a`mellerinde payda boladı* – adamnın` sanalı ha`m maqsetke qaratılg`an ha`reketleri onın` **kim** ekenliginen derek beredi.

*So`zdin` o`zgeshelikleri* (ba`lent dawıs penen yamasa a`sten so`ylewi, tez yamasa basıqlıg`ı, emotsional bay yamasa jansız) ha`m xarakterdin` bag`darın belgileydi.

*Sırtqı kelbet* – ju`zinin` ashıq yamasa a`depsiz ekenligi, ko`zlerinin` haq niyetli yamasa ta`rbiyasız, ka`dem basıu`ları – tez yamasa basık, mayda qa`dem yamasa a`jayıp ko`rinisli, turıwı – a`hmiyetli yamasa a`depli, bulardın` ha`mmesi xarakterdi sırttan baqlap u`yreniw belgileri.

Biraq xarakter ha`m onın` rawajlanıwı, payda bolıwı ushın ulıwma nızamlıılq sol, ol sırtqı ortalıq ta`sirinde, ha`r tu`rli mu`na`siybetler sistemasında qa`liplesedi xa`m sharayatlar o`zgeriwi menen o`zgeredi. Ha`r bir ka`sip-o`ner o`zinin` talapları jıyındısı– professogrammasina iye, ol sol ka`sip penen shug`ıllanıp atırg`anlardan o`zine say psixologiyalıq ta`repler ha`m qa`siyetler bolıwı kerek (psixometriya). Sonın` ushın ha`m shıpakerdin`, oqıtıwshının`, injenerdin`, a`skerlerdin`, artistlerdin` ha`m basqalardın` professional sıpatları haqqında ayrıqsha aytıladı. A`ne sol ka`sip iyeleri, olardın` jumıs waqıttında ko`rsetetug`ın jekeligi ishinde bolsa xarakterdin` o`zine sa`ykesligi u`lken a`hmiyetke iye ha`m bunı tek g`ana shaxstın` o`zi emes, al onı qorshap turg`an basqalar ha`m jaqsı biliwleri kerek.

A’debiyatlar


1. Nemov R. S. «Psixologiya» T. 1.M. 1998.
2. Gamezo A. «Atlas po psixologii» Moskva 2001y.
3. Karimova V. M. «Psixologiya» T.Sharq 2002y.
4. Abramova G.S. Vozrastnaya psixologiya: Uchebnoe posobie dlya studentov vuzov.-M., “Izd-vo”2000.- 621s
5. Nemov R.S. Psixologiya. Ucheb.posobie dlya studentov vыssh.ped.ucheb.zaved. V 2 kn. Kn 2. Psixologiya obrazovaniya. –M., “Izd-vo”1994.-496s
6. Zimnyaya I.A. Pedagogicheskaya psixologiya: Uchebnik dlya vuzov. –M., “Izd-vo”2002.-384s
7. Ivanov P.I., Zufarova M. «Umumiy psixologiya» T., 2008 yil
8. Xaydarov F.I., Xalilova N.I. «Umumiy psixologiya» T.: TDPU 2010 yil